देशक गप गामक भाषा मे

समदिया मिथिला

शुक्र
30 अक्टूबर, 2026
पटना

कार्तिक, कृष्ण पक्ष, पंचमी, संवत् : 2083

समदिया मिथिला

देशक पहिल मैथिली दैनिक

RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 17, अंक : 50 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com मूल्य : 4:00

एमएलसी चुनाव : मिथिला मे भाजपा-कांग्रेसक सूपड़ा साफ, दरभंगा स्नातक सीट सं राजद जीतल

सर्वेश कुमारक शुरुआती बढ़तक बाद अंतिम चरण मे अनिल कुमार झा कें भेटल जीत

- **पहिलुका बढ़त सर्वेश कें, अंतिम बाजी अनिल झाक नाम, दोसर वरीयताक मत पलटि देलक चुनावी गणित**

दरभंगा, कृष्ण मोहन मिश्रा

बिहार विधान परिषदक दरभंगा स्नातक निर्वाचन क्षेत्रक चुनाव परिणाम एहि बेर लंबा प्रतीक्षा, उतार-चढ़ाव आ रोमांचक मतगणनाक कारण राज्यक राजनीतिक गलियारा मे चर्चाक केंद्र बनल रहल। भारतीय जनता पार्टीक प्रत्याशी सर्वेश कुमार आ राजद समर्थित अनिल कुमार झाक बीच मुकाबला एतेक निकट रहल जे पहिल वरीयताक मतगणना पूरा भेलाक बादो हार-जीतक फैसला नहि भए सकल। अंततः दोसर वरीयताक मतगणना मे चुनावी समीकरण बदलि गेल आ तारडीह प्रखंडक ठेंगहा गाम निवासी अनिल कुमार झाक जीतक सूचना भेटिते हुनकर समर्थक सभ मे उत्साहक लहरि दौड़ि गेल।

मतगणनाक शुरूआती चरण सं बुधदिन देर राति धरि सर्वेश कुमार बढ़त बनौने छलाह। बुधदिन राति पहिल वरीयताक मतगणना पूरा भेलापर भाजपा प्रत्याशी सर्वेश कुमार कें 16,115 मत भेटल छलनि, जखन कि अनिल कुमार झा कें 14,615 मत प्राप्त भेल छलनि। एहि तरहें पहिल वरीयता मे सर्वेश कुमार 1,500 मत सं आगू छलाह। जन सुराज पार्टीक प्रत्याशी मोहम्मद इम्तियाज नूरानी 10,227 मत लए कए तेसर स्थान पर छलाह। कोनो प्रत्याशी कें निर्धारित कोटा नहि भेटलाक कारण मतगणना दोसर वरीयताक मत धरि पहुंचल।

कुल 69,141 मतपत्रक गिनती मे 63,820 मत वैध आ 5,321 मत अवैध पाओल गेल। जीत लेल 31,911 मतक कोटा निर्धारित छल। एहि कारण कम मत पाबयबला प्रत्याशी सभ कें क्रमशः बाहर कयल गेल आ हुनका सभक मतपत्र पर अंकित अगिला वरीयताक आधारपर मत हस्तांतरित कयल गेल। एहि प्रक्रिये मे चुनावी समीकरण बदलैत रहल आ मुकाबला अंतिम समय धरि रोमांचक बनल रहल।

आब जनताक भरोस पर ठाढ़ उतरबाक चुनौती

अनिल कुमार झाक जीतक सूचना भेटिते हुनकर गृह क्षेत्र ठेंगहा सहित समर्थक सभ मे उत्साह देखल जा रहल अछि। हुनकर राजनीतिक जीवन मे ई उपलब्धि नव जिम्मेदारीक शुरुआत सेहो अछि। स्नातक मतदाता जाहि अपेक्षा आ भरोसक संग मतदान कयने छलाह, से पूरा करब आब हुनकर प्राथमिक जिम्मेदारी होयत। विधान परिषद मे स्नातक मतदाता सभक समस्या, उच्च शिक्षा, रोजगार, युवासभक अवसर आ क्षेत्रीय विकास जेकां मुद्दापर हुनकर सक्रियता पर सबहक नजरि रहत। चुनाव जीतब लोकतांत्रिक प्रक्रियाक एकटा पड़ाव अछि, मुदा जनताक भरोस बनौने राखब दीर्घकालीन जिम्मेदारी अछि।

राजनीतिक आरोप-प्रत्यारोपक बीच प्रशासनक परीक्षा

मतगणना मे देरी आ लगातार बदलैत रुझानक बीच राजनीतिक तनाव सेहो देखल गेल। मतगणना केंद्र पर किछु एजेंट कें हिरासत मे लेल जयबाक खबरिक बाद राजद खेमा मे रोष बढ़ल। राजद नेतासभ मतगणना प्रक्रिया पर सवाल उठौलनि आ आंदोलन करबाक चेतावनी देलनि। तेजस्वी यादव आ पूर्व मंत्री ललित कुमार यादवक दिस सं लोकतांत्रिक प्रक्रिया आ निष्पक्षता कें लए कए व्यक्त चिंता सेहो एहि चुनाव कें राजनीतिक रूप सं संवेदनशील बना देलक। जिला प्रशासन कड़ा निगरानी मे मतगणना प्रक्रिया संचालित कयलक। लंबा समय धरि चलल गणना, प्रत्याशी सभक प्रतिनिधिक उपस्थिति आ तनावपूर्ण माहौल मे चुनाव कर्मी सभ कें लगातार सतर्क रहय पड़लनि। प्रशासनक भूमिकाक अंतिम मूल्यांकन आधिकारिक प्रक्रिया आ दर्ज शिकायत सभक निष्पादनक आधार पर होयबाक चाही। ई चुनाव इहो देखौलक जे संवेदनशील राजनीतिक परिस्थिति मे पारदर्शिता, स्पष्ट सूचना आ समय पर संवाद कतेक जरूरी अछि।

सोशल मीडिया पर उठैत रहल अफवाह

लंबा मतगणनाक दौरान सोशल मीडिया पर अलग-अलग प्रत्याशी सभक जीतक दावा लगातार प्रसारित होइत रहल। कतेको संदेश मे आधिकारिक घोषणा होयबाक पहिनहि परिणाम घोषित कए देल गेल, जाहि सं समर्थक सभक बीच भ्रमक स्थिति बनल। जिला प्रशासन द्वारा अफवाहक विरुद्ध कानूनी कारबाइक चेतावनी देल गेलाक बादो एहन सूचना प्रसारित होइत रहबाक चर्चा रहल।

एक नजरि

समस्तीपुर मे गंगा नदी मे नाव पलटल दू व्यक्ति लापता

समस्तीपुर : जिलाक चमथा एक पंचायतक रजौली गाम लग बुधदिन सांझ गंगा नदी मे नाव पलटि गेल। एहि दुर्घटना मे 12 गोटे पानि मे हेलि कए अपन जान बचौलनि, जखन कि चमथा गामक हरदेव महतोक बेटी रागो कुमारी (15) आ सोगारत महतो (45) लापता छथि। सभ गोटे गंगा दियारा मे परवल रोपि नाव सं गाम घुरि रहल छलाह, तखने ई दुर्घटना भेल। सूचना भेटिते स्थानीय प्रशासन, विद्यापतिनगर पुलिस आ राहति दल घटनास्थल पर पहुंचल। एसडीआरएफ कें सेहो बजाओल गेल अछि। अन्हार भेलाक कारण बुधदिन राहति आ खोज अभियान शुरू नहि भए सकल।

माधव झाक कथित ऑडियो वायरल करबाक मामिला मे प्राथमिकी दर्ज

दरभंगा : बिहार विधान परिषद चुनावक दौरान दरभंगा शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र सं कांग्रेस प्रत्याशी डॉ. मदन मोहन झाक पुत्र माधव झा सं जुड़ल कथित ऑडियो सोशल मीडिया पर वायरल करबाक मामिला मे प्राथमिकी दर्ज कयल गेल अछि। माधव झा आरोप लगौने छथि जे कृत्रिम बुद्धिमत्ता (एआइ) आधारित आवाजक नकल अथवा संपादनक माध्यम सं हुनकर नकली आवाज तैयार कए ऑडियो वायरल कयल गेल।

बिहार मे शिक्षक वेतन भुगतान मे 1.85 करोड़क गड़बड़ी, काल्पनिक शिक्षक कें भेल भुगतान

- **शिक्षा मंत्रीक निर्देश, 38 जिला मे होयत ऑडिट**

पटना, समदिया

बिहार मे शिक्षक सभक वेतन भुगतान मे वित्तीय अनियमितताक मामिला सोझां आयल अछि। शिक्षा विभागक आंतरिक लेखा-जांच मे नवादा, भागलपुर आ पटना मे करीब 1.85 करोड़ रुपैयाक संदिग्ध भुगतानक खुलासा भेल अछि। कतहु स्वीकृत वेतन सं कतेको गुना बेसी राशि देल गेल, तं कतहु काल्पनिक शिक्षकक नाम पर रुपैया निकालबाक आरोप लागल अछि। एहि मामिला मे प्राथमिकी दर्ज करबा संग विभागीय कारबाइ सेहो शुरू कयल गेल अछि। शिक्षा विभाग राज्यक सभ 38 जिला मे आंतरिक लेखा-जांच करेबाक निर्णय लेने अछि। जांचक मुख्य केंद्र मानव संसाधन प्रबंधन प्रणाली (एचआरएमएस) पोर्टल सं कयल गेल वेतन भुगतान आ लॉगिन आईडीक कथित दुरुपयोग अछि।

नवंबरक मध्य धरि जांच पूरा करबाक निर्देश

बिहारक शिक्षा मंत्री मिथिलेश तिवारी कहलनि जे सभ 38 जिला मे ऑडिट कराओल जा रहल अछि। ओ अधिकारी सभ कें नवंबरक मध्य धरि जांच पूरा करबाक निर्देश देने छथि। मंत्री कहलनि जे एचआरएमएस प्रणाली मे हेराफेरी रोकबाक लेल विशेषज्ञ सभक सहायता लेल जा रहल अछि।

भागलपुर मे काल्पनिक शिक्षकक नाम पर भुगतान

भागलपुर मे एचआरएमएस पोर्टलक माध्यम सं अनधिकृत भुगतानक दूटा मामिला सोझां आयल अछि। एहि मामिला मे एक जिला कार्यक्रम पदाधिकारी आ जिला शिक्षा पदाधिकारीक विरुद्ध कारबाइक उल्लेख अछि। शिक्षा विभागक निदेशक (प्रशासन) विजय कुमार पांडेयक 21 अक्टूबर 2026क आदेशक अनुसार, जिला कार्यक्रम पदाधिकारी शशि चंदन चौधरीक विरुद्ध 8 अक्टूबर कें भागलपुरक जोगसर थाना मे प्राथमिकी दर्ज कयल गेल छल। आरोप अछि जे पोर्टल पर काल्पनिक शिक्षकक नाम पर अनधिकृत भुगतान कयल गेल। एहि मामिला मे हुनका अगिला दिन गिरफ्तार कय लेल गेल।

दोसर मामिला मे तनुश्री नामक काल्पनिक शिक्षिकाक नाम पर कतेको मास धरि भुगतान करबाक आरोप अछि। एहि मे 98,12,773 रुपैयाक अनियमितताक उल्लेख अछि। जिला शिक्षा पदाधिकारीक विरुद्ध सेहो 8 अक्टूबर कें जोगसर थाना मे प्राथमिकी दर्ज कयल गेल छल।

नवादा मे 46 हजार वेतन पर लाखोक भुगतान

नवादा मे एक शिक्षिकाक वेतन आ भत्ता मे हेराफेरीक मामिला सामने आयल अछि। एहि संबंध मे 13 अक्टूबर 2026 कें नगर थाना मे प्राथमिकी दर्ज कयल गेल। शिकायत जिला शिक्षा पदाधिकारी देने छलाह। एहि मामिला मे रजौलीक बेलाडीह स्थित प्राथमिक विद्यालयक एक शिक्षिका आ पोर्टल पर मेकर आ चेकरक भूमिका निभाबयवला दू कर्मचारी आरोपित छथि।

प्राथमिकीक अनुसार, अप्रैल 2025 मे शिक्षिकाक मासिक वेतन 46,772 रुपैया स्वीकृत छल। आरोप अछि जे पोर्टल पर दोसर भत्ताक नाम पर 4,52,222 रुपैया अनधिकृत रूप सं जोड़ि देल गेल, जाहि सं अप्रैलक भुगतान 4,91,772 रुपैया भए गेल। मई 2025 मे सेहो 46,772 रुपैया वेतन स्वीकृत छल, मुदा आरोप अछि जे शिक्षिका कें 3,49,500 रुपैया देल गेल। जांच मे समग्र शिक्षा निधि सं हुनकर खाता मे 2,86,000 रुपैया पठेबाक उल्लेख अछि, जे वेतनक हिस्सा नहि छल। शिक्षिका कें कुल 10,43,950 रुपैयाक कथित अनधिकृत भुगतानक आरोप अछि।

दिवाली सं पहिने जेडीयूक बागी नेता सभ पर होयत कारबाइ : संजय झा

कहलनि, 5 नवंबर कें होयत जदयूक समीक्षा बैसार

पटना, समदिया

बिहार विधान परिषदक शिक्षक आ स्नातक निर्वाचन क्षेत्रक चुनाव मे जेडीयूक चारि मे तीन सीट पर हारि भेल अछि। पटना स्नातक सीट पर पार्टी कसगर टक्कर मे जीत हासिल कयलक। पार्टीक किछु नेताक बागी तेवर जेडीयूक लेल परेशानी बढ़ौने छल। आब पार्टी हारिक समीक्षा कए बागी नेता सभ पर कारबाइ करबाक तैयारी मे अछि। जेडीयूक राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष संजय झा कहलनि जे 5 नवंबर कें पार्टीक समीक्षा बैसार होयत। एहि बैसार मे चुनाव मे हारिक कारण पर विचार कयल जायत आ तकर बादे आगू निर्णय लेल जायत। हुनकर कहब छलनि जे बागी नेता सभक कारण पार्टीक परेशानी जरूर बढ़ल, मुदा समीक्षा पूरा भेलाक बादे एहि विषय मे किछु कहल जा सकैत अछि। दिवाली सं पहिने कारबाइ होयबाक संभावना जताओल जा रहल अछि।

संजय झा इहो कहलनि जे नीतीश कुमार शिक्षक सभक लेल बहुत काज कयलनि, मुदा चुनाव मे हुनका सभ कें अपेक्षित समर्थन नहि भेटल। बृहस्पति दिन जेडीयू कार्यालय मे भेल बैसार मे प्रदेश अध्यक्ष उमेश कुशवाहा आ विभिन्न जिलाक अध्यक्ष सभ शामिल भेलाह। बैसार मे 26 नवंबर कें सुशासन दिवस मनेबाक निर्णय लेल गेल।

हुनका सं बधाइ नहि लेब : नीरज

पटना स्नातक निर्वाचन क्षेत्र सं जीतलाक बाद नीरज कुमार मुख्यमंत्री रहल नीतीश कुमार, उपमुख्यमंत्री विजय चौधरी आ बिजेंद्र प्रसाद यादव तथा संजय झा सहित वरिष्ठ नेता सभ सं भेंट कए आशीर्वाद लेलनि। नीरज कुमार संजय झाक सहयोगक प्रशंसा करैत कहलनि जे ओ चुनावक दौरान लगातार जानकारी लैत रहलाह आ मार्गदर्शन दैत रहलाह। ओ नीतीश कुमार आ निशांत कुमारक भूमिकाक सेहो सराहना कयलनि। मुदा ललन सिंहक संदर्भ मे हुनकर बयान सं पार्टीक भीतर गुटबाजीक चर्चा तेज भए गेल अछि। नीरज कुमार कहलनि जे ओ ललन सिंह सं बधाइ नहि लेता। हुनकर माता-पिता आ पूर्वज हुनका सिखौने छथि जे जं केकरो ऋण ली, तं वापस जरूर करी। ओ कहलनि जे एहि राजनीतिक ऋण कें ओ सूदि सहित वापस करताह।

दरोगा परीक्षाक अभ्यर्थी भड़कलाह, सम्राटक आवास घेरबाक लेल निकललाह, पुलिस खिहाड़लक

प्रदर्शनकारी कें रोकबा लेल पुलिस कें करय पड़ल हलका बल प्रयोग

पटना, समदिया

बिहार दारोगा भर्ती मुख्य परीक्षा कें रद्द करबाक निर्णयक विरोध मे अभ्यर्थी सभक आक्रोश बृहस्पतिदिन सड़क पर देखबा मे आयल। एक मास सं धरना देलाक बादो सुनवाइ नहि होयबाक आरोप लगबैत दारोगा अभ्यर्थी सभ पटना स्थित गांधी मैदान सं मार्च निकाललनि। प्रदर्शनकारी जेपी गोलंबर पर पुलिसक बैरिकेडिंग तोड़ि डाकबंगला चौराहा दिस बढ़ि गेलाह। ओ सभ मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक लोक सेवक आवास घेरबाक योजना बना कए निकलल छलाह। प्रदर्शनकारी कें रोकबाक लेल पुलिस कें भारी मशक्कत करय पड़ल। स्थिति

बिगड़ला पर पुलिस हलुक बल प्रयोग सेहो कयलक। प्रदर्शनक कारण पटना शहरक प्रमुख सड़क सभ पर यातायात प्रभावित भेल आ यात्री सभ कें परेशानी झेलय पड़ल।

दरोगा भर्ती मुख्य परीक्षा रद्द करबाक विरोध मे प्रदर्शनक शुरूआत भोरे गांधी मैदानक गेट नंबर-10 लग भेल। अपन मांगक समर्थन मे नारा लगबैत अभ्यर्थी सभक भीड़ जेपी गोलंबर पहुंचल। ओतय पहिने सं तैनात पुलिस-प्रशासनक दल बैरिकेडिंग कए प्रदर्शनकारी कें रोकबाक प्रयास कयलक। मुदा आक्रोशित अभ्यर्थी बैरिकेडिंग तोड़ि डाकबंगला चौराहा दिस बढ़य लगलाह।

आइ सीतामढ़ी आ मधुबनी जिलाक लेल अछि रेड अलर्ट, राज्य भरि मे होयत बरखा

बृहस्पति कें संपूर्ण मिथिला मे देखल गेल चक्रवात अर्नबक असरि

पटना, समदिया

चक्रवाती तूफान अर्नबक अवशेषक असरि सं बिहारक मौसिम बिगड़ि गेल अछि। राज्यक विभिन्न भाग मे बादल छायल अछि आ कतेको जिला मे रुकि-रुकि कए बरखा भए रहल अछि। मौसम विभागक ताजा पूर्वानुमानक अनुसार, 30 अक्टूबर, शुक्रदिन उत्तर बिहारक किछु जिला मे भारी सं अत्यंत भारी बरखाक आशंका अछि। सीतामढ़ी आ मधुबनी लेल रेड अलर्ट जारी कयल गेल अछि। पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण,

शिवहर आ दरभंगा मे ऑरेंज अलर्ट अछि। पटना सहित राज्यक कतेको आन जिला मे सेहो बरखा, मेघगर्जन आ वज्रपातक आशंका जताओल गेल अछि।

राजधानी पटना मे बृहस्पतिदिन बरखाक असरि देखल गेल। आकाश मे कारी बादल छायल रहल आ तापमान मे गिरावट दर्ज कयल गेल। टटका पूवार्नुमानक अनुसार, शुक्रदिन पटना मे सेहो बादल छायल रहत आ गरज-चमकक संग बरखा भए सकैत अछि। पटनाक लेल अधिकतम तापमान लगभग 25 डिग्री सेल्सियस रहबाक अनुमान अछि। राज्यक कतेको भाग मे 31 अक्टूबर धरि बरखाक दौर जारी रहबाक संभावना अछि।

मधुबनी आ सीतामढ़ीक लोक विशेष रूप सं रहथि सतर्क

मौसम विभाग सीतामढ़ी आ मधुबनी मे भारी सं अत्यंत भारी बरखाक आशंका जतौने अछि। तेज हवा, मेघगर्जन आ वज्रपात सेहो भए सकैत अछि। एहि दुनू जिलाक लोक सभ कें विशेष सतर्क रहबाक जरूरत अछि। पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण, शिवहर आ दरभंगा मे ऑरेंज अलर्ट जारी कयल गेल अछि। एहि जिला सभ मे तेज हवा आ गरज-चमकक संग भारी बरखा भए सकैत अछि।

बिहार विधानमंडलक शीतकालीन सत्र 30 नवंबर सं, 5 बैसक मे विधायी काज निपटेबाक चुनौती

नव निर्वाचित विधान पार्षद सभ सेहो पहिल बेर सदन मे रखताह अपन बात

पटना, समदिया

बिहार विधानमंडलक पांच दिवसीय शीतकालीन सत्र 30 नवंबर सं शुरू होयत। ई सत्र 4 दिसंबर धरि चलत। सोम सं शुक्र धरि चलय बला एहि सत्र मे कुल पांच बैसक होयत।

अवधि कम रहबाक बादो एहि सत्र मे सत्ता पक्ष आ विपक्षक बीच राजनीतिक टकराव देखबा लेल भेटि सकैत अछि। एहि बेरक सत्र बिहारक राजनीति आ विधायी गतिविधिक हिसाब सं महत्वपूर्ण मानल जा रहल अछि।

हालहि विधान परिषदक 8 सीट लेल शिक्षक आ स्नातक निर्वाचन क्षेत्र मे भेल चुनावक बाद सदन मे नव सदस्य सभ देखबा लेल भेटताह। एकर अतिरिक्त सरकारक नीतिगत फैसला, विकास योजना, प्रशासनिक काजकाज आ जनहित सं जुड़ल मुद्दा पर सेहो चर्चा होयबाक संभावना अछि।

हालहि बिहार विधान परिषदक 8 सीट लेल शिक्षक आ स्नातक निर्वाचन क्षेत्र मे चुनाव संपन्न भेल अछि। एहि चुनाव मे किछु वर्तमान विधान पार्षद सभ कें हारक सामना करय पड़ल, जखनकि नव प्रत्याशी सभ जीत दर्ज कयलनि। नव निर्वाचित सदस्य सभ लेल ई सत्र अपन-अपन निर्वाचन क्षेत्रक समस्या सदन मे उठयबाक अवसर होयत।

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक नेतृत्व बला सरकार लेल सेहो ई सत्र महत्वपूर्ण होयत। पांच दिनक कार्यवाहीक दौरान सरकार अपन प्राथमिकता आ विकास संबंधी योजना सभ कें आगू बढ़यबाक प्रयास कय सकैत अछि। हालहि कैबिनेट सं मंजूर प्रस्ताव आ विभिन्न विभाग सं जुड़ल फैसला कें लए सेहो राजनीतिक चर्चा होयबाक संभावना अछि।

सरकार दिस सं सूक्ष्म, लघु आ मध्यम उद्यम अर्थात एमएसएमई क्षेत्र कें बढ़ावा देबाक नीति सहित रोजगार, उद्योग आ बुनियादी ढांचा सं जुड़ल मुद्दा महत्वपूर्ण रहि सकैत अछि।

शीतकालीन सत्रक अवधि कम रहबाक कारण सरकारक सोझां सीमित समय मे जरूरी विधायी काज पूरा करयबाक चुनौती रहत। एहि दौरान विभिन्न विभाग सं जुड़ल प्रस्ताव, लंबित विधायी काज आ जनहित सं संबंधित विषय पर कार्यवाही भए सकैत अछि।

ओम्हर, सदनक कार्यवाही सुचारू रूप सं चलायब सेहो एकटा पैघ चुनौती होयत। पांच दिनक सत्र मे विधायी काज लेल उपलब्ध समय सीमित रहबाक कारण प्रत्येक बैसक महत्वपूर्ण रहत।

कानून-व्यवस्था आ जनहितक मुद्दा पर सरकार कें घेरि सकैत अछि विपक्ष

शीतकालीन सत्र मे विपक्षक भूमिका सेहो महत्वपूर्ण रहत। विपक्ष कानून-व्यवस्था, प्रशासनिक काजकाज, रोजगार आ आम लोकक समस्या सभ कें उठा सरकार सं जवाब मांगि सकैत अछि। एहि सं पहिने जुलाई मे आयोजित मानसून सत्रक दौरान सेहो विभिन्न मुद्दा पर सत्ता पक्ष आ विपक्षक बीच तीखी बहस देखबा लेल भेटल छल।

पटनाक खेमनीचक तरकारी मंडी मे भीषण अगिलगी, 4 गैस सिलेंडर ब्लास्ट, 50 सं बेसी दोकान जरि कए खाक

पटना, समदिया

रामकृष्णनगर थाना क्षेत्रक खेमनीचक स्थित तरकारी मंडी मे बृहस्पति दिन भोर भीषण आगि लागि गेल। एहि घटना मे भारी नोकसान भेल अछि। भोर करीब 3 बजे के बाद लागल आगि देखैत-देखैत विकराल रूप धारण कए लेलक। आगिक चपेट मे आबि 50 सं बेसी दोकान जरि कए राख भए गेल। एहि मे श्रृंगार, मोबाइल रिपेयरिंग आ दोसर कारोबार सं जुड़ल दोकान शामिल अछि। आगि लगबाक दौरान एकटा झोपड़ीनुमा होटल मे राखल 4 गैस सिलेंडर मे विस्फोट होयबाक सूचना अछि। घटना के सूचना भेटिते दमकल विभागक 10 सं 15 गाड़ी घटनास्थल पर पहुंचल। करीब एक घंटाक मेहनति के बाद आगि पर काबू पाओल गेल।

प्रत्यक्षदर्शी सभक अनुसार, बृहस्पति दिन भोर मंडी मे अनचोके आगि लागि गेल। शुरू मे आगिक लपट किछु दोकान धरि सीमित छल, मुदा देखैत-देखैत आसपासक दोकान सभ कें सेहो अपन चपेट मे लए लेलक। आगि तेजी सं पसरय कें कारण दोकानदार सभ कें सामान निकालबाक पर्याप्त मौका नहि भेटल। आगिक चपेट मे आबि 50 सं बेसी दोकान जरि गेल। एहि मे श्रृंगार, मोबाइल रिपेयरिंग सहित विभिन्न कारोबार सं जुड़ल दोकान शामिल छल। दोकान मे राखल सामान आ कारोबार मे उपयोग होय बला सामग्री जरि कए नष्ट भए गेल। एक संग एतेक दोकान मे आगि लगला सं कारोबार सभ कें भारी आर्थिक नोकसान भेल अछि। अगलगीक दौरान मंडी मे स्थित एकटा झोपड़ीनुमा होटल मे राखल 4 गैस सिलेंडर मे विस्फोट होयबाक सूचना अछि। सिलेंडर फटला आ आगिक ऊंच लपट उठला सं घटनास्थल पर अफरातफरी मचि गेल। आगिक चपेट मे मंडी मे ठाढ़ कतेको बाइक सेहो आबि गेल। हालांकि, जरल वाहन सभक सही संख्या आ कुल नुकसानक आकलन एखन धरि नहि भए सकल अछि।

आगि लगबाक सूचना भेटिते दमकल विभागक 10 सं 15 गाड़ी घटनास्थल पर पहुंचल। दमकलकर्मी सभ आगि कें दोसर दोकान आ आसपासक इलाका धरि फैलय सं रोकबाक लेल लगातार प्रयास कयलनि। करीब एक घंटाक मेहनति के बाद आगि पर काबू पाओल जा सकल। मुदा ताबत धरि बहुत रास दोकान जरि चुकल छल। मंडी मे दोकान सभ जरि गेला सं कारोबार सभ कें भारी आर्थिक क्षति पहुंचल अछि। दोकान मे राखल सामान, व्यापार संबंधी सामग्री आ आन संपत्ति नष्ट भए गेल। कतेको दोकानदार सभक सोझां आब फेर सं कारोबार शुरू करबाक चुनौती अछि।

बिहार मे जमीनक खरीद-बिक्री पर लागल रोक हटाओल गेल, सैटेलाइट टाउनशिप कें लए सरकारक फैसला

पटना, समदिया

बिहार सरकार दिस सं राज्यक कतेको शहर मे ग्रीनफील्ड सैटेलाइट टाउनशिप विकसित करबाक घोषणा कयल गेल छल। एहि लेल कतेको शहर मे जमीनक खरीद-बिक्री पर रोक लगा देल गेल छल। मुदा बिहार कैबिनेटक बैसार मे एहि संबंध मे महत्वपूर्ण फैसला लेल गेल अछि।

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक अध्यक्षता मे भेल कैबिनेटक बैसार मे सैटेलाइट टाउनशिप मे जमीनक खरीद-बिक्री पर लागल रोक हटा लेल गेल अछि। मंत्रिमंडल सचिवालय विभागक अपर मुख्य सचिव अरविंद कुमार चौधरी जानकारी दैत कहलनि जे सरकार जमीनक खरीद-बिक्री वा हस्तांतरण पर लागल रोक तत्काल प्रभाव सं हटेबाक फैसला लेलक अछि।

भेटल जानकारीक अनुसार, टाउनशिपक विकास योजना कें लए अधिसूचना जारी कयल जायत। एकर बाद भवन निर्माण आ जमीनक विकास सं जुड़ल योजना मे निर्धारित जमीनक उपयोग आ ओहि पर लागू डीसीआरक प्रावधानक अनुसार काज कयल जायत। एहि तरहें जमीनक खरीद-बिक्री सं लए भवन निर्माण धरि के काज लेल कैबिनेट मे फैसला लेल गेल अछि।

सोनपुर मे विकसित होय बला सैटेलाइट टाउनशिप कें बहुत खास मानल जा रहल अछि। एतय विकसित होय बला टाउनशिप मे अंतरराष्ट्रीय ग्रीनफील्ड हवाई अड्डा, शैक्षणिक संस्थान आ फिल्म सिटी सहित विभिन्न सुविधा विकसित कयल जायत। एकर अतिरिक्त आन सुविधा सभ सेहो विकसित करबाक योजना अछि। एहि सं शहरक विकास होयबाक संग लोक सभ कें नव सुविधा भेटतनि।

जानकारीक अनुसार, बिहार कैबिनेटक बैसार मे राजधानी पटना कें लए सेहो महत्वपूर्ण फैसला लेल गेल। पटना मे यातायातक बढ़ैत दबाव कें देखैत भूमिगत सड़क कॉरिडोर बनयबाक फैसला लेल गेल अछि। एकर संग तीन सड़क परियोजना कें मंजूरी देल गेल अछि।

एहि परियोजना मे विश्वामित्र पथ (बक्सर-आरा-मनेर गंगा पथ), गंगा अंबिका पथ (बिदुपुर-दिघवारा-उत्तरी गंगा पथ) आ नारायणी पथ (दरिहारा-डुमरिया घाट, गोपालगंज) शामिल अछि।

छठि मे कटाव बला घाट सभ पर बनत वैकल्पिक पोखरि, कलेक्ट्रेट आ महेंद्रू घाट लेल अलग रस्ता

बैरिकेडिंग सं लए रोशनी धरिक होयत व्यवस्था

पटना, समदिया

छठि महापर्व कें लए पटना मे गंगा घाट सभक तैयारी तेज कए देल गेल अछि। नगर आयुक्त यशपाल मीणा नगर निगम क्षेत्रक 16 गंगा घाट सभक निरीक्षण कए व्यवस्थाक समीक्षा कयलनि।

ओ अधिकारी सभ कें घाट पर साफ-सफाई, जलनिकासी, पहुंच पथ आ सुरक्षा सं जुड़ल काज निर्धारित समय-सीमा के भीतर पूरा करबाक निर्देश देलनि, जाहि सं छठिव्रती आ श्रद्धालु सभ कें कोनो तरहक परेशानी नहि हो।

निरीक्षणक दौरान नगर आयुक्त दीघा पाटीपुल, जेपी सेतु घाट, मीनार घाट, बालू पर, एलसीटी घाट, राजापुर पुल, बांस घाट, कलेक्ट्रेट घाट आ महेंद्रू घाट सहित आन घाट सभक स्थिति देखलनि।

ओ घाट सभ पर जमा पानि, कीचड़, खद्धा आ आवागमनक रास्ता सभक समीक्षा करैत संबंधित अधिकारी सभ कें जरूरी काज शीघ्र पूरा करबाक निर्देश देलनि।

मानसूनक दौरान गंगा मे जलस्तर बढ़ला सं कतेको घाट डूबि गेल छल। आब पानि कम होयबाक संगहि घाट सभक साफ-सफाई आ छठि लेल तैयार करबाक काज पर जोर देल जा रहल अछि। नगर आयुक्त जलजमाव बला स्थान सभ सं पानि निकालबाक आ कीचड़ हटेबाक निर्देश देलनि। खद्धा भरि घाट सभके समतल करबाक लेल पोकलेन सहित अन्य मशीनक सहायता लेबाक कहलनि। पहुंच पथ पर जमा पानि आ कीचड़ हटाकए रास्ता सभके सुगम बनेबाक निर्देश सेहो देल गेल।

गंगा मे बाढ़िक कारण बांस घाट, पहलवान घाट सहित किछु कच्चा घाट सभ पर कटाव भेल अछि। एहन घाट सभ पर श्रद्धालु सभक सुरक्षा कें ध्यान मे रखैत नगर आयुक्त प्रभावित स्थल सभके चिह्नित करबाक निर्देश देलनि। जरूरत पड़ला पर वैकल्पिक व्यवस्था के अंतर्गत पोखरि बनाओल जायत, जाहि सं छठिव्रती सुरक्षित स्थान पर अर्घ्य अर्पित कए सकथि।

निरीक्षणक दौरान अधिकारी सभ बतौलनि जे एहि बेर कलेक्ट्रेट घाट आ महेंद्रू घाट लेल अलग-अलग पहुंच पथ तैयार कयल जा रहल अछि। एहि घाट सभ पर पंपक माध्यम सं पानि निकालल जा रहल अछि। मशीनक सहायता सं खद्धा भरि जमीन समतल कयल जा रहल अछि, जाहि सं श्रद्धालु सभके आवागमन मे सुविधा हो।

नगर आयुक्त घाट सभ पर सैंडबैग आ बांस-बल्ला लगाकए बैरिकेडिंग, वॉच टावर, कपड़ा बदलबाक कमरा, पार्किंग आ पर्याप्त रोशनीक व्यवस्था समय पर पूरा करबाक निर्देश देलनि। ओ सभ तैयारीक नियमित निगरानी करबाक लेल सेहो कहलनि।

बिहार रेजिमेंटक 19म बटालियनक 17म स्थापना दिवस

दानापुर मे वीर शहीद सभ कें देल गेल श्रद्धांजलि

सैनिक सभ दोहरौलनि राष्ट्रसेवाक संकल्प

पटना, समदिया

पटनाक दानापुर रेजिमेंट केंद्र मे बृहस्पति दिन बिहार रेजिमेंटक 19म बटालियनक 17म स्थापना दिवस हर्षोल्लासक संग मनाओल गेल। एहि अवसर पर वीर स्मृति स्थल पर देशक रक्षा करैत सर्वोच्च बलिदान देनिहार शहीद सभ कें श्रद्धांजलि अर्पित कयल गेल।

एकरा संग सैन्य अधिकारी, जेसीओ आ जवान सभ शहीद सभक अदम्य साहस, वीरता आ राष्ट्रक प्रति समर्पण कें मोन पाड़ैत हुनकर गौरवशाली परंपरा कें आगू बढ़ेबाक संकल्प लेलनि।

2010 मे भेल छल बटालियनक स्थापना

19म बिहार बटालियनक स्थापना 10 जुलाई 2010 कें बिहार रेजिमेंट केंद्र, दानापुर मे भेल छल। एकर बाद 29 अक्टूबर 2010 कें तत्कालीन कमान अधिकारी कर्नल पंकज अत्रीक नेतृत्व मे बटालियन रांची लेल विदा भेल छल। एहि ऐतिहासिक दिनक स्मृति मे प्रत्येक साल 29 अक्टूबर कें स्थापना दिवस मनाओल जाइत अछि।

उत्तरी आ पूर्वी सीमा पर निभेलनि महत्वपूर्ण जिम्मेदारी

स्थापना के बाद सं बटालियन उत्तरी, उत्तर-पूर्वी आ पूर्वी सीमावर्ती क्षेत्र सभ मे तैनात रहैत देशक सुरक्षा मे महत्वपूर्ण योगदान देलक। कठिन आ चुनौतीपूर्ण परिस्थिति मे सैनिक सभ अनुशासन, कर्तव्यनिष्ठा आ अदम्य साहसक संग अपन जिम्मेदारी निभौलनि। हुनकर उत्कृष्ट प्रदर्शन आ सेवा लेल विभिन्न वीरता पुरस्कार आ प्रशंसा पत्र सं सम्मानित कयल गेल अछि।

अरुणाचलक तत्कालीन राज्यपाल कयने छलाह सम्मानित

बटालियनक व्यावसायिक दक्षता, अभियान लेल तैयारी, उच्च मनोबल आ नागरिक प्रशासनक संग स्थानीय लोक सभ कें सहायता देबाक प्रयासक सेहो प्रशंसा भेल अछि। एहि क्रम मे 17 जून 2022 कें अरुणाचल प्रदेशक तत्कालीन राज्यपाल ब्रिगेडियर (डॉ.) बी. डी. मिश्रा (सेवानिवृत्त) उत्कृष्ट सेवा लेल बटालियन कें प्रशस्ति पत्र प्रदान कयने छलाह।

सैन्य अधिकारी आ जवान सभ देलनि श्रद्धांजलि

स्थापना दिवस पर वीर स्मृति स्थल मे आयोजित कार्यक्रम मे बिहार रेजिमेंट केंद्रक कार्यवाहक समादेष्टा कर्नल विजय कुमार, लेफ्टिनेंट कर्नल जयवीर यादव, सूबेदार मेजर नारायण प्रधान, सूबेदार मनोज कुमार सहित आन सैन्य अधिकारी, जेसीओ आ जवान सभ शामिल भेलाह। सभ गोटे शहीद सभ कें नमन कए हुनकर सर्वोच्च बलिदान कें मोन पाड़लनि।

गौरवशाली विरासत कें आगू बढ़ेबाक संकल्प

स्थापना दिवस बटालियनक सैनिक सभ लेल अपन गौरवशाली विरासत पर गर्व करबाक आ पूर्व सैनिक सभक योगदान कें मोन पाड़बाक अवसर बनल। एहि दौरान राष्ट्रक सुरक्षा आ सेवा मे पूरा निष्ठा, साहस आ समर्पणक संग काज करैत रहबाक संकल्प फेर दोहराओल गेल।

बिहार चैंबरक शताब्दी वर्ष पर 19 नवंबर कें विशेष डाक टिकट जारी करताह सिंधिया

पटना। बिहार चैंबर ऑफ कॉमर्स एंड इंडस्ट्रीजक 100 वर्षक गौरवशाली यात्रा आ राज्यक औद्योगिक आ व्यापारिक विकास मे एकर अमूल्य योगदान कें राष्ट्रीय स्तर पर सम्मानित कयल जा रहल अछि। संस्थाक शताब्दी वर्षक ऐतिहासिक अवसर पर भारतीय डाक विभाग 5 टाकाक विशेष स्मारक डाक टिकट जारी करत। केंद्रीय संचार मंत्री ज्योतिरादित्य सिंधिया आगामी 19 नवंबर कें पटना मे आयोजित होय बला भव्य शताब्दी समारोहक दौरान एहि विशेष डाक टिकट के औपचारिक विमोचन करताह। बिहार चैंबर ऑफ कॉमर्स एंड इंडस्ट्रीजक अध्यक्ष पीके अग्रवाल बुध दिन ई जानकारी देलनि।

चैंबरक अध्यक्ष पीके अग्रवाल कहलनि जे शताब्दी वर्षक अवसर पर विशेष डाक टिकट जारी होयब पूरा बिहार आ एतुक्का व्यापारिक समुदाय लेल ऐतिहासिक आ गौरवपूर्ण उपलब्धि अछि। एहि पहल सं राज्य मे व्यापार, उद्योग, निवेश आ उद्यमिता कें मजबूत करबा मे संस्थाक निरंतर भूमिका पूरा देश मे रेखांकित होयत। 5 टाकाक ई विशेष डाक टिकट देशभरि के सभ प्रमुख डाकघर आ फिलाटेलिक ब्यूरो मे आम नागरिक आ संग्रहकर्ता सभ लेल उपलब्ध रहत। ई टिकट बिहारक आर्थिक यात्रा के प्रतीक बनत।

क्षेत्रीय व्यापारिक संगठन सभक सम्मान करबाक परंपराक चर्चा करैत अग्रवाल बतौलनि जे डाक विभाग 12 अक्टूबर 2006 कें मध्य प्रदेश चैंबर ऑफ कॉमर्स एंड इंडस्ट्रीज पर सेहो डाक टिकट जारी कयने छल। ओतहि, बिहार चैंबर ऑफ कॉमर्स एंड इंडस्ट्रीजक प्लेटिनम जुबली वर्षक अवसर पर डाक विभाग 28 अक्टूबर 2002 कें सेहो विशेष डाक टिकट जारी कयने छल। संस्थाक 100 वर्ष पूरा होयबाक अवसर पर दोसर बेर विशेष डाक टिकट जारी होयब चैंबरक ऐतिहासिक महत्व कें दर्शबैत अछि। उद्योग जगतक प्रतिनिधि सभक मानब अछि जे एहि कदम सं न केवल संस्थाक 100 वर्षक समर्पित यात्रा यादगार बनत, बल्कि आबय बला समय मे राज्यक औद्योगिक वातावरण आ युवा उद्यमी सभ लेल सेहो पैघ प्रेरणा साबित होयत।

39 अस्पताल मे बनत 6 बिछाओन बला 'आशा घर', पांच सदस्यीय समिति करत संचालन

पटना, समदिया

बिहारक सभ 38 जिला मे आशा कार्यकर्ता सभक रात्रि विश्राम लेल आशा घर बनाओल जायत। एहि लेल कुल 39 अस्पताल कें चिह्नित कयल गेल अछि। एहि मे 14 जिला अस्पताल, 1 अनुमंडलीय अस्पताल आ 24 सामुदायिक स्वास्थ्य केंद्र (सीएचसी) शामिल अछि।

समस्तीपुर मे जिला अस्पतालक संग सरायरंजन सीएचसी कें सेहो चिह्नित कयल गेल अछि। कैमूर जिला मे “आशा घर” बनि चुकल अछि। एकरा संचालित करबाक लेल मानक संचालन प्रक्रिया (एसओपी) निर्धारित कयल गेल अछि।

एसओपीक अनुसार, अस्पताल परिसर मे महिला वार्डक लग “आशा घर” बनाओल जायत। ओहि मे कम-सं-कम 6 बिछाओन रहत। दू बिछाओनक बीच कम-सं-कम 3 फीट दूरी राखय पड़त। प्रत्येक बिछाओनक संग कागजात आ जरूरी सामान रखबाक लेल छोट आलमारी रहत। कोठली मे 2 पंखा, बेडशीट, तकिया, तकियाक खोल, 6 कंबल, पर्याप्त ट्यूबलाइट आ बल्ब, 6 कुर्सी आ जाड़क मौसिम लेल हीटरक व्यवस्था रहत।

एकर संग स्नानघर आ शौचालयक सुविधा सेहो अनिवार्य होयत। गर्भवती महिला, प्रसूता वा रोगी कें लए अस्पताल आबय पर आशा कार्यकर्ता आ आशा फैसिलिटेटर एहि सुविधाक उपयोग कय सकतिह। दोसर केओ एकर उपयोग नहि कय सकत। ओतय राखल रजिस्टर मे हुनकर नाम दर्ज कयल जायत। आशा घरक सुचारू संचालन लेल पांच सदस्यीय संचालन समिति गठित कयल जायत। एहि मे 3 आशा फैसिलिटेटर आ 2 आशा कार्यकर्ता रहतिह। समिति सदस्य सभक चयन आशा फैसिलिटेटर सभक समूह द्वारा कयल जायत। संचालन समिति कें अस्पताल प्रबंधक, प्रखंड सामुदायिक उत्प्रेरक आ प्रखंड स्वास्थ्य प्रबंधक जरूरी सहयोग देताह। समितिक बैसार प्रत्येक 3 महीना पर होयत। बैसारक रिपोर्ट राज्य स्वास्थ्य समितिक आशा संसाधन केंद्र कें उपलब्ध कराओल जायत।

अररिया, औरंगाबाद, बेगूसराय, भागलपुर, गोपालगंज, कटिहार, खगड़िया, मधुबनी, पूर्वी चंपारण, रोहतास, सहरसा, समस्तीपुर, शेखपुरा आ सुपौलक जिला अस्पताल कें चिह्नित कयल गेल अछि। एकर अतिरिक्त नालंदा जिला मे हिलसा अनुमंडलीय अस्पताल सेहो एहि सूची मे शामिल अछि।

एनएच-27 पर कार सं 73 किलो गांजा बरामद, दू तस्कर गिरफ्तार

सुपौल सं दिल्ली लए जाइत छल गांजाक खेप, तस्करी मे प्रयुक्त कार जब्त

झंझारपुर, समदिया

राष्ट्रीय राजमार्ग-27 पर भैरवस्थान थाना पुलिस पैघ कारवाई करैत 73 किलो गांजा संग दू तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि। पुलिस तस्करी मे प्रयुक्त कार सेहो जब्त क लेने अछि। गिरफ्तार दुनू आरोपित सुपौल जिलाक त्रिवेणीगंज क्षेत्रक निवासी बताओल गेल छथि। प्रारंभिक पूछताछ मे दुनू आरोपित गांजाक खेप दिल्ली लए जा रहल छलाह। भैरवस्थान थाना के प्रभारी थानाध्यक्ष श्याम कुमार गौतमक अनुसार, पुलिस के गुप्त सूचना भेटल छल जे एकटा कार मे भारी मात्रा मे गांजा लए दिल्ली जाइत अछि। सूचनाक आधार पर पुलिस

टीम एनएच-27 पर खरड़क गामक लग सवेरा होटल लग घेराबंदी कयलक। एहि दौरान सुपौल जिलाक त्रिवेणीगंज सं दिल्ली जा रहल एकटा कार के रोकल गेल। दंडाधिकारी सह झंझारपुरक अंचलाधिकारी प्रशांत कुमार झाक मौजूदगी मे कारक तलाशी लेल गेल। तलाशी के दौरान कार सं 73 किलो गांजा बरामद भेल। एकरा बाद पुलिस कार मे सवार दुनू व्यक्ति के हिरासत मे लए लेलक आ गांजा सहित कार जब्त क लेलक। गिरफ्तार आरोपितसभक पहचान सुपौल जिलाक त्रिवेणीगंज थाना क्षेत्रक भूरा गाम निवासी उमेश मंडलक पुत्र सोनू कुमार आ विनोद चौधरीक पुत्र गोपाल कुमारक रूप मे कयल गेल अछि। पुलिसक पूछताछ मे दुनू आरोपित बतौलक जे गांजाक एहि खेप के दिल्ली मे खपेबाक योजना छल। पुलिस के आशंका अछि जे गांजा भीमनगर नेपाल सीमाक रास्ते भारत आनल गेल होयत। हालांकि, गांजाक वास्तविक स्रोत आ तस्करीक मार्गक पुष्टि जांचक बादे भए सकत। एहि मामिला मे पुलिस एनडीपीएस अधिनियमक अंतर्गत प्राथमिकी दर्ज क आगूक कारवाई शुरू क देने अछि। पुलिस आब एहि तस्करी नेटवर्क सं जुड़ल अन्य लोक, गांजाक आपूर्ति स्रोत आ दिल्ली मे एकरा पहुंचयबाक योजनाक जांच क रहल अछि। पुलिसक एहि कारवाई सं मादक पदार्थक तस्करी पर रोक लगयबाक अभियान के बल भेटबाक अपेक्षा कयल जा रहल अछि।

मिथिलाक कला-संस्कृति पर केंद्रित पोथी वैदेहीकीक विमोचन

दरभंगा, समदिया

ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालयक विश्वविद्यालय संगीत आ नाट्य विभाग, ललित कला संकाय मे प्रकाशित पोथी वैदेहीकी : मिथिलाक कला आ संस्कृतिक विमोचन कुलपति प्रो. संजय कुमार चौधरी कयलनि। पोथीक संपादिका विभागाध्यक्ष सह संकायाध्यक्ष प्रो. लावण्य कीर्ति सिंह काव्या छथि। बरख 2025 मे विभागक दिस सं मिथिलाक कला आ संस्कृति : परंपरा आ परिवर्तन विषय पर आयोजित अंतरराष्ट्रीय संगोष्ठीक कार्यवृत्तक रूप मे एहि पोथीक प्रकाशन कयल गेल अछि। एहि मे देश-विदेशक विद्वान आ शोध-अध्येता सभक शोधपत्र संकलित अछि। शोधपत्र सभ मे मिथिलाक कला, साहित्य, संगीत, दर्शन, अध्यात्म, लोकपरंपरा आ सांस्कृतिक मूल्यक विभिन्न पक्ष पर प्रकाश

देल गेल अछि। मिथिलाक सांस्कृतिक विरासत मे परंपरा आ नवाचारक समन्वय कें रेखांकित करैत एहि पोथी मे अलग-अलग कालखंड मे भेल परिवर्तनक विश्लेषण सेहो कयल गेल अछि। वैश्वीकरण, बाजारवाद आ तकनीकी क्रांतिक एहि दौर मे मिथिलाक ज्ञानपरंपरा कें ऐतिहासिक, सामाजिक, साहित्यिक आ कलात्मक दृष्टिकोण सं बुझबाक लेल ई पोथी महत्वपूर्ण साबित होयत। विमोचनक अवसर पर कुलपति प्रो. संजय कुमार चौधरी प्रसन्नता व्यक्त करैत कहलनि जे ई महत्वपूर्ण आ उल्लेखनीय काज अछि। एहि सं विभागक संग विश्वविद्यालयक शैक्षणिक आ सांस्कृतिक उपलब्धि कें सेहो नव पहचान भेटत। एहि अवसर पर विभागक सहायक प्राध्यापक डॉ. पुष्कर कुमार झा आ डॉ. अभिषेक स्मिथ उपस्थित छलाह। संपादिका प्रो. काव्या पोथीक प्रकाशन मे योगदान देनिहार सभ लेखकक प्रति आभार व्यक्त कयलनि।

कृषि विद्यार्थी आब जॉब सीकर नहि, जॉब प्रोवाइडर बनताह

बिहार कृषि विश्वविद्यालयक 9 महाविद्यालय मे लागू होयत एएसएसआइएसटी मॉडल

पटना, समदिया

बिहार मे कृषि शिक्षा कें रोजगारपरक बनेबाक आ कृषि विद्यार्थीसब कें आत्मनिर्भर उद्यमी बनेबाक लेल कृषि विभाग महत्वपूर्ण पहल कयने अछि। एहि अंतर्गत बिहार कृषि विश्वविद्यालय, सबौर, भागलपुरक अधीन सभ 9 अंगीभूत महाविद्यालय मे एएसएसआइएसटी (एग्रीकल्चर स्टूडेंट्स सिक्योरिंग इंडस्ट्रियल एंड स्टार्ट-अप ट्रेनिंग) मॉडल लागू कयल जाएत। कृषि मंत्री विजय कुमार सिन्हा 29 अक्टूबर कें ई जानकारी देलनि। मंत्रीक अनुसार, एहि योजनाक संचालन लेल वित्तीय बरख 2026-27 सं 2029-30 धरि कुल 4.80 करोड़ टाकाक प्रशासनिक स्वीकृति देल गेल अछि। वित्तीय बरख 2026-27 मे योजनाक क्रियान्वयन लेल 90 लाख टाकाक सहायक अनुदानक निकासी आ खर्च करबाक अनुमति सेहो देल गेल अछि। विजय कुमार सिन्हा कहलनि जे सरकार कृषि विद्यार्थीसब

कें मात्र नौकरी ताकयवला युवा बनल रहय देबाक पक्ष मे नहि अछि, बल्कि हुनका रोजगार सृजन करयवला उद्यमी बनेबाक लक्ष्य रखने अछि। कृषि क्षेत्र मे अपार संभावना अछि। किताबी ज्ञानक संग व्यावहारिक अनुभव, उद्योगक जुड़ाव आ अपन उद्यम शुरू करबाक अवसर भेटला पर विद्यार्थी नव व्यवसाय विकसित कए सकताह आ दोसर युवा सभ लेल रोजगारक अवसर सेहो पैदा करताह। मंत्री कहलनि जे भारतीय कृषि अनुसंधान परिषद (आइसीएआर) केर छठम डीन समितिक अनुशंसा आ राष्ट्रीय शिक्षा नीति-2020 कें अनुरूप स्नातक कृषि पाठ्यक्रम मे शामिल कौशल संवर्धन पाठ्यक्रम कें एहि मॉडल द्वारा व्यावहारिक रूप देल जाएत। विद्यार्थीसब कें कृषि आधारित उद्योग, सफल स्टार्टअप, उद्यमी, ग्रामस्तरीय गतिविधि आ संबंधित प्रशासनिक संस्था सभ सं जोड़ल जाएत। योजनाक अंतर्गत स्नातक पाठ्यक्रमक पहिल सं चारिम सेमेस्टर धरि प्रत्येक सेमेस्टरक मिड-टर्म परीक्षा के तुरंत बादवला सप्ताह कें एएसएसआइएसटी सप्ताहक रूप मे आयोजित कयल जाएत। एहि दौरान व्यावहारिक प्रशिक्षण, औद्योगिक भ्रमण, स्टार्टअप संचालक सभ संग संवाद आ ग्रामस्तरीय गतिविधि मे सहभागिताक अवसर भेटत। मंत्रीक अनुसार, बायोफर्टिलाइजर, बायोपेस्टीसाइड, मशरूम उत्पादन, सजावटी माछ पालन, टिशू कल्चर, वर्मीकंपोस्ट, शहद उत्पादन आ खाद्य प्रसंस्करण सन बाजारोन्मुख क्षेत्र मे विशेष प्रशिक्षण देल जाएत।

लदनियां मे 36 लीटर नेपाली देसी शराब बरामद नेपालक युवक नामजद

लदनियां। लदनियां थाना क्षेत्र मे पुलिस 36 लीटर नेपाली देसी शराब बरामद कयने अछि। एहि मामिला मे नेपालक सिरहा जिला अंतर्गत बरियारपट्टी निवासी 20 वर्षीय सचिन यादव के अभियुक्त बनाओल गेल अछि। ओ मनोज यादवक पुत्र छथि। प्राप्त जानकारीक अनुसार, लदनियां हाई स्कूलक लग स्थित आमक बगीचा सं पुलिस 36 लीटर नेपाली देसी शराब जब्त कयलक। एहि संबंध मे लदनियां थाना कांड संख्या 455/26, दिनांक 21 अक्टूबर 2026 के अंतर्गत प्राथमिकी दर्ज कयल गेल अछि। मामिलाक प्राथमिकी पुलिस अवर निरीक्षक (पीएसआई) नताशा कुमारीक बयान पर दर्ज कयल गेल अछि। प्राथमिकी मे भारतीय न्याय संहिता (बीएनएस) केर धारा 274/275 तथा बिहार मद्यनिषेध आ उत्पाद अधिनियमक धारा 30(ए)क उल्लेख कयल गेल अछि। फिलहाल, पुलिस मामिलाक आगू जांच आ आवश्यक कानूनी कारवाई मे जुटल अछि। शराबक बरामदगी आ नामजद अभियुक्तक संबंध मे विस्तृत जानकारी आधिकारिक पुष्टि आ जांचक बाद स्पष्ट होयत।

दरभंगा मे इसरो स्पेस गैलरी आ इनोवेशन सेंटर स्थापनाक पहल शुरू

मिथिलाक युवा सभ कें अंतरिक्ष विज्ञान आ नवाचार सं जोड़बाक प्रयास तेज

दरभंगा, समदिया

दरभंगा मे इसरो स्पेस गैलरी एवं इनोवेशन सेंटरक स्थापना करबाक पहल शुरू भए गेल अछि। एहि केंद्रक माध्यम सं मिथिला क्षेत्रक छात्र-छात्रा, युवा नवाचारकर्ता आ बाल वैज्ञानिक कें अंतरिक्ष विज्ञान आ आधुनिक तकनीक सं जोड़बाक लक्ष्य अछि। 30 अक्टूबर 2026 कें बेंगलुरु स्थित भारतीय अंतरिक्ष अनुसंधान संगठन (इसरो)क वैज्ञानिक आ अधिकारीक टीम दरभंगा तारामंडल परिसर मे संभावित स्थल आ उपलब्ध जमीनक निरीक्षण करत। एहि दिन जिला प्रशासनक संग समन्वय बैसार सेहो होयत। स्थानीय सांसद आ लोकसभा मे भाजपा सचेतक डॉ. गोपाल जी ठाकुर एहि पहल संबंधी जानकारी दैत कहलनि जे केंद्रीय विज्ञान आ अंतरिक्ष मंत्रालयक प्रयास सं परियोजनाक

दिशा मे काज शुरू भेल अछि। इसरो के क्षमता निर्माण आ जनसंपर्क कार्यालयक नोडल अधिकारी आ वैज्ञानिकक टीम परियोजनाक व्यवहार्यता आ संभावित स्थल के आकलन करबाक लेल दरभंगा पहुंचल अछि। टीम जिला प्रशासनक संग समन्वय स्थापित कए केंद्र स्थापनाक आवश्यक औपचारिकता आगू बढ़ाओत। डॉ. ठाकुर कहलनि जे ओ एहि संबंध मे दिल्ली मे केंद्रीय अंतरिक्ष विज्ञान मंत्री जितेंद्र सिंह सं भेंट कए मिथिलाक प्रतिभा कें अंतरिक्ष विज्ञान आ अनुसंधान सं जोड़बाक आग्रह कयने छलाह। ओ मंत्री कें पत्र सौंपबाक संग बेंगलुरु स्थित इसरो केंद्रक दौरो कयने छलाह आ दरभंगा मे प्रस्तावित केंद्रक संभावना पर संबंधित अधिकारीसभक समक्ष अपन पक्ष रखने छलाह। आब एहि दिशा मे पहल शुरू होयब सकारात्मक कदम अछि। निर्धारित कार्यक्रमक अनुसार, 30 अक्टूबर कें सबेरे 10:30 बजे इसरो टीम दरभंगा तारामंडल परिसर मे स्थल निरीक्षण करत। तकर बाद 11:30 बजे सर्किट हाउसक सभागार मे जिला प्रशासनक संग समन्वय बैसार होयत। एहि बैसार मे केंद्रक शैक्षणिक आ तकनीकी स्वरूप, उपलब्ध आधारभूत संरचना, संस्थागत सहयोग आ स्थानीय सहभागिता पर विचार-विमर्श कयल जाएत। बैसार मे ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालयक स्नातकोत्तर भौतिकी विभाग, दरभंगा इंजीनियरिंग कॉलेज, डॉ. एपीजे अब्दुल कलाम महिला प्रौद्योगिकी संस्थान, विश्वविद्यालय सूचना प्रौद्योगिकी संस्थान आ स्थानीय उद्योग-वाणिज्य जगतक प्रतिनिधि भाग लेताह। डॉ. ठाकुरक अनुसार, केंद्र स्थापित भेला सं मिथिलाक विद्यार्थीसब कें अंतरिक्ष विज्ञान, उपग्रह प्रौद्योगिकी, रॉकेट विज्ञान आ वैज्ञानिक नवाचार कें नजदीक सं बुझबाक अवसर भेटत। संगहि, स्कूली आ महाविद्यालयक छात्र-छात्रा सभ मे वैज्ञानिक दृष्टिकोण आ अनुसंधानक प्रति रुचि विकसित करबा मे सेहो मदद भेटत।

राय साहब पोखरिक सफाइ मे युवा सभ कयलनि श्रमदान

दरभंगा, समदिया

जिलाधिकारी सह जिला गंगा समितिक अध्यक्ष कौशल कुमारक निर्देश पर विशेष अभियान 6.0 क अंतर्गत लहेरियासराय स्थित वार्ड संख्या 46क गोविंदपुरक राय साहब पोखर पर स्वच्छता अभियान चलाओल गेल। आगामी छठ पर्वक ध्यान मे राखि आयोजित एहि अभियान मे युवा सभ श्रमदान क पोखरिक परिसर आ आसपासक क्षेत्रक साफ-सफाइ कयलनि। एहि दौरान नमामि गंगे संकल्प कार्यक्रमक माध्यम सं जलस्रोतक संरक्षणक संदेश देल गेल। जिला परियोजना पदाधिकारी फारूक इमाम

कहलनि जे छठ पर्वक पवित्रता बनौने रखबाक लेल स्वच्छ जलस्रोत आ घाटक महत्वपूर्ण भूमिका होइत अछि। स्वच्छता अभियानक सफलता लेल जनभागीदारी आवश्यक बतबैत ओ लोक सभ सं जलस्रोतक संरक्षण मे सामूहिक सहभागिता करबाक अपील कयलनि। ओ कहलनि जे छठ पर्वक बादो जलस्रोतक सफाइ आ संरक्षणक प्रति अपन जिम्मेदारी निभेबाक चाही, जाहि सं आनिहार पीढ़ीक लेल जलस्रोत सुरक्षित रहय।

दरभंगा स्नातक सीट पर राजदक जीत पर कार्यकर्ता सभ मे भारी उत्साह

दरभंगा, समदिया

बिहार विधान परिषदक दरभंगा स्नातक निर्वाचन क्षेत्र पर राजद जीत दर्ज कयलक अछि। राजद प्रत्याशी अनिल कुमार झा अपन निकटतम प्रतिद्वंद्वी भाजपा प्रत्याशी सर्वेश कुमार कें पराजित क विजयी भेलाह। परिणाम घोषित होइते राजद कार्यकर्ता सभ मे खुशीक लहर दौड़ि गेल। स्नातक निर्वाचन क्षेत्रक मतगणना 50 घंटा सं बेसी समय धरि चलल। कतेको चरणक गिनतीक बादो जीत-हारक फैसला नहि भए रहल छल। एहि कारण पूरा राज्यक राजनीतिक नजरि दरभंगा सीट पर टिकल छल। मतगणनाक 10म राउंड मे भाजपा प्रत्याशी सर्वेश कुमार, राजदक अनिल कुमार झा सं

करीब 1,500 मत आगू चलि रहल छलाह। मुदा जीत लेल निर्धारित 31,911 मतक आंकड़ा कोनो प्रत्याशी हासिल नहि क सकलाह। एहि कारण मतगणनाक प्रक्रिया आगू बढ़ाओल गेल। बृहस्पति कें 32 प्रत्याशीक छंटनी कयलाक बाद शेष प्रत्याशीक मतक गिनती आगू बढ़ल। एक चरण मे कांग्रेस प्रत्याशी रजनीकांत पाठकक मतगणना पूरा भेलाक बाद भाजपा प्रत्याशी 1,046 मत सं आगू छलाह। मुदा आखरी परिणाम राजदक पक्ष मे रहल आ अनिल कुमार झा कें विजयी घोषित कयल गेल। राजदक एहि जीत पर पार्टी कार्यकर्ता सभ उत्साह व्यक्त कयलनि आ खुशी मनौलनि।

गंगा जल संधि आ बिहारक जल सुरक्षा पर पटना मे सेमिनार आइ

गादि प्रबंधन, बाढ़ि नियंत्रण आ भविष्यक जल आवश्यकतापर विशेषज्ञ विचार-विमर्श

पटना, समदिया

बिहार सरकारक जल संसाधन विभागक तत्वावधान मे 30 अक्टूबर 2026 कें पटना स्थित होटल चाणक्या मे गंगा जल संधि-बिहारक जल सुरक्षा विषय पर सेमिनार आयोजित होयत। एहि मे गंगा जल संधि सं जुड़ल तकनीकी आ नीतिगत पक्ष, बिहारक वर्तमान आ भविष्यक जल आवश्यकता, गंगा मे गादक जमाव, बाढ़ि प्रबंधन आ बरख भरि जलक उपलब्धता सुनिश्चित करबाक उपाय पर विशेषज्ञ सभ विचार-विमर्श करताह। खराब मौसिमक कारण बक्सर सं फरक्का धरि गंगा नदी मे गादक जमावक स्थिति बुझबाक लेल निर्धारित हवाई सर्वेक्षण स्थगित कए देल गेल अछि। भारत आ बांग्लादेशक बीच 12 दिसंबर 1996 कें 30 बरख लेल हस्ताक्षरित गंगा जल संधिक अवधि

11 दिसंबर 2026 कें समाप्त भए रहल अछि। एहि संधि मे फरक्का बैराजक नीचला धार मे जल बंटवाराक व्यवस्था अछि। बिहारक बढ़ैत जल आवश्यकता आ बदलैत जलवैज्ञानिक परिस्थिति कें देखैत संधिक भावी व्यवस्था मे राज्यक वर्तमान आ भविष्यक जरूरत कें समुचित रूप सं शामिल करब आवश्यक मानल जा रहल अछि। बिहार सरकार बरख 2051 धरि राज्यक अनुमानित जल आवश्यकताक वैज्ञानिक आकलन करौने अछि। प्रारंभिक आकलनक अनुसार, गैर-मानसून अवधि अर्थात जनवरी सं मई धरि बिहार कें न्यूनतम लगभग 10,000 क्यूसेक जलक आवश्यकता अछि। गंगा मे बरख भरि पर्याप्त जल उपलब्ध रहब सिंचाइ, पेयजल आपूर्ति आ औद्योगिक विकास लेल महत्वपूर्ण अछि। बिहारक भौगोलिक बनावट राज्य कें बाढ़ि आ सुखाड़ दुनू तरहक चुनौती लेल संवेदनशील बनबैत अछि। गंगा आ उत्तर बिहारक कतेको नदी हिमालय सं निकलैत अछि आ मानसून मे अपन संग पैघ मात्रा मे गाद आनैत अछि। राज्यक कम ढालवला भौगोलिक संरचनाक कारण नदीक प्रवाह गति कम होयला पर गाद नदीक तल मे जमा होइत अछि। एहि सं नदीक जलवहन क्षमता आ प्रवाह प्रभावित होइत अछि आ बाढ़क जोखिम बढ़ि सकैत अछि।

गादक जमाव नदी, बराज आ जलाशयक जलधारण क्षमता पर सेहो असर डालैत अछि। एहि समस्या कें देखैत राज्य सरकार बिहार जलस्रोत पुनर्स्थापन एवं गाद प्रबंधन नीति, 2026 लागू कयने अछि। गंगा मे गादक समस्या अंतरराज्यीय आ अंतरराष्ट्रीय स्वरूपक होयबाक कारण राष्ट्रीय स्तर पर स्पष्ट गाद प्रबंधन नीति, दीर्घकालीन कार्ययोजना आ गंगा बेसिनक राज्य सभ कें तकनीकी आ वित्तीय सहायता देबाक जरूरत पर सेहो चर्चा होयत। नदी तलक वैज्ञानिक अध्ययन आ आवश्यकतानुसार ड्रेजिंग अर्थात गाद निकालबाक संभावना पर समग्र विचार करबाक जरूरत बताओल गेल अछि। सेमिनार मे विशेषज्ञ सभ वैज्ञानिक अध्ययन आ तकनीकी तथ्यक आधार पर बिहारक जल मांग, जलक न्यायसंगत बंटवारा, गाद प्रबंधन आ बाढ़ि जोखिम कम करबाक व्यावहारिक उपाय सुझौताह। एहि विमर्शक आधार पर तकनीकी आ नीतिगत अनुशंसा तैयार करबाक प्रयास कयल जाएत, जाहि सं बिहारक पक्ष भारत सरकार आ संबंधित संस्थासभक समक्ष तथ्यात्मक रूप सं राखल जा सकय।

दरभंगा मे 55 लाख टाकाक विदेशी शराब जब्त, गोदाम सील

दरभंगा, समदिया

दरभंगा मे अवैध शराबक कारोबारक विरुद्ध मद्यनिषेध विभाग पैघ कारबाइ करैत करीब 55 लाख टाका मूल्यक 4,584.240 लीटर विदेशी शराब जब्त कयने अछि। शराबक खेप नव एयरपोर्ट टर्मिनलक लग सदर थाना क्षेत्रक रानीपुर बेला, वार्ड संख्या-09 मे एनएच-27 कात स्थित एकटा गोदाम आ ओतय ठाढ़ पिकअप सं बरामद भेल। कारबाइक बाद गोदाम कें सील कए देल गेल अछि। सहायक आयुक्त मद्यनिषेध प्रदीप कुमारक नेतृत्व मे विभागीय टीम ई कारबाइ कयलक। विभाग कें 28 अक्टूबर कें गुप्त सूचना भेटल छल जे उक्त गोदाम मे विदेशी शराबक पैघ खेप नुकाकह्ल राखल गेल अछि। सूचनाक अनुसार, छोट-छोट गाड़ी

सभक माध्यम सं शराब दोसर ठाम पठाओल जा रहल छल। सूचनाक आधार पर विभागीय टीम ओतय पहुंचल, मुदा गोदाम मालिक बाहर रहबाक कारण राति मे तलाशी नहि भएह्ल सकल। दोसर दिन स्थानीय लोक आ गोदाम मालिकक संबंधीक मौजूदगी मे सदर थाना पुलिसक सहयोग सं गोदामक ताला तोड़ि तलाशी लेल गेल। एहि दौरान गोदाम आ पिकअप वाहन संख्या इफ06ऋअ1064 सं शराब बरामद कयल गेल। विभागक अनुसार, गोदामक मालिक सरोज चौधरी आ संतोष चौधरी छथि। जांच टीम शराबक स्रोत, परिवहन, आपूर्ति आ वितरण नेटवर्कक जानकारी जुटा रहल अछि। एहि कारोबार सं जुड़ल अन्य लोकक भूमिकाक सेहो जांच कयल जा रहल अछि। संबंधित लोकक विरुद्ध प्राथमिकी दर्ज करबाक प्रक्रिया चलि रहल अछि।

जिला स्तरीय युवा महोत्सव–2026क आयोजन मे युवा सभ देखौलनि अपन प्रतिभाक दमखम

मधुबनी, समदिया

विजेता प्रतिभागी आ दल सभ सम्मानित

कला आ संस्कृति विभाग, बिहार, पटना तथा मधुबनी जिला प्रशासनक संयुक्त तत्वावधान मे बुधदिन सांझ नगर भवन, मधुबनी मे जिला स्तरीय युवा महोत्सव–2026 केर सफल आयोजन कयल गेल। एहिमहोत्सवक उद्देश्य युवा सभ के अपन प्रतिभा देखेबाक मंच देब तथा जिलाक समृद्ध कला आसांस्कृतिक परंपराक संरक्षण आ संवर्धन के प्रोत्साहित करब छल। युवा महोत्सवक अंतर्गत समूहलोकनृत्य, समूह लोकगीत, नुक्कड़ नाटक, चित्रकला आ कविता लेखन सहित पांचटा विधा मे प्रतियोगिताक आयोजन कयल गेल। विभिन्न विधा मे प्रतिभागी सभ उत्साहपूर्वक भाग लैत अपन कलात्मक प्रतिभा,सृजनशीलता आ सांस्कृतिक अभिरुचिक परिचय देलनि। उद्घाटन समारोह मे बिहार विधान परिषदकसदस्य घनश्याम ठाकुर सभ प्रतिभागी के शुभकामना देलनि। ओ पूर्ण विश्वास व्यक्त कयलनि जे जिलाक प्रतिभावान कलाकार राज्य आ राष्ट्रीय स्तर पर अपन प्रतिभाक प्रदर्शन क' जिलाक नाम रौशन करताह।पुरस्कार वितरण समारोह मे जिला परिषद अध्यक्ष श्रीमती बिंदु गुलाब यादव, मिथिला चित्रकला संस्थानकनिदेशक चंद्रशेखर प्रसाद सिंह, जिला कला आ संस्कृति पदाधिकारी नीतीश कुमार तथा जिला युवापदाधिकारी अमरेंद्र कुमार उपस्थित छलाह। अतिथि सभ विभिन्न विधा मे उत्कृष्ट प्रदर्शन करयवलाविजेता प्रतिभागी आ दल सभ के सम्मानित कयलनि तथा हुनका सभक उज्ज्वल भविष्यक कामना कयलनि। जिला स्तरीय युवा महोत्सव–2026 केर विभिन्न प्रतियोगिताक मूल्यांकन संबंधित विधाक अनुभवी कलाकार, विशेषज्ञ आ साहित्यकारसभक निर्णायक मंडल द्वारा कयल गेल। समूह लोकगीत विधाक निर्णायक मंडल मे राष्ट्रीय स्तरक मैथिली लोकगीत कलाकार पूनम मिश्रा तथा आकाशवाणी आदूरदर्शन कलाकार काशीनाथ झा आ रामविलास यादव शामिल छलाह। समूह लोकनृत्य विधाक निर्णायकमंडल मे लोकनृत्य आ लोकसंगीत विशेषज्ञ जटाधर पासवान, लोकनृत्य आ ओडिसी नृत्य कलाकार नेहा कुमारी तथा लोकनृत्य आ शास्त्रीय कथक नृत्य विशेषज्ञ कल्पना कुमारी झा शामिल रहलीह। नुक्कड़ नाटक विधाक निर्णायक मंडल मे निर्देशक आ अभिनेता अनिल कुमार मिश्रा तथा नाट्य कलाकार अधनुकुमार आ मंजू कुमारी चौधरी छलाह। कविता लेखन विधाक निर्णायक मंडल मे रामकृष्ण महाविद्यालय,मधुबनीक प्राध्यापक डॉ. दीपक त्रिपाठी तथा राष्ट्रीय कवि आ रामधारी सिंह दिनकर पुरस्कार सं सम्मानित साहित्यकार रामश्रेष्ठ दीवाना शामिल छलाह। चित्रकला विधाक निर्णायक मंडल मे वस्त्रमंत्रालय, दिल्ली सं राष्ट्रीय पुरस्कार प्राप्त विभा दास तथा बिहार सरकार सं राज्य पुरस्कार प्राप्त अशोकपासवान आ विनिता झा शामिल रहथि।जिला स्तरीय युवा महोत्सवक विभिन्न विधा मे प्रथम आ द्वितीय स्थान प्राप्त करयवला चयनित दलआ प्रतिभागी सभ के राज्य स्तरीय युवा महोत्सव–2026 मे भाग लेबाक अवसर भेटतनि। ओतय ईप्रतिभागी अपन प्रतिभाक प्रदर्शन करैत मधुबनी जिलाक प्रतिनिधित्व करताह। ई अवसर जिलाक युवाकलाकार सभ के अपन कला आ सृजनशीलता के व्यापक मंच पर प्रस्तुत करबाक संगहि जिलाक समृद्धसांस्कृतिक विरासत के आगू बढ़ेबा मे सहायक होयत। समापन समारोहक अंत मे जिला कला आ संस्कृति पदाधिकारी नीतीश कुमार जिला पदाधिकरीक कुशल मार्गदर्शन आ सहयोग लेल हुनका प्रति आभार व्यक्त कयलनि। संगहि युवा महोत्सव के सफल बनाबय मे सहयोग देनिहार निर्णायक मंडलक सभ सदस्य,शिक्षक, प्रशिक्षक, प्रतिभागी आ आयोजन सं जुड़ल सभ कर्मी प्रति धन्यवाद ज्ञापित कयलनि।

» राज्य स्तरीय युवा महोत्सव मे मधुबनी जिलाक प्रतिनिधित्व करताह चयनित प्रतिभागी

विधावार विजेतासभक विवरण

मधुबनी, समदिया

समूह लोकनृत्यःप्रथम स्थान– साक्षी आ समूह, मिथिला लोक कला संगम। द्वितीय स्थान– मधु कुमारी आ समूह, मिथिला चित्रकला संस्थान। तृतीय स्थान– नेहा प्रिया आ समूह, आम्रपाली प्रशिक्षण केंद्र।

समूह लोकगीतः प्रथम स्थान– मिथिला स्वरांगना, आम्रपाली कला प्रशिक्षण केंद्र, मधुबनी। द्वितीय स्थान– ज्योति कुमारी आ समूह, मिथिला चित्रकला संस्थान, मधुबनी तृतीय स्थान– ओम प्रकाश शरण आ समूह।

नुक्कड़ नाटकःप्रथम स्थान– आर.के. प्रोडक्शन। द्वितीय स्थान– आम्रपाली प्रशिक्षण केंद्र। तृतीय स्थान– संदीप विश्वविद्यालय।

चित्रकलाःप्रथम स्थान– विक्की कुमार। द्वितीय स्थान– सौभाग्य सिद्ध। तृतीय स्थान– पिंटू शर्मा।

कविता लेखनः प्रथम स्थान– मनीषा कुमारी, पोल स्टार। द्वितीय स्थान– प्रतिभा कुमारी, पोल स्टार। तृतीय स्थान– आकर्षिका, पोल स्टार।

52 वर्षक ललित नारायण मिश्र तीन स्वर्ण पदक जीत लहरौलनि परचम

बिस्फी, समदिया

इंग्लैंड मे होमयबला विश्व पावरलिफ्टिंग चैंपियनशिप लेल चयन

बिस्फी प्रखंड क्षेत्रक सिगिया उतरवारी टोल निवासी 52 वर्षीय ललित नारायण मिश्र खेल जगत मेउत्कृष्ट प्रदर्शन क अपन जिला, प्रखंड आ गामक नाम रौशन कयने छथि। ओ 24 अक्टूबर 2026 केंहरियाणाक करनाल मे आयोजित राष्ट्रीय पावरलिफ्टिंग चैंपियनशिप मे शानदार प्रदर्शन करैत तीनटास्वर्ण पदक अपन नाम कयलनि। एहि उपलब्धिक संग हुनकर चयन इंग्लैंड मे होयवला विश्वपावरलिफ्टिंग चैंपियनशिप–2026 लेल सेहो भेलनि। ओतय ओ अंतरराष्ट्रीय मंच पर भारतक प्रतिनिधित्व करताह। ललित नारायण मिश्रक एहि सफलता पर पूरा प्रखंड क्षेत्र मे खुशीक माहौल अछि। उल्लेखनीय अछि जे 52 वर्षक आयु मे सेहो पावरलिफ्टिंगक प्रति हुनकर जुनून, लगन आ कठिन मेहनत हुनका एहिमुकाम धरि पहुंचौलक अछि। वर्तमान मे ओ एकटा सफल व्यवसायी छथि। व्यवसायिक व्यस्तताक बादोखेलक प्रति हुनकर समर्पण युवा सभ लेल प्रेरणादायक अछि। हुनकर उपलब्धि ई संदेश दैत अछि जे मनमे दृढ़ संकल्प, उत्साह आ किछु करबाक तमन्ना हो, तं उम्र कहियो सफलता प्राप्त करबाक बाट मे बाधानहि बनैत अछि। निरंतर अभ्यास आ मेहनत सं कोनो लक्ष्य हासिल कयल जा सकैत अछि। ललित नारायण मिश्रक एहि उपलब्धि पर विद्यापति प्रेस क्लबक अध्यक्ष विष्णुदेव सिंह यादव, प्रखंड प्रमुख रीता कुमारी, मुखिया संघक अध्यक्ष सतीश प्रसाद मेहता, सरपंच संघक अध्यक्ष मो. रहमत आलम, समाजसेवीनीरज कुमार मिश्र, नवीन चंद्र मिश्र, शंकर मिश्र, रंजना मिश्र सहित कतेको ग्रामीण आ शुभचिंतक हुनकाबधाई आ शुभकामना देलनि। सभ गोटे हुनकर उपलब्धि पर हर्ष व्यक्त करैत इंग्लैंड मे होयवला विश्वपावरलिफ्टिंग चैंपियनशिप मे सेहो शानदार प्रदर्शन करबाक आ स्वर्ण पदक जीतबाक कामना कयलनि।संगहि हुनकर उज्ज्वल भविष्यक लेल शुभेच्छा व्यक्त कयलनि।

जयनगर मे पटाखाक खुदरा बिक्री लेल इच्छुक दोकानदार सभ देलनि आवेदन

जयनगर, समदिया

दीपावली आ छठ पर्वक मद्देनजर जयनगर मे पटाखाक खुदरा बिक्री करबाक इच्छुक दर्जनों दुकानदार भाकपा-मालेक प्रखंड सचिव सह व्यवसायिक संघ, जयनगरक संरक्षक भूषण सिंहक नेतृत्व मे अनुमंडल पदाधिकारीक कार्यालय पहुंचि आवेदन सौंपलनि। दुकानदार सभ पर्वक अवसर पर नियमानुसार पटाखाबेचबाक लेल आवश्यक लाइसेंस निर्गत करबाक मांग कयलनि। दुकानदार सभ के संबोधित करैत भूषण सिंह कहलनि जे जयनगर मे कतेको छोट दुकानदार दीपावली आ छठक अवसर पर पटाखाक मौसमी बिक्री क अपन परिवारक भरण-पोषण करैत छथि। बेरोजगारीक एहि दौर मे पर्व-त्योहारक समय होयवला बिक्री हुनका सभक आजीविकाक महत्वपूर्ण साधन अछि। एहि लेल इच्छुक दुकानदार सभ के लाइसेंस देबाक प्रक्रिया सरल, पारदर्शी आ समयबद्ध होयबाक चाही, जाहि सं ओ नियमानुसार अपन व्यवसाय क सकथि। ओ कहलनि जे पूर्वहु जयनगर मे पटाखाक खुदरा बिक्री लेल दुकानदार सभ के लाइसेंस देलजाइत छल। पूर्वक व्यवस्थाक अनुभव आ वर्तमान नियम तथा सुरक्षा मानक के ध्यान मे रखैत पात्रदुकानदार सभ के लाइसेंस देबाक पहल होयबाक चाही। एहि व्यवस्था सं छोट व्यापारी सभ के वैध रूप सं कारोबार करबाक अवसर भेटतनि आ हुनका सभक आजीविकाक समस्या दूर करबा मे सहायता भेटतनि।भूषण सिंह अनुमंडल प्रशासन सं मांग कयलनि जे दीपावली आ छठ पर्व के देखैत दुकानदारसभक आवेदन पर अविलंब विचार क नियमानुसार लाइसेंस निर्गत कयल जाय। ओ कहलनि जे प्रशासन के जनसुरक्षा सुनिश्चित करबाक संगहि छोट व्यापारी आ बेरोजगार लोकक आजीविकाक सेहो ध्यान रखबाक चाही। एहि अवसर पर विनोद कुमार यादव, किशन साह, रवि गुप्ता, जय सुरेखा, मिंटू साह, जयराम, अशोक राय, श्याम गुप्ता, सुशील पूर्वे सहित दर्जनों इच्छुक दुकानदार उपस्थित छलाह। सभ गोटे आवेदन सौंपि नियमानुसार पटाखा बिक्रीक लाइसेंस देबाक मांग कयलनि।

जनगणना 2027क सफल क्रियान्वयन लेल मधुबनी मे सात कोषांग गठित

मधुबनी, समदिया

प्रत्येक कोषांग लेल नोडल पदाधिकारी आ सहयोगी कर्मी प्रतिनियुक्त

जनगणना 2027क दोसर चरण अर्थात् जनगणना परिगणनाक सफल, सुचारु आ समयबद्ध क्रियान्वयन लेल मधुबनी जिलास्तर पर सातटा कोषांगक गठन कयल गेल अछि। प्रत्येक कोषांगक कार्य आ दायित्वनिर्धारित करैत संबंधित पदाधिकारी के नोडल पदाधिकारी बनाओल गेल अछि। संगहि, कार्य निष्पादन मे सहयोग लेल सहायक पदाधिकारी आ कर्मीसभक प्रतिनियुक्ति सेहो कयल गेल अछि। जनगणना कार्य लेलआवश्यक कर्मीक उपलब्धता, प्रशिक्षण, तकनीकी सहयोग आ नियमित निगरानी सुनिश्चित करबाकउद्देश्य सं ई व्यवस्था कयल गेल अछि।सात कोषांगक जिम्मेदारी निर्धारित कार्मिक प्रबंधन कोषांगक नोडल पदाधिकारी जिला सूचना विज्ञान पदाधिकारी छथि। ई कोषांग कर्मीक डेटाबेस तैयार करबाक, प्रगणक आ पर्यवेक्षकक पोर्टल पर पंजीकरण, परिचय पत्र आ नियुक्ति पत्र पठेबाक तथा प्रशिक्षण मे कर्मीक उपस्थिति संबंधी विवरण तैयार करबाक काज करत। प्रशिक्षण प्रबंधन कोषांगक जिम्मेदारी नगर आयुक्त, मधुबनी के देल गेल अछि। एहि कोषांग द्वारा प्रशिक्षण संस्थानक चयन, प्रशिक्षण कैलेंडर तैयार करबाक, मास्टर ट्रेनर आ अन्य कर्मीक प्रशिक्षण तथा हिंदी आ मैथिली मे प्रशिक्षणवीडियो तैयार करबाक व्यवस्था कयल जाएत। प्रशिक्षण सामग्री मधुबनी फर्स्ट यूट्यूब चैनल परपॉडकास्टक माध्यम सं उपलब्ध कराओल जाएत। मीडिया आ सोशल मीडिया कोषांगक नोडल पदाधिकारी जिला जनसंपर्क पदाधिकारी छथि। ई कोषांग आधिकारिक सोशल मीडिया आ अन्य माध्यम सं जनगणना संबंधी जानकारीक प्रचार-प्रसार करत। अनुश्रवण कोषांगक जिम्मेदारी अपर समाहर्ता, आपदा प्रबंधन के देल गेल अछि। ई कोषांग दैनिक प्रगति प्रतिवेदन तैयार करबाक, समीक्षा बैसार आयोजित करबाक आ कार्यकबाधा दूर करबाक काज करत। हेल्पलाइन कोषांगक नोडल पदाधिकारी उप निर्वाचन पदाधिकारी छथि। ईजिला नियंत्रण कक्षक संचालन, प्रश्न आ शिकायतक समाधान तथा अभिलेख संधारण करत। आईटी प्रबंधन कोषांगक नोडल पदाधिकारी आईटी मैनेजर छथि। एहि कोषांग पर कंप्यूटर, सॉफ्टवेयर, तकनीकी सहयोगआ वीडियो कॉन्फ्रेंसिंगक व्यवस्था करबाक दायित्व रहत। जनगणना प्रबंधन कोषांगक नोडल पदाधिकारी समाहर्ता, राजस्व छथि। ई जनगणनाक विभिन्न चरणक निगरानी करताह आ आवश्यक निर्देश देताह।30 अक्टूबर सं प्रशिक्षणजनगणना कार्यक सुचारु संचालन लेल 30 आ 31 अक्टूबर तथा 1 सं 6 नवंबर 2026 धरि डीआरडीए सभागार मे जिलास्तरीय आ चार्जस्तरीय पदाधिकारी तथा कर्मीसभक प्रशिक्षण होयत। एहि प्रशिक्षण मे जनगणना प्रक्रिया, तकनीकी पक्ष आ निर्धारित दायित्वक जानकारी देल जाएत, जाहि सं कार्य निर्धारित दिशा-निर्देशक अनुरूप पूरा कयल जा सकय।

झंझारपुर नगर परिषद कें भेटत 5.78 करोड़क सनेश, माधवदास मंदिर लग बनत चिल्ड्रेन पार्क

अमृत-2.0 योजनाक अंतर्गत 578.87 लाख टाकाक प्रशासनिक स्वीकृति

झंझारपुर, समदिया

झंझारपुर नगर परिषद क्षेत्रक विकास लेल एकटा पैघ सौगात भेटल अछि। बिहार सरकारक नगर विकासआ आवास मंत्री तथा झंझारपुरक विधायक नीतीश मिश्रक प्रयास सं नगर परिषद क्षेत्रक कन्हौली स्थितमाधवदास मंदिर लग चिल्ड्रेन पार्कक निर्माण आ जीर्णोद्धार परियोजना कें अमृत-2.0 योजनाक अंतर्गतप्रशासनिक स्वीकृति भेटि गेल अछि। नगर विकास आ आवास विभागक अपर सचिव मनोज कुमारक माध्यम सं एहि संबंध मे नगर परिषद, झंझारपुरक कार्यपालक पदाधिकारी कें स्वीकृति पत्र जारी कयल गेल अछि। विभाग द्वारा एहि परियोजना लेल कुल 578.87 लाख टाका अर्थात् लगभग 5.78 करोड़ टाकाक प्रशासनिक स्वीकृति देल गेल अछि। ई योजना केंद्र प्रायोजित अटल नवीकरण आ शहरी परिवर्तनमिशन (अमृत-2.0)क अंतर्गत संचालित होयत। प्रस्तावित पार्क मे 400 मीटर लंबा चारदीवारी बनाओलजाएत। पार्किंग लेल 600 वर्गफीटक क्षेत्र निर्धारित कयल गेल अछि। एहि अतिरिक्त फाइबर आप्लास्टिक सं निर्मित 10टा मूर्ति, बरखा जल संचयन प्रणाली, बोर पंप, 35टा सौर ऊर्जा चालित बत्ती, चारिटाकॉटेज अथवा गजेबो, शौचालय आ बागवानी सहित अन्य सुविधाक विकास कयल जाएत। विभाग स्पष्टकयने अछि जे परियोजनाक कार्यान्वयन नगर परिषद, झंझारपुर द्वारा ई-टेंडरिंगक माध्यम सं कयलजाएत। चिल्ड्रेन पार्क बनला सं बच्चा सभ कें आधुनिक खेल उपकरणक सुविधा भेटतनि। युवा सभ लेलओपन जिमक व्यवस्था रहत, जखन कि शहरवासी हरियर वातावरण मे समय बिता सकताह। सौर ऊर्जाचालित बत्ती आ बरखा जल संचयन प्रणाली सन सुविधा पार्क कें पर्यावरण अनुकूल बनाबय मे सेहोसहायक होयत। स्थानीय लोक सभ एहि परियोजना पर प्रसन्नता व्यक्त करैत कहलनि जे पार्कक निर्माणसं झंझारपुर शहरक सौंदर्यीकरण कें नव गति भेटत। ई परियोजना नगरक आधारभूत सुविधा बढ़ेबाकसंगहि बच्चा, युवा आ आम नागरिक लेल मनोरंजन आ स्वास्थ्य गतिविधिक एकटा महत्वपूर्ण केंद्र बनिसकैत अछि।

केविके सुखेत मे मखान उत्पादन आ उद्यमिता विकास पर प्रशिक्षण, 50 किसान भेलाह शामिल

मखान प्रसंस्करण आ मूल्य संवर्धन सं किसानक आय बढ़त : वैज्ञानिक

झंझारपुर, समदिया

कृषि विज्ञान केंद्र (केवीके), सुखेत मे बृहस्पतिदिन मखान उत्पादन आ उद्यमिता विकास विषय पर एकदिवसीय कृषक प्रशिक्षण कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। डॉ. राजेंद्र प्रसाद केंद्रीय कृषि विश्वविद्यालय,पूसा द्वारा मखान अनुसंधान आ विकास उत्कृष्टता केंद्रक माध्यम सं प्रायोजित एहि कार्यक्रम मे जिलाक50 महिला आ पुरुष किसान भाग लेलनि। कार्यक्रमक अध्यक्षता केवीकेक वरीय वैज्ञानिक आ प्रधान डॉ.एस. के. गंगवार कयलनि। किसान सभ के संबोधित करैत डॉ. गंगवार कहलनि जे मधुबनी मे मखान उत्पादन आ प्रसंस्करणक अपार संभावना अछि। मखान उपजेनाइए पर्याप्त नहि, बल्कि ओकर प्रसंस्करणआ मूल्य संवर्धन सं जुड़ि किसान अपन आमदनी कतेको गुना बढ़ा सकैत छथि। क्षेत्रीय अनुसंधान केंद्र,झंझारपुरक सहायक प्राध्यापक डॉ. एस.के. मंडल उन्नत मखान उत्पादन तकनीक आ नव शोधकजानकारी देलनि। ओ वैज्ञानिक खेती, उन्नत बीजक चयन आ आधुनिक जल प्रबंधन विधिक जानकारी दैतकहलनि जे एहि तकनीक सभ सं कम लागत मे बेसी उत्पादन आ नीक गुणवत्ता प्राप्त कयल जा सकैत अछि। गाछ संरक्षण वैज्ञानिक डॉ. राहुल सिंह राजपूत पौध उपचार, रोपाइक बाद लगयवला कीट-रोगक समेकित प्रबंधन आ पोषक तत्वक उचित उपयोगक जानकारी देलनि। पशुपालन आ मत्स्यिकी विशेषज्ञ डॉ. जगपाल मखान-माछक एकीकृत खेती पर जोर देलनि। ओ कहलनि जे मखान बला पोखरि मे उपयुक्त प्रजातिक माछ पालन क किसान एकहि ठाम सं अतिरिक्त आमदनी प्राप्त क सकैत छथि। मखान कटाइके बाद ओहि पोखरि मे सिंघाड़ाक खेती करबाक सुझाव सेहो देलनि, जाहि सं जलक्षेत्रक सालों भर उपयोगसंभव होयत आ रोजगारक अवसर बढ़त। सखी संस्था के राकेश सिंह महिला कृषक सभ सहित अन्य किसान के संगठित भएमखान प्रसंस्करण आ उद्यमिता अपनयबाक लेल प्रेरित कयलनि। प्रशिक्षणक क्रम मे किसान सभ के कृषि विज्ञान केंद्रक प्रदर्शन इकाइ सभ सेहो देखाओल गेल। एहि दौरान प्राकृतिक खेती, हरियर खाद, वर्मी कंपोस्ट आ एकीकृत कृषि प्रणालीक व्यावहारिक जानकारी देल गेल। अंत मे वैज्ञानिक सभ किसान सभ के खेती संबंधी समस्याक समाधान लेल केवीके सं निरंतर जुड़ल रहबाक आ वैज्ञानिकसलाह लेबाक आग्रह कयलनि। एहि अवसर पर केंद्रक कर्मी विवेक कुमार सहित अन्य कर्मचारी उपस्थित छलाह।

अर्नव चक्रवातक असरि सं झंझारपुर अनुमंडल मे बूंदाबांदी, सड़क पर सन्नाटा

झंझारपुर, समदिया

धान आ दलहनक फसिल पर संकट, गहूमक बोआइ मे देरीक आशंका

अर्नव चक्रवातक असरि झंझारपुर सहित पूरा अनुमंडल मे देखल जा रहल अछि। बुधदिन राति सं इलाका मे रुकि-रुकि बूंदाबांदी भए रहल अछि। आकाश मे बादल छाएल रहबाक संग हलुक बरखा लगातार होयबाक कारण जनजीवन प्रभावित भेल अछि। लोक घर मे दुबकल छथि। मुख्य सड़क सं लए गामक गली धरि सन्नाटा पसरल अछि। बाजार मे सेहो चहल-पहल कम देखल गेल। बेमौसम बरखा आ चक्रवातक आशंका सं सभ सं बेसी किसान चिंतित छथि। किसानसभक कहब अछि जे बरखा तेज भेल तं खेत मे लागल धानक फसल के भारी नोकसान भए सकैत अछि। बहुतो ठाम धान कटाइ लेल तैयार अछि। एहन स्थिति मे बरखा आ तेज हवा सं फसल खेतहि मे खसि सकैत अछि आ भीजल रहबाक कारण सड़ि सेहो सकैत अछि। दोसर दिस, जे किसान खेत मे दलहनक बुआइ क चुकल छथि, हुनका सभके बीज आ फसल खराब होयबाक डर सता रहल अछि। खेत मे लगातार पानि जमा रहला पर बीजक अंकुरण प्रभावित भएसकैत अछि आ फसल सड़बाक आशंका रहैत अछि। आगामी गेहूं फसल पर सेहोबेमौसम बरखाक असर पड़बाक आशंका अछि। किसानसभक अनुसार, खेत मे बेसी पानि जमा भेला पर जमीन समय पर नहि सुखायत। एहि कारण गेहूं बुआइ लेल खेत तैयार करबा मे देरी भएसकैत अछि,जाहि सं उत्पादन प्रभावित होयबाक संभावना रहत। मौसिम मे अनचोके आएल बदलाव आ लगातार बूंदाबांदी सं किसानसभक चिंता बढ़ि गेल अछि। किसान सभ प्रशासन सं मौसिमक स्थिति के ध्यान मे रखैत उचित कृषि सलाह देबाक तथा फसलक सुरक्षा संबंधी आवश्यक जानकारी उपलब्ध करयबाक मांग कयलनि।

हटिया गाछी रेलवे ढाला पर जामक कारण अचानक रोकय पड़ल ट्रेन

फाटक बंद नहि भेला सं टरल पैघ दुर्घटना, समपार पर सुरक्षा-व्यवस्था पर उठल सवाल

सहरसा, समदिया

सहरसा शहरक हटिया गाछी रेलवे ढाला लग बृहस्पतिदिन रेलवे क्रॉसिंग पर भीषण जाम लगलाक कारणगंभीर स्थिति उत्पन्न भए गेल। सड़क पर वाहन आ लोकक भीड़ रहबाक कारण रेलवे फाटक बंद नहिभए सकल। एहि कारण ट्रेन कें ढाला सं पहिनहि रोकय पड़ल। समय रहैत ट्रेन रुकि गेल, जाहि सं पैघहादसा टलि गेल। एहि घटनाक बाद शहरक रेलवे समपार सभ पर सुरक्षा-व्यवस्था आ यातायात प्रबंधन पर सवाल उठय लागल अछि। शहर मे आधा दर्जन सं बेसी रेलवे क्रॉसिंग अछि, जतय दिनभरि कतेको बेर फाटक बंद आ खोलल जाइत अछि। सहरसा सं सुपौल जायवला रेलखंड पर बंगाली बाजार, गंगजला, कचहरी आ शिवपुरी ढाला प्रमुख अछि। ओतहि मधेपुरा रेलखंड पर हटिया गाछी, पॉलिटेक्निक आसिमराहा ढाला होइत ट्रेन गुजरैत अछि। एहि समपार सभ पर अक्सर जाम आ लोकक जल्दबाजीक कारणसमस्या उत्पन्न होइत रहैत अछि। देशक आजादीक बाद रेलवे विकासक क्षेत्र मे बहुत आगू बढ़ल अछि।सहरसा सं आधुनिक ट्रेन सभक परिचालन सेहो भए रहल अछि, मुदा शहरक कतेको रेलवे समपार आइयोजोखिम बनल अछि। रेलवे फाटकक आसपास जाम रहबाक कारण ट्रेन परिचालनक सुरक्षा पर प्रश्न उठिरहल अछि। बृहस्पतिदिनक घटनाक बाद स्थानीय लोक सभक चिंता बढ़ि गेल अछि। लोक सभक कहब अछि जे जं समय रहैत ठोस विकल्प नहि निकालल गेल, तं भविष्य मे गंभीर दुर्घटना भए सकैत अछि।रेलवे प्रशासन कें समपार सभ पर यातायात नियंत्रण, सुरक्षा-व्यवस्था मजबूत करबाक आ जाम संनिपटबाक लेल प्रभावकारी कदम उठेबाक जरूरत अछि। रेलवे कर्मी आ लोको पायलटक सतर्कताक कारणदुर्घटना टलि गेल, मुदा एहि तरहक स्थिति फेर नहि उत्पन्न हो, ताहि लेल ठोस व्यवस्था करब आवश्यकअछि।

भुतही मे महावीरी झंडा कें लए प्रशासन सतर्क, बीडीओ कयलनि तैयारीक निरीक्षण

सीतामढ़ी, समदिया

सड़क आ बिजली-व्यवस्था दुरुस्त करबा मे जुटल अधिकारी

भुतही मे 1 आ 2 नवंबर कें होमयबला दू दिवसीय महावीरी झंडा कें शांतिपूर्ण आ सौहार्दपूर्ण वातावरण मे संपन्न करयबाक लेल प्रशासन सतर्क अछि। श्रद्धालु सभक सुविधा आ सुरक्षा के ध्यान मे रखैतअधिकारी तैयारी मे जुटल छथि। एहि क्रम मे बीडीओ मृत्युंजय कुमार भुतही पहुंचि आयोजन स्थल आचलि रहल तैयारीक निरीक्षण कयलनि। ओ संबंधित कर्मी सभ कें आवश्यक निर्देश देलनि। भुतही जागेश्वरउच्च माध्यमिक विद्यालय मे शिविर कार्यालय बनाओल जा रहल अछि। बीडीओ ओतय बनि रहल टेंटआ आन व्यवस्था सभक जायजा लेलनि। प्रशासनक प्रयास अछि जे महावीरी झंडाक दौरान श्रद्धालु आ आम लोक कें कोनो परेशानी नहि हो। शांति समिति कें बैसार मे पूर्व पैक्स अध्यक्ष संजय पूर्वे फूलकाहां संभुतही आबयवला सड़क पर पुल लग बनल गड्ढा, सड़कक कात उगल झाड़-झंखाड़ आ चापाकलक समस्या उठौने छलाह। एहि पर बीडीओ संबंधित स्थल सभक निरीक्षण कयलनि। ओ सड़कक गड्ढा भरबय आझाड़-झंखाड़ कटेबाक आश्वासन देलनि। चापाकलक समस्या दूर करबाक लेल लोक स्वास्थ्य अभियंत्रणविभाग कें सूचित कयल गेल अछि। बीडीओ कहलनि जे महावीरी झंडा शांतिपूर्ण आ सौहार्दपूर्ण वातावरणमे संपन्न करायब प्रशासनक प्राथमिकता अछि। एहि लेल संबंधित विभाग सभक समन्वय सं आवश्यकव्यवस्था दुरुस्त कयल जा रहल अछि।बिजली-व्यवस्था दुरुस्त करबा मे जुटल विभागआयोजनक दौरान बिजली संबंधी दुर्घटना रोकबाक लेल बिजली विभाग सेहो सतर्क अछि। विभागक कनीय अभियंता आलोक कुमार आयोजन क्षेत्र मे बिजलीक तार सभक निरीक्षण कयलनि। ओ कहलनि जे संभावित खतरा सभ कें समय रहैत दूर करबाक प्रयास भए रहल अछि। विभागक प्रयास अछि जे बिजली आपूर्तिक सुरक्षा मानकक पालन हो आ श्रद्धालु सभक सुरक्षा सुनिश्चित कयल जा सकय।

पटेल मैदान मे 31 अक्टूबर सं लागत हस्तशिल्प मेला, देशभरिक सामान भेटत

सहरसा, समदिया

सहरसाक हवाई अड्डाक लग पटेल मैदान मे महिला विकास सेवा केंद्रक तत्वावधान मे 31 अक्टूबर सं25 नवंबर धरि हस्तशिल्प मेलाक आयोजन होयत। मेला कें लए मैदान मे जोर-शोर सं तैयारी चलि रहल अछि। बांस-बल्ला आ टेंट-शामियाना लगाओल जा रहल अछि। संगहि साफ-सफाई आ दोकान सभक व्यवस्था कें आखरी रूप देल जा रहल अछि। मेलाक संयोजक सुधीर शर्मा कहलनि जे गरीब, महिला, दलित आ पिछड़ल वर्गक हस्तशिल्पी आ उद्यमी सभ कें अपन उत्पादक प्रदर्शन आ बिक्री लेल मंच उपलब्ध करयबाक उद्देश्य सं मेलाक आयोजन कयल जा रहल अछि। प्रत्येक बरख जकां एहि बेर सेहो जाड़ शुरूहोयबाक संग पटेल मैदान मे खादी आ शिल्प मेला लगत। एहि मे देशक विभिन्न राज्यक शिल्पकारअपन कला आ उत्पादक प्रदर्शन करबाक संग बिक्री सेहो करताह। ओ कहलनि जे एहि बेर मेला मेआकर्षक आ टिकाउ सामानक विशेष व्यवस्था कयल गेल अछि। लखनऊक चिकन वर्क, भदोहीक कालीन,बनारसक साड़ी आ सूट, जयपुरक लहंगा आ कुर्ती, बंगालक कांथा वर्क, असमक बांसक उत्पाद, सहारनपुरकफर्नीचर, कानपुरक लेदर बैग आ फिरोजाबादक कांचक चूड़ी आकर्षणक केंद्र रहत। एहि अतिरिक्तहरियाणाक चादर आ बेडशीट, राजस्थानक अचार आ चूर्ण, दिल्लीक ब्लॉक प्रिंट कुर्ती, गुजरातक बंधेज सूट आ चादर, भागलपुरक सिल्क, मधुबनीक खादी आ मिथिला पेंटिंग, बंगालक जूट बैग आ चप्पल तथाकोलकाताक फैंसी चप्पल सेहो उपलब्ध रहत। खादी ग्रामोद्योगक वस्त्र, दवा आ श्रृंगारक सामानक दोकानसेहो लगत। बिना पानि चलयवला कूलर सहित कतेको उपयोगी उत्पाद मेला मे भेटत। संयोजक सुधीरशर्मा जिलावासी कें बेसी सं बेसी संख्या मे मेला पहुंचि हस्तशिल्प आ स्वदेशी सामानक खरीदारी करबाकअपील कयलनि। मेला मे आबयवला ग्राहक सभक बच्चा सभक मनोरंजन लेल आकर्षक झूला आखेलौनाक व्यवस्था सेहो रहत।

एसपीक निर्देश पर संदिग्ध वाहन आ व्यक्तिक भए रहल अछि जांच

पुलिस निरीक्षक परशुराम सिंह कहलनि जे अपराधी आ तस्कर पर पुलिसक गहिंकी नजरि रहत

सीतामढ़ी, समदिया

जिला मे अपराध नियंत्रण, मादक पदार्थक तस्करी पर रोक लगयबाक आ अन्य अवैध गतिविधि परअंकुश लगयबाक उद्देश्य सं पुलिस सघन वाहन जांच अभियान तेज कय देने अछि। पुलिस अधीक्षक,सीतामढ़ीक निर्देश पर जिलाक विभिन्न थाना क्षेत्र मे वाहन आ संदिग्ध व्यक्तिक जांच कयल जा रहलअछि। एहि क्रम मे सोनबरसा थाना क्षेत्र मे विशेष वाहन जांच अभियान चलाओल गेल। अभियानक दौरानसुरसंड अंचलक पुलिस निरीक्षक परशुराम सिंह स्वयं सड़क पर उतरि वाहनक जांच करैत देखल गेलाह।ओ अभियानक निगरानी करैत पुलिसक सक्रियता देखौलनि। एहि दौरान वाहनक जरूरी कागजातक जांचकरबाक संगहि संदिग्ध व्यक्तिक गतिविधि पर सेहो नजरि राखल गेल। नियमक उल्लंघन पाओल गेलापरकानूनी प्रावधानक अनुसार कारबाइ कयल जा रहल अछि। सुरसंड अंचलक पुलिस निरीक्षक परशुराम सिंह कहलनि जे पुलिस अधीक्षकक निर्देश पर अपराध नियंत्रण, मादक पदार्थक तस्करी पर रोक लगयबाक आअवैध गतिविधि पर अंकुश लगयबाक लेल सघन वाहन जांच अभियान चलाओल जा रहल अछि। एहिदौरान वाहन आ संदिग्ध व्यक्तिक जांच कयल जा रहल अछि। ओ कहलनि जे क्षेत्र मे कानून-व्यवस्थाबनौने रखब आ आपराधिक गतिविधि पर प्रभावकारी नियंत्रण स्थापित करब पुलिसक प्राथमिकता अछि।पुलिसक एहि अभियानक उद्देश्य संदिग्ध गतिविधिक पहचान करब, अवैध सामानक आवाजाही पर रोकलगायब आ आम लोकक सुरक्षा सुनिश्चित करब अछि। सोनबरसा थाना क्षेत्र मे चलाओल जा रहल एहिअभियान सं पुलिसक सक्रियता बढ़ल अछि। पुलिस प्रशासन अपराध पर अंकुश लगयबाक आ जिला मे सुरक्षा-व्यवस्था मजबूत बनौने रखबाक लेल प्रतिबद्ध अछि।

डॉ. एनके यादवक जीतक हैट्रिक पर कुंदन पोद्दार देलनि बधाई

अररिया, समदिया

कोसी स्नातक निर्वाचन क्षेत्र सं लगातार तेसर बेर जीत दर्ज करबाक लेल एनडीए समर्थित भाजपाप्रत्याशी डॉ. एनके यादव कें जिला भाजपा प्रवक्ता कुंदन पौद्दार हार्दिक बधाई आ शुभकामना देलनि। ओकहलनि जे ई जीत स्नातक, शिक्षक आ मतदाता सभक अटूट विश्वासक प्रतीक अछि। कुंदन पौद्दार आशाव्यक्त कयलनि जे डॉ. यादव विधान परिषद मे स्नातक सभक हित आ अधिकारक आवाज मजबूती संउठबैत रहताह। हुनका विश्वास अछि जे डॉ. यादव अपन कार्यकाल मे स्नातक सभक समस्या आ मांग कें सदन मे प्रभावकारी ढंग सं रखताह।

» कहलनि, विधान परिषद मे मजबूत होयत हुनकर अधिकारक आवाज

कुंदन पौद्दार एहि जीत लेल समस्त सम्मानित मतदाता आकार्यकर्ता सभक प्रति आभार व्यक्त कयलनि। ओ कहलनि जे मतदाता सभक समर्थन आ कार्यकर्तासभक मेहनति एहि जीत मे महत्वपूर्ण रहल।

मधुबनी मे स्टार्टअप–बैंक कनेक्ट कार्यक्रम आयोजित

उद्यमी सभ कें वित्तीय सहायता आ बैंकिंग सुविधाक देल गेल जानकारी

मधुबनी, समदिया

राजकीय अभियंत्रण महाविद्यालय, मधुबनीक स्टार्टअप सेल द्वारा स्टार्टअप बिहार आ बिहार सरकारक उद्योग विभागक स्टार्टअप नीतिक अंतर्गत बृहस्पतिदिन स्टार्टअप–बैंक कनेक्ट कार्यक्रमक सफल आयोजन कयल गेल। एहि कार्यक्रमक मुख्य उद्देश्य जिलाक स्टार्टअप आ नवोदित उद्यमी सभ के बैंकिंग सुविधा,वित्तीय सहायता तथा सरकारी योजनाक माध्यम सं व्यवसाय बढ़ेबाक अवसरक जानकारी देब छल। कार्यक्रम मे राजकीय अभियंत्रण महाविद्यालय, मधुबनीक प्राचार्य प्रो. राणा प्रताप सिंह, जिला उद्योगकेंद्रक महाप्रबंधक अमित विक्रम भारद्वाज, परियोजना प्रबंधक रविशंकर उपाध्याय, मधुबनीक अग्रणी जिलाप्रबंधक (एलडीएम) जी.एम. झा, नाबार्डक जिला विकास प्रबंधक (डीडीएम) प्रशांत, स्टार्टअप सेल के फैकल्टी इंचार्ज शशांक सौरभ, स्टार्टअप समन्वयक कुमार हार्दिक, विभिन्न बैंकक प्रतिनिधि आ जिलाक विभिन्नक्षेत्र सं आएल स्टार्टअप संचालक आ उद्यमी शामिल भेलाह। कार्यक्रमक दौरान स्टार्टअप लेल ऋण गारंटीयोजना (सीजीएसएस), बैंक ऋण, कार्यशील पूंजी, ऋण आवेदनक प्रक्रिया, आवश्यक कागजात आ वित्तीयसंस्थान सभ सं जुड़बाक तरीका पर विस्तार सं चर्चा कयल गेल। उद्यमी सभ के अपन व्यवसायिकआवश्यकताक अनुरूप उपयुक्त बैंकिंग सुविधा चुनबाक लेल प्रोत्साहित कयल गेल। बैंक प्रतिनिधि आउद्यमीसभक बीच संवादक माध्यम सं व्यवसाय संचालन मे आबयवला वित्तीय कठिनाइ सभ पर चर्चाभेल। स्टार्टअप के संस्थागत वित्तीय सहायता उपलब्ध करयबाक संगहि डिजिटल वित्तीय सेवा आ डिजिटलभुगतान व्यवस्थाक महत्व पर सेहो प्रकाश देल गेल। एहि पहल केर उद्देश्य जिला मे उद्यमिता आ नवाचार के बढ़ावा देब, स्टार्टअप संचालकसभक वित्तीय जागरूकता बढ़ेब तथा सरकारी संस्थान, बैंक आ उद्यमीसभक बीच समन्वय मजबूत करब अछि। कार्यक्रमक सफल आयोजनक संग स्टार्टअप सेल, राजकीयअभियंत्रण महाविद्यालय, मधुबनी जिला मे स्टार्टअप परिवेश कें सशक्त बनेबाक आ नवोदित उद्यमी सभके आवश्यक मार्गदर्शन उपलब्ध करयबाक अपन प्रतिबद्धता दोहरौलक।

बटराहा मे भक्ति जागरणक धूम सांसद आ विधायक कयलनि शुभारंभ

बटराहा/अररिया, समदिया

सिकटी विधानसभा क्षेत्रक बटराहा गाम स्थित मां लक्ष्मी मंदिर परिसर मे बीतल राति सांस्कृतिक कार्यक्रम सह भक्ति जागरणक आयोजन कयल गेल। कार्यक्रमक शुभारंभ अररियाक सांसद प्रदीप कुमारसिंह आ पूर्व आपदा प्रबंधन मंत्री सह सिकटी विधायक विजय कुमार मंडल संयुक्त रूप सं दीप प्रज्वलितकय आ फीता काटि कयलनि। एहि अवसर पर पैघ संख्या मे श्रद्धालु आ स्थानीय लोक उपस्थितछलाह। विधायक विजय कुमार मंडलक पैतृक गाम बटराहा मे मां लक्ष्मी पूजाक अवसर पर वर्षो सं एहि कार्यक्रमक आयोजन होइत रहल अछि। एहि बेर सेहो मंदिर परिसर मे भक्ति आ उत्साहक माहौल रहल। बंगालक प्रसिद्ध म्यूजिकल ग्रुपक कलाकार सभ भक्ति गीत आ सांस्कृतिक प्रस्तुति दैत दर्शक सभकमन मोहि लेलनि। संगीतक धुन पर लोक देर राति धरि झूमैत रहलाह। सांसद प्रदीप कुमार सिंह मांलक्ष्मी पूजाक शुभकामना दैत कहलनि जे धार्मिक आ सांस्कृतिक आयोजन परंपरा सभ कें संरक्षितरखबाक संग समाज मे आपसी मेलजोल आ सद्भाव बढ़बैत अछि। ओ क्षेत्रक सुख-समृद्धि आ खुशहालीककामना कयलनि। विधायक विजय कुमार मंडल कहलनि जे बटराहा मे मां लक्ष्मी पूजा आ सांस्कृतिककार्यक्रमक परंपरा पुरान अछि। ई आयोजन गामक लोक सभ कें एकजुट करबाक आ धार्मिक-सांस्कृतिक विरासत कें आगू बढ़ेबाक अवसर दैत अछि। ओ श्रद्धालु आ अतिथि सभक प्रति आभार व्यक्त कयलनि। कार्यक्रम मे सुशील कुमार सिंह, इंजीनियर जोशी कुमार मंडल, अजीत झा, पप्पू ठाकुर, अरविंद मंडल, संजीतसिंह, आकाश राज, संजय यादव, शिवशंकर राजभर, पैक्स अध्यक्ष रमन वर्मा आ पत्रकार हेरम कुमार सिंहसहित कतेको गणमान्य लोक उपस्थित छलाह। मंच संचालन पत्रकार हेरम कुमार सिंह कयलनि।

माइनस 25 डिग्री तापमान मे 36 किलोमीटरक कठिन यात्रा, हिमालयक दुर्गम बाट पर देखौलनि साहस

पर्वतारोही लक्ष्मी झा बचन राणाक मार्गदर्शन मे कयलनि गौमुख तपोवन ट्रैक पूरा

सहरसा, समदिया

मिथिलाक पर्वतारोही आ बनगांवक बेटी लक्ष्मी झा उत्तराखंडक प्रसिद्ध गौमुख तपोवन ट्रैक सफलतापूर्वक पूरा कयलनि। हिमालय शेल्टर कंपनीक संग बचन राणाक मार्गदर्शन मे ओ एहि चुनौतीपूर्ण पर्वतारोहणअभियान मे हिस्सा लेलनि। करीब 14,640 फीट ऊंचाइ पर स्थित एहि क्षेत्र मे लक्ष्मी झा माइनस 25डिग्री सेल्सियस तक तापमान आ दुर्गम पहाड़ी बाटक बीच ट्रैकिंग कयलनि। लक्ष्मी झाक अनुसार, एहिअभियान मे गंतव्य धरि पहुंचबाक लेल 18 किलोमीटर पैदल यात्रा करय पड़लनि। वापसी मे फेर 18किलोमीटरक कठिन बाट तय करय पड़लनि। एहि तरहें ओ कुल 36 किलोमीटरक पैदल यात्रा पूराकयलनि। प्रतिकूल मौसिम, कसगर ठंड आ कठिन पहाड़ी रास्ता सभक बादो अभियान पूरा करब हुनका लेल महत्वपूर्ण उपलब्धि रहल। एहि यात्रा कें दौरान लक्ष्मी झा कें विशाल ग्लेशियर, ऊंच-ऊंच पर्वत चोटीआ हिमालयक अद्भुत प्राकृतिक सुंदरता कें नजदीक सं देखबाक अवसर भेटलनि। ट्रैकिंगक दौरानहिमालय शेल्टरक बैनर संग ओ आ हुनकर साथी सभ उत्साहित देखल गेलाह। अभियान मे मार्गदर्शकबचन राणाक भूमिका महत्वपूर्ण रहल।नंदा देवी अभियान मे सेहो लहरा चुकल छथि तिरंगा उल्लेखनीय अछि जे लक्ष्मी झा एहि सं पहिने 19 सितंबर 2026 कें नंदा अष्टमीक पावन अवसर पर15,500 फीट ऊंचाइ पर स्थित नंदा देवी ईस्ट-वेस्ट कैंप पर सफलतापूर्वक पहुंचि तिरंगा फहरौने छलीह।हुनकर लगातार पर्वतारोहण अभियान एहि बातक प्रमाण अछि जे कठिन परिस्थिति आ चुनौती सभकबीचो लक्ष्य प्राप्त करबाक लेल साहस, धैर्य आ निरंतर प्रयास जरूरी अछि। बनगांवक बेटी लक्ष्मी झाकएहि उपलब्धि सं सहरसा जिला सहित पूरा क्षेत्र मे खुशीक माहौल अछि। हुनकर साहस आ पर्वतारोहणकप्रति समर्पण युवा पीढ़ी लेल प्रेरणादायक अछि। जिलावासी हुनकर उपलब्धि पर हर्ष व्यक्त करैत बधाईआ शुभकामना देलनि। लोक सभ आशा व्यक्त कयलनि जे लक्ष्मी झा आगू सेहो नव-नव पर्वतारोहण अभियान मे सफलता प्राप्त कय क्षेत्रक नाम रोशन करैत रहतिह।

शांति अनुभूति भवनक नवम वर्षगांठ हर्षोल्लासक संग मनाओल गेल

सहरसा, समदिया

प्रजापिता ब्रह्माकुमारी ईश्वरीय विश्व विद्यालयक बनगांव रोड स्थित शांति अनुभूति भवनक नौम वर्षगांठ हर्षोल्लासक संग मनाओल गेल। कार्यक्रम मे वक्ता सभ एहि भवन कें शांति, आध्यात्मिक ज्ञान आ राजयोग अभ्यासक केंद्र बतौलनि। सेवा केंद्र प्रभारी स्नेहा बहिन कहलनि जे सहरसा मे ब्रह्माकुमारीजकईश्वरीय सेवा 19 बरख पूरा कय चुकल अछि, जखन कि शांति अनुभूति भवनक स्थापना कें नौ बरख पूरा भेल अछि। ओ कहलनि जे ई सेवाकेंद्र तीर्थस्थल, लाइट हाउस आ पावर हाउस जकां अछि, जतय लोक शांति आ शक्ति के अनुभव करैत छथि। एतय कतेको लोक राजयोगक अभ्यास कय अपना जीवन केंसुखमय, मूल्यवान आ तनावमुक्त बनेने छथि। समस्तीपुर सं आयल ओमप्रकाश भाई कहलनि जे शांति अनुभूति भवन सहरसाक लोक सभक लेल ईश्वरक अनुपम उपहार अछि। एतय आबि लोक मानसिकशांति आ सुकून प्राप्त कय सकैत छथि। ओ समाजक लेल ब्रह्माकुमारीज द्वारा कयल जा रहल निःस्वार्थसेवाक सराहना कयलनि। कार्यक्रमक अवसर पर कर्नल वी. रविशंकर, राधेश्याम अग्रवाल, अर्जुन दहलान, कन्हैया सुरेका, जय प्रकाश यादव, इंजीनियर शिव शंकर प्रसाद सिंह, इंजीनियर शशिकांत भगत आओमप्रकाश चौधरी सहित आन लोक सभ कें ताज आ माला पहिरा कय सम्मानित कयल गेलनि। एहि अवसर पर केक काटल गेल आ दीप प्रज्वलित कय कार्यक्रमक शुभारंभ कयल गेल। बच्ची वंशिका अपननृत्य प्रस्तुति सं उपस्थित लोक सभक मन मोहि लेलनि। कार्यक्रम मे शामिल लोक सभ एक-दोसर केंवर्षगांठक शुभकामना देलनि।

भारी मात्रा मे शराब लदल बाइक चालक गिरफ्तार, दोसर तस्कर फरार

लदनियां, समदिया

एसएसबी बीपीओ मरनैयाक जवान सभ बुधदिन नवटोली महादेव मंदिर लग भारी मात्रा मे शराब लदलएक बाइक चालक कें गिरफ्तार कय लेलनि। ओतहि दोसर शराब तस्कर जवान सभ कें चकमा दैत बाइकछोड़ि फरार भए गेल। गिरफ्तार शराब तस्करक पहचान सिधपकला गाम निवासी सुकुलदेव यादवक 19वर्षीय पुत्र सोनू कुमार यादवक रूप मे भेल अछि। एसएसबीक सहायक उपनिरीक्षक उत्तम कुमार दासकआवेदनक आधार पर लदनियां थानाध्यक्ष मुकुल रंजन कुमार सिंह कांड संख्या 466/026 दर्ज कयलनि।आवेदनक अनुसार, जब्त दुनू बाइक पर कुल 46 लीटर 500 ग्राम अंग्रेजी शराब आ 120 लीटर नेपालीदेसी शराब लदल छल। पुलिस गिरफ्तार शराब तस्कर सोनू कुमार यादव कें न्यायिक हिरासत मे मधुबनी पठा देलक अछि। संगहि, मामिलाक जांच-पड़ताल शुरू कय देलक अछि। फरार दोसर तस्करक खोजबीन सेहो कयल जा रहल अछि।

अमेरिकी मतदाताक रोष झेलि रहल छथि ट्रंप

पुष्परंजन

अमेरिका मे मध्यावधि चुनावक उनटा गिनती शुरू भए गेल अछि। मतदान 3 नवंबर कें होयत। राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंप चुनाव हारियो जाइत छथि, तैयो हुनकर कुर्सी तुरंत खतरा मे पड़त, से जरूरी नहि। ट्रंप स्वयं आशंका जता चुकल छथि जे जं डेमोक्रेटिक पार्टी कांग्रेस पर नियंत्रण प्राप्त कए लैत अछि, तं हुनका विरुद्ध महाभियोग चलेबाक प्रयास भए सकैत अछि। प्रतिनिधि सभा वा सीनेट मे बहुमत भेटलापर डेमोक्रेट सभ लेल ट्रंप सरकारक बजट आ नीति पारित करब कठिन भए सकैत अछि। ट्रंप लग वीटो अधिकार रहत, मुदा विपक्षी दल हुनकर प्रशासनक नैतिक संसदीय जांच शुरू कए राजनीतिक दबाव बढ़ा सकैत अछि। ऑर्थोडॉक्स यहूदी समुदाय मे आइयो करीब 70 प्रतिशत सं बेसी मतदाता ट्रंप आ रिपब्लिकन पार्टीक खुलि कए समर्थन करैत छथि।

मुदा अश्वेत, हिस्पैनिक, यहूदी, मुस्लिम, श्वेत श्रमिक वर्ग आ इवेंजेलिकल मतदाता सभक एकटा हिस्सा अपन राजनीतिक पसंद बदलैत देखाइत अछि। 2024 मे ट्रंप कें राष्ट्रपति बनेबा मे एहि मतदाताक महत्वपूर्ण योगदान छल। आब एहि स्विचर वोटर्स अर्थात अपन पुरान राजनीतिक पसंद बदलनिहार मतदाता सभक ट्रंप प्रशासन सं मोहभंग होइत देखाइत अछि। ट्रंप अमेरिका फर्स्ट आ राष्ट्रीय हित लेल जं नारा दैत रहलाह, मुदा जखन परिवारक बजट पर दबाव पड़ैत अछि, तं एहन नारा बेअसर भए जाइत अछि।

जीतलापर ट्रंपक चुनौती बढ़त

जं ट्रंप मध्यावधि चुनाव जीतैत छथि, तं ई मानल जा सकैत अछि जे ईरान जेकां विवादित क्षेत्र मे हुनकर आक्रामक नीति जारी रहत। रिपब्लिकन पार्टीक प्रतिनिधि सभा आ सीनेट दुनू पर नियंत्रण बनल रहला सं ट्रंप अपन कार्यसूची, कर सुधार आ अन्य नीति आसानी सं आगू बढ़ा सकैत छथि। हुनका विरुद्ध महाभियोगक आशंका सेहो कम भए सकैत अछि। मुदा जीतलापर हुनका अपन वादे पर सेहो ध्यान देबय पड़त। लेख मे देल गेल दावीक अनुसार, हुनका 27 करोड़ 15 लाख अमेरिकी वयस्क कें 5,000 डॉलरक चेक देबाक वादा पूरा करय पड़त, जाहि सं सरकारी खजानापर अतिरिक्त बोझ पड़त। हालक सर्वेक्षणक अनुसार, करीब 87 प्रतिशत डेमोक्रेटिक मतदाता ट्रंपक कामकाज आ आर्थिक नीति सं असंतुष्ट छथि। लगभग 72 प्रतिशत अश्वेत मतदाता हुनकर समग्र कामकाज पसिन नहि करैत छथि। स्वतंत्र मतदाता सभ मे सेहो रोष अछि। करीब 68 प्रतिशत स्वतंत्र मतदाता ट्रंपक कामकाज आ 71 प्रतिशत हुनकर आर्थिक नीति सं असंतुष्ट छथि। युवा पीढ़ीक जेन-जी समूह आ विभिन्न जातीय अल्पसंख्यक समुदाय मे सेहो ट्रंपक प्रति नाराजगी देखल जा रहल अछि। पेट्रोल-डीजल, गैस, भोजन आ जीवनयापनक बढ़ैत खर्च सं परेशान अमेरिकी मध्यमवर्ग आब सरकार पर सवाल उठा रहल अछि।

एशियाई अमेरिकी मतदाताक बदलैत रुख

एशियाई अमेरिकी आ प्रशांत द्वीपवासी (एएपीआई) मतदाता अमेरिका मे तेजी सं बढ़ैत आ अत्यंत विविध समूह छथि। एहि समुदाय मे करीब 1.7 करोड़ योग्य मतदाता छथि, जाहि मे 2024 मे 56 प्रतिशत मतदान कयने छलाह। एसोसिएटेड प्रेस-नॉर्क सेंटर फॉर पब्लिक अफेयर्स रिसर्चक सितंबर 2026 मे कयल गेल सर्वेक्षणक अनुसार, मध्यावधि चुनाव समीप अबैत-अबैत एशियाई अमेरिकी, मूल हवाईयन आ प्रशांत द्वीपवासी मतदाता रिपब्लिकन पार्टी सं बेसी निराश भेल छथि। 8 सं 15 सितंबर 2026 धरि कयल गेल एहि सर्वेक्षण सं पता चलैत अछि जे ट्रंपक दोसर कार्यकाल मे अर्थव्यवस्थाक मोर्चा पर हुनकर छवि कमजोर भेल अछि। एहि समुदाय मे लगभग चारिम हिस्सा वयस्क मात्र राष्ट्रपति रूप मे ट्रंपक कामकाज सं संतुष्ट छथि। अर्थव्यवस्था पर हुनकर प्रदर्शन कें 10 मे लगभग 2 लोक मात्र सही मानैत छथि, जखनकि अधिकांश मतदाता अर्थव्यवस्था कें आगामी चुनावक महत्वपूर्ण मुद्दा मानैत छथि। आयोवाक कॉर्निंग मे रहनिहार 45 वर्षीय कोरियाई अमेरिकी रेबेका लारोको 2016 मे ट्रंप कें वोट देने रहथि। मुदा आब अर्थव्यवस्था सम्हारबाक हुनकर क्षमतापर आश्वस्त नहि छथि। खास कए ईरान युद्धक कारण पेट्रोल-डीजल महग होयबाक स्थिति हुनकर चिंता बढ़ौने अछि। पछिला तीन राष्ट्रपति चुनाव चक्र मे करीब 6.2 लाख नव एएपीआई मतदाता जुड़लाह। कैलिफोर्निया, हवाई, इलिनॉय, मैसाचुसेट्स, मिनेसोटा, न्यू जर्सी, न्यूयॉर्क, नेवादा, ओरेगन, वर्जीनिया, टेक्सास आ वाशिंगटन जेकां राज्य सभ मे एहि समुदाय के प्रभाव बढ़ल अछि। ट्रंप शुरू मे तुलसी गबार्ड आ काश पटेल जेकां एशियाई मूलक व्यक्ति कें महत्वपूर्ण पद पर नियुक्त कयने छलाह, मुदा एहि प्रतिनिधित्वक राजनीतिक प्रभाव टिकाउ नहि रहल। तुलसी गबार्ड 22 मई 2026 कें राष्ट्रीय खुफिया निदेशकक पद सं इस्तीफा देलनि। हुनकर कहब छलनि जे पति अब्राहम विलियम्स बोन कैंसर सं पीड़ित छथि आ ओ परिवारक संग समय बिताबय चाहैत छथि। रिपोर्ट सभ मे ईरान नीति आ विदेश मामिला पर ट्रंप सं मतभेद आ महत्वपूर्ण निर्णय सभ सं अलग राखल जेबाक चर्चा सेहो भेल। काश पटेल आइयो एफबीआई निदेशक छथि। मुदा अप्रैल 2026 मे हुनकर कार्यशैली, शराब सेवन आ अनुपस्थिति सं जुड़ल एकटा रिपोर्टक बाद हुनकर पद सं हटाओल जेबाक अटकल तेज भए गेल छल।

भारत-अमेरिका संबंध पर सेहो असरि

ट्रंप आ प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक माई डियर फ्रेंड बला संबंध आब पहिने जेकां सहज नहि रहल। 22 सितंबर 2019 कें ह्यूस्टनक एनआरजी स्टेडियम मे भेल हाउडी मोदी जेकां विशाल आयोजनक पुनरावृत्ति नहि भए सकल। रूस सं भारतक लगातार कच्चा तेल किनब दुनू नेता बीच मतभेदक एकटा कारण बनल। भारत-पाकिस्तान युद्धविराम करयबाक अपन दावीक अतिरिक्त एपस्टीन फाइल्स जेकां विवादित मुद्दा उठा कए ट्रंप मोदी पर दबाव बनेबाक प्रयास करैत रहलाह। भारत-अमेरिका व्यापार समझौता सेहो टैरिफ दर आ शर्त सभ मे बारंबार बदलावक कारण जटिल बनल रहल। 10, 15, 19 आ 25 प्रतिशत धरि जवाबी शुल्कक चर्चा सं दुनू देशक बीच विश्वास कायम करबाक चुनौती बढ़ल अछि।

आब ट्रंप मध्यावधि चुनाव जीतथि वा हारथि, भारत लेल महत्वपूर्ण प्रश्न ई अछि जे बदलैत अमेरिकी राजनीतिक परिस्थितिक सामना कोना कयल जाय। जं ट्रंप हारैत छथि, तं प्रधानमंत्री मोदी पर हुनकर राजनीतिक दबाव घटि सकैत अछि। 2020 मे ट्रंपक जीत लेल भारतक किछु पुजारी आ हिंदू संगठन विशेष पूजा, हवन आ महायज्ञ करने छलाह। मुदा एहि बेर एहन आयोजनक चर्चा नहि सुनाइत अछि। सवाल उठैत अछि जे ट्रंप लेल पूजा-पाठ करय बला संगठन सभक उत्साह एखन कतय गायब अछि? अमेरिकी मतदाताक बदलैत मिजाज आब ट्रंपक राजनीतिक भविष्यक संग-संग भारत-अमेरिका संबंधक दिशा पर सेहो असर डालि सकैत अछि।

अर्थव्यवस्था पर हुनकर प्रदर्शन कें 10 मे लगभग 2 लोक मात्र सही मानैत छथि, जखनकि अधिकांश मतदाता अर्थव्यवस्था कें आगामी चुनावक महत्वपूर्ण मुद्दा मानैत छथि। आयोवाक कॉर्निंग मे रहनिहार 45 वर्षीय कोरियाई अमेरिकी रेबेका लारोको 2016 मे ट्रंप कें वोट देने रहथि। मुदा आब अर्थव्यवस्था सम्हारबाक हुनकर क्षमतापर आश्वस्त नहि छथि। खास कए ईरान युद्धक कारण पेट्रोल-डीजल महग होयबाक स्थिति हुनकर चिंता बढ़ौने अछि। पछिला तीन राष्ट्रपति चुनाव चक्र मे करीब 6.2 लाख नव एएपीआई मतदाता जुड़लाह। कैलिफोर्निया, हवाई, इलिनॉय, मैसाचुसेट्स, मिनेसोटा, न्यू जर्सी, न्यूयॉर्क, नेवादा, ओरेगन, वर्जीनिया, टेक्सास आ वाशिंगटन जेकां राज्य सभ मे एहि समुदाय के प्रभाव बढ़ल अछि। ट्रंप शुरू मे तुलसी गबार्ड आ काश पटेल जेकां एशियाई मूलक व्यक्ति कें महत्वपूर्ण पद पर नियुक्त कयने छलाह, मुदा एहि प्रतिनिधित्वक राजनीतिक प्रभाव टिकाउ नहि रहल। तुलसी गबार्ड 22 मई 2026 कें राष्ट्रीय खुफिया निदेशकक पद सं इस्तीफा देलनि। हुनकर कहब छलनि जे पति अब्राहम विलियम्स बोन कैंसर सं पीड़ित छथि आ ओ परिवारक संग समय बिताबय चाहैत छथि।

पर्व-त्योहारक बीच राजनीतिक टकराव : आंदोलनक मोहरा किएक बनि रहल छथि व्यापारी?

सौरभ वार्ष्णेय

देश मे पर्व-त्योहारक मौसिम बाजार मे रौनक, कारोबार मे तेजी आ आम लोकक चेहरा पर खुशी अनैत अछि। दीपावली आ आन पाबनिक समय व्यापारी वर्ग कें साल भरिक कमाइ कें पैघ हिस्सा भेटबाक आशा रहैत अछि। दोकानदार, छोट कारोबारी, रेहड़ी-पटरी बला विक्रेता आ कर्मचारी धरि लाखो लोकक आजीविका एहि दिनक कारोबार पर निर्भर करैत अछि। एहन समय मे जं राजनीतिक आंदोलन, चुनावी रैली आ विरोध-प्रदर्शन सं बाजार आ व्यापारिक गतिविधि प्रभावित होइत अछि, तं स्वाभाविक सवाल उठैत अछि जे एकर मूल्य व्यापारी वर्ग किएक चुकाबय? 1 नवंबर कें प्रस्तावित चुनावी रैली आ राहुल गांधीक नेतृत्व मे चलि रहल राजनीतिक विरोधक बीच व्यापारी संगठन सभ पाबनिक कारोबार कें ध्यान मे राखि अपन मांग उठा रहल अछि। एक दिस विपक्ष चुनावी प्रक्रियाक निष्पक्षता आ निर्वाचन आयोगक जवाबदेहीक सवाल उठा रहल अछि, तं दोसर दिस व्यापारी चाहैत छथि जे पाबनिक समय हुनकर कारोबार बाधित नहि हो। एहन परिस्थिति मे सवाल अछि जे राजनीतिक दल आंदोलनक रणनीति बनबैत समय आम नागरिक आ व्यापारिक हित कें प्राथमिकता किएक नहि देथि? लोकतंत्र मे विरोध-प्रदर्शन विपक्षक अधिकार अछि। सरकार सं सवाल पूछब, चुनावी प्रक्रिया मे पारदर्शिताक मांग करब आ संवैधानिक संस्था कें जवाबदेह बनेबाक लेल आवाज उठायब लोकतांत्रिक व्यवस्थाक आवश्यक अंग अछि। जं विपक्ष कें निर्वाचन आयोगक कार्यप्रणाली पर आपत्ति अछि, तं तथ्य, दस्तावेज आ संवैधानिक प्रक्रियाक माध्यम सं अपन पक्ष रखबाक पूरा अधिकार अछि। मुदा कोनो आंदोलनक सफलता मात्र भीड़ जुटेबा वा राजनीतिक संदेश देबा सं नहि मापल जा सकैत अछि। ई देखब सेहो जरूरी अछि जे ओकर आम जनतापर की

असरि पड़ैत अछि। पाबनिक समय बाजार मे ग्राहकक आवाजाही, मालक आपूर्ति, यातायात आ दोकानक संचालन बाधित भेला सं छोट व्यापारी कें पैघ आर्थिक नोकसान भए सकैत अछि। पैघ कारोबारी किछु दिनक नोकसान सहि सकैत छथि, मुदा छोट दोकानदार, दैनिक आमदनी पर निर्भर विक्रेता आ सीमित पूंजी सं कारोबार करयबला लोक प्रतिदिनक कमाइ पर निर्भर रहैत छथि। तें व्यापारी संगठनक मांग कें मात्र राजनीतिक विरोधक नजरि सं देखब उचित नहि होयत।

सरकार आ विपक्ष दुनूक जवाबदेही जरूरी

एहि घटनाक्रम मे सरकारक भूमिका पर सवाल उठब सेहो स्वाभाविक अछि। जं आंदोलन कें लए कए राजनीतिक गतिरोध बढ़ि रहल अछि, तं सरकार आ संबंधित संस्था कें संवादक बाट तकबाक चाही। मुदा पर्याप्त प्रमाण बिना ई निष्कर्ष निकालब उचित नहि जे सरकार जानि-बुझि एहन राजनीतिक गतिरोध उत्पन्न कयलक अछि, जाहि सं आंदोलन समाप्त भए जाय वा विपक्ष दबाव मे आबि जाय। राजनीति मे आरोप-प्रत्यारोप सामान्य बात अछि, मुदा लोकतंत्र मे आरोपक विश्वसनीयता तथ्य सं तय होइत अछि। सरकार कें विपक्षक शिकायतक जवाब देबाक, चुनावी प्रक्रिया सं जुड़ल आशंका दूर करबाक आ ई सुनिश्चित करबाक चाही जे राजनीतिक गतिविधिक कारण आम नागरिकक अधिकार आ आजीविका पर अनावश्यक असरि नहि पड़य। ओतहि विपक्ष कें सेहो स्पष्ट करबाक चाही जे ओकर आंदोलन कोन ठोस मांग पर आधारित अछि, एकर समय-सीमा की अछि आ आम लोक कें कम सं कम परेशानी दैत एकरा कोना आगू बढ़ाओल जा सकैत अछि। निर्वाचन आयोगक शीर्ष पदाधिकारीक जवाबदेही तय करबाक मांग आ मांग पूरा होइतहि आंदोलन समाप्त भए सकबाक सवाल राजनीतिक बहसक महत्वपूर्ण विषय अछि। जं विपक्ष चुनावी प्रक्रिया मे अनियमितताक आरोप लगा रहल अछि, तं ओकरा समर्थन मे ठोस प्रमाण देबाक चाही। दोसर दिस निर्वाचन आयोग कें सेहो अपन संवैधानिक स्वतंत्रता, निष्पक्षता आ पारदर्शिताक प्रति जनताक विश्वास बनौने रखबाक चाही। मुदा कोनो संवैधानिक पदाधिकारी सं इस्तीफाक मांग करब आ ओहि इस्तीफा कें तुरंत स्वीकार करायब दू अलग बात अछि। निर्वाचन आयोगक प्रमुखक पद कोनो राजनीतिक दलक इच्छा सं नहि चलैत अछि। हुनकर नियुक्ति, कार्यकाल आ पद सं हटेबाक प्रक्रिया संविधान आ कानूनक प्रावधानक अनुसार निर्धारित अछि। तें मात्र इस्तीफा होइतहि तीस सेकेंड मे आंदोलन समाप्त भए जायत, ई राजनीतिक वक्तव्य तं भए सकैत अछि, मुदा समस्याक समाधानक गारंटी नहि। जं वास्तविक उद्देश्य चुनावी प्रक्रियापर जनताक विश्वास बहाल करब अछि, तं पारदर्शी जांच, तथ्यक सार्वजनिक स्पष्टीकरण आ संवैधानिक प्रक्रियाक पालन करबाक बाट अपनयबाक चाही।

ब्रिक्स संसदीय मंच : शांति आ न्यायपूर्ण विश्व व्यवस्थाक संकल्प

ललित

आइ जखन दुनियां युद्ध, क्षेत्रीय संघर्ष, आर्थिक अस्थिरता, आतंकवाद, व्यापारिक तनाव आ जलवायु परिवर्तन जेकां गंभीर चुनौती सं घेरल अछि, तखन अंतरराष्ट्रीय सहयोगक सार्थकता मात्र कूटनीतिक घोषणा मे नहि, बल्कि आम लोकक जीवन मे सकारात्मक बदलाव अनबाक क्षमता मे निहित अछि। एहन समय मे 26-27 अक्टूबर 2026 कें नई दिल्लीक संविधान सदन मे आयोजित 12म ब्रिक्स संसदीय मंच वैश्विक लोकतांत्रिक संवाद, जनकेंद्रित विकास आ बहुपक्षीय सहयोगक लेल महत्वपूर्ण अवसर बनि कए उभरल अछि। भारतक अध्यक्षता मे आयोजित ई सम्मेलन एहि विश्वास कें मजबूत करैत अछि जे दुनियां भरिक समस्याक स्थायी समाधान टकराव, वर्चस्व आ संकीर्ण राष्ट्रीय हित मे नहि, बल्कि संवाद, सहमति आ साझा उत्तरदायित्व मे अछि। एहि संसदीय मंचक मुख्य संदेश अछि जे विकासक उद्देश्य मात्र आर्थिक समृद्धि नहि, बल्कि प्रत्येक व्यक्तिक जीवन मे सम्मान, सुरक्षा, अवसर आ खुशहाली सुनिश्चित करब होयबाक चाही। सकल घरेलू उत्पादक वृद्धि, तकनीकी प्रगति, व्यापारक विस्तार आ आधारभूत संरचनाक विकास तखने सार्थक अछि, जखन ओकर लाभ समाजक अंतिम व्यक्ति धरि पहुंचय। जं गरीबी, भुखमरी, बेरोजगारी, असमानता आ सामाजिक वंचना बनले रहैत अछि, तं प्रगतिक दावा अपूर्ण रहत। एहि लेल जनकेंद्रित विकास वैश्विक नीतिक अनिवार्य कसौटी बनबाक चाही। लोकसभा अध्यक्ष ओम बिरलाक सहयोगात्मक संवाद, लोकतांत्रिक मूल्य आ जनहित कें प्राथमिकता देबाक आह्वान एहि दृष्टि सं विशेष महत्व रखैत अछि। संसद लोकतंत्रक आत्मा अछि। ई मात्र कानून बनेबाक संस्था नहि, बल्कि जनताक आकांक्षा, पीड़ा, अधिकार आ अपेक्षाक प्रतिनिधि अछि। सांसदक दायित्व सरकारक निर्णयक समर्थन करब मात्र नहि, बल्कि ओकर समीक्षा करब, जनहितक प्रश्न उठेनाइ आ सत्ता कें जवाबदेह बनौने रखब सेहो अछि। जखन

विभिन्न देशक निर्वाचित प्रतिनिधि एक मंच पर अपन अनुभव आ विचार साझा करैत छथि, तखन संसदीय लोकतंत्र राष्ट्रीय सीमा सं आगू बढ़ि वैश्विक कल्याणक माध्यम बनि सकैत अछि। वर्तमान विश्व व्यवस्था कतेको विरोधाभास सं जूझि रहल अछि। एक दिस विज्ञान, संचार आ कृत्रिम बुद्धिमत्ता मानव जीवन कें अभूतपूर्व क्षमता दैत अछि, तं दोसर दिस युद्ध, अविश्वास, हथियारक होड़ आ आर्थिक विषमता सभ भविष्य कें अनिश्चित बना रहल अछि। एहन परिस्थिति मे सांसद सभक साझा दायित्व अछि जे अपन-अपन देशक नीति कें मानवीय संवेदना, शांति आ न्यायक व्यापक उद्देश्य सं जोड़थि। संसद सभक बीच संवाद सं सरकारक कूटनीतिक प्रयास कें जनप्रतिनिधिक अनुभव भेटैत अछि आ अंतरराष्ट्रीय निर्णय मे पारदर्शिता तथा लोकतांत्रिक जवाबदेही बढ़ैत अछि। ब्रिक्स संसदीय मंचक चारि प्रमुख आधार-संस्थागत लचीलापन, नवाचार, सहयोग आ सतत विकास-भविष्यक वैश्विक राजनीति लेल महत्वपूर्ण अछि। संस्थागत लचीलापन लोकतांत्रिक संस्था कें संकटो मे सक्षम आ उत्तरदायी बनाओत। कृत्रिम बुद्धिमत्ता आ डिजिटल तकनीकक उपयोग मे नैतिकता, पारदर्शिता आ मानवीय हितक रक्षा जरूरी अछि, जाहि सं तकनीक सुविधा आ विकासक साधन बनय, असमानता आ नियंत्रणक नहि। सतत विकासक अर्थ आर्थिक प्रगति आ पर्यावरण संरक्षणक बीच संतुलन बनायब अछि। जलवायु संकट सं कोनो एक देश असगर नहि लड़ि सकैत अछि। एहि लेल संसाधन, ज्ञान आ उत्तरदायित्वक न्यायपूर्ण बंटवारा आवश्यक अछि। एहि सम्मेलनक एकटा महत्वपूर्ण पक्ष ग्लोबल साउथ अर्थात विकासशील देशक आवाज कें अंतरराष्ट्रीय निर्णय प्रक्रिया मे बेसी प्रभावशाली बनायब अछि। दुनियां भरिक पैघ जनसंख्या एहि देश सभ मे रहैत अछि, मुदा वैश्विक वित्तीय व्यवस्था, व्यापारिक नियम आ अंतरराष्ट्रीय संस्था मे हुनकर अपेक्षा कें पर्याप्त स्थान नहि भेटैत रहल अछि। खाद्य सुरक्षा, खाद, ऊर्जा, कर्जक बोझ आ विकास लेल वित्तीय संसाधनक कमी करोड़ो लोकक जीवन कें प्रभावित करैत अछि। ब्रिक्स देशक सांसद सभ कें ई सुनिश्चित करबाक प्रयास करबाक चाही जे वैश्विक नीति मात्र शक्तिशाली देशक हित धरि सीमित नहि रहय, बल्कि विकासशील समाजक वास्तविक आवश्यकता कें सेहो प्रतिबिंबित करय। एहि संदर्भ मे भारतक भूमिका विशेष उल्लेखनीय अछि।

कैंसरक दवाइक दाम पर नियंत्रण जरूरी

संजीव

सुप्रीम कोर्ट मंगलदिन दवाइ आ चिकित्सकीय उपकरणक दाम मे भारी अंतर पर केंद्र सरकार आ निजी अस्पताल सभ सं कतेको कड़ा सवाल पूछलक। गैर-अनुसूचित दवाइक दाम नियंत्रित करबाक मांग सं जुड़ल याचिकापर फैसला सुरक्षित राखैत न्यायालय पूछलक जे 15 टाकाक ड्रिप ट्यूब रोगी कें 250 टाका मे आ 11 हजार टाकाक कैंसर दवा 1.3 लाख टाका मे कोना बेचल जा सकैत अछि। न्यायालय कहलक जे रोगीक तुलना व्यापार सं नहि कयल जा सकैत अछि। दवाइ पर एतेक बेसी नाफा कें अस्पतालक संचालन खर्चक नाम पर उचित नहि ठहराओल जा सकैत अछि। पूर्व स्वास्थ्य सचिव सैलि मिश्रा सेहो दवाइक मूल्य निर्धारण व्यवस्थाक व्यापक समीक्षा करबाक पक्ष मे छथि। हुनकर मानब अछि जे कैंसर दवाइ पर 30 प्रतिशत व्यापारिक नाफाक सीमा जरूरी डेग अछि, मुदा मेडिकल उपकरण आ दोसर चिकित्सकीय सामग्री पर सेहो एहन नियंत्रण आवश्यक अछि। सुप्रीम कोर्टक सवाल अछि जे जं बेसी नाफा समस्या अछि, तं नियंत्रण मात्र कैंसरक दवाइ धरि सीमित किएक रहय। एहि मामिला मे आबय बला फैसला देशक दवा मूल्य नियंत्रण व्यवस्थाक दिशा तय कय सकैत अछि।

रोगीक पीड़ा बनल जनहितक मुद्दा : केरलक निवृत्त बैंककर्मी सरोजम राधाकृष्णन कें 2021 मे स्तन कैंसर भेल छलनि। इलाजक क्रम मे हुनका प्रत्येक मास 63 हजार टाका सं बेसी खर्च करय पड़ैत छलनि। एहि खर्चक कारण परिवारक बचत आ पेंशनक राशि शीघ्र समाप्त भए गेल। एहन स्थिति मे पड़ल हजारो परिवारक पीड़ा बुझैत ओ 2022 मे केरल उच्च न्यायालय मे याचिका दायर कयलनि। मुदा, सितंबर 2022 मे मामिलाक प्रारंभिक सुनवाइक समये हुनकर मृत्यु भए गेलनि। तथापि, उच्च न्यायालय मामिला के बंद नहि कयलक आ जनहित याचिका मे बदलि देलक। एकर नाम जीवन रक्षक पेटेंटयुक्त दवाइयक अत्यधिक दाम सं जुड़ल मामिला राखल गेल। 17 जुलाई 2026 कें सुप्रीम कोर्ट एहि मामिला पर स्वतः संज्ञान लेलक। न्यायमूर्ति विक्रम नाथ आ न्यायमूर्ति संदीप मेहताक पीठ ई देखि आश्चर्यचकित रहि गेल जे दवा खुदरा विक्रेता कें जाहि दाम पर देल जाइत अछि, ओहि आ रोगी सं लेल जाय बला अधिकतम खुदरा दामक बीच 1,000 प्रतिशत सं बेसी अंतर छल। न्यायाधीश सभ एहि स्थिति कें दिन-देखाड़ लूट आ नरसंहार जेकां गंभीर शब्द सभ सं व्यक्त कयलनि।

नाफा आ लूटक बीच अंतर : कोनो कारोबार मे उचित नाफा कमेनाइ गलत नहि अछि। पूंजी लगेनिहार, खतरा उठेनिहार, रोजगार देनिहार आ नव उत्पाद आ सेवा उपलब्ध करेनिहार कारोबारी कें लाभ अर्जित करबाक अधिकार अछि। अंतरराष्ट्रीय राजनीतिक तनाव वा आपूर्ति श्रृंखला मे बाधाक कारण अनचोके बढ़य

बला मुनाफा सेहो कारोबारी परिस्थितिक परिणाम भए सकैत अछि। एहन स्थिति मे सरकार अस्थायी अतिरिक्त कर वा निर्यात शुल्क जेकां उपाय अपना सकैत अछि। पेटेंट व्यवस्थाक अंतर्गत आविष्कारक कंपनी कें किछु समय धरि अपन उत्पाद पर विशेष अधिकार भेटैत अछि, जाहि सं ओ शोध आ विकास पर कयल गेल खर्चक भरपाइ कए सकय। मुदा दवाइक दाम मे असाधारण वृद्धि कें एहन आधार पर उचित नहि कहल जा सकैत अछि। जखन अस्पतालक फार्मेसी कें कैंसरक एकटा इंजेक्शन 2,700 टाका मे देल जाइत अछि, मुदा ओकर अधिकतम खुदरा दाम 27 हजार टाका लिखल रहैत अछि, तं एतेक अंतर शोध वा प्रयोगशालाक खर्च सं नहि बुझाओल जा सकैत अछि। एहि नाफाक लाभ अस्पताल समूह आ दवा आपूर्ति सं जुड़ल बिचौलिया उठा सकैत अछि। एहन व्यवस्था चिकित्साक आ अस्पताल कें सस्ता विकल्प छोड़ि कोनो खास कंपनीक दवा देबाक लेल प्रोत्साहित सेहो कए सकैत अछि। गंभीर कैंसर सं जूझि रहल रोगी लग दवा छोड़बाक विकल्प लगभग नहि रहैत अछि। सामान्य उपभोक्ता बेसी दाम देखलापर सामान किनब छोड़ि सकैत अछि, मुदा जीवन रक्षक इलाज करा रहल रोगी एहन निर्णय सहजता सं नहि लए सकैत अछि। एहि कारण दवाइक दामक सवाल मात्र व्यापारक नहि, बल्कि जीवन आ स्वास्थ्यक अधिकार सं जुड़ल अछि।

इलाजक खर्च सं गरीब होइत परिवार : स्वास्थ्य आ परिवार कल्याण मंत्रालयक मई 2026 मे जारी राष्ट्रीय स्वास्थ्य लेखा 2022-23क अनुमानक अनुसार, देशक स्वास्थ्य खर्चक 43.4 प्रतिशत राशि लोक कें अपन जेबी सं देबय पड़ैत अछि। 2013-14 मे ई हिस्सा 64.2 प्रतिशत छल। 2021-22 मे ई घटि 39.4 प्रतिशत भए गेल छल, मुदा फेर बढ़ल। राष्ट्रीय नमूना सर्वेक्षण कार्यालयक 75म दौरक सर्वेक्षणक अनुसार, लोकक जेब सं होइत स्वास्थ्य खर्च मे दवाइयक हिस्सा करीब 70 प्रतिशत अछि। 2025क घरेलू सामाजिक उपभोग सर्वेक्षण बतबैत अछि जे अस्पताल मे भर्ती होयबाक खर्च मे दवाइय पर ग्रामीण परिवार लगभग 20 प्रतिशत आ शहरी परिवार 15 प्रतिशत खर्च करैत अछि। पब्लिक हेल्थ फाउंडेशन ऑफ इंडियाक अध्ययनक अनुसार, इलाज पर होइत खर्च प्रत्येक वर्ष करीब 5.5 करोड़ लोक कें गरीबी रेखाक नीचा धकेलि दैत अछि। आयुष्मान भारत प्रधानमंत्री जन आरोग्य योजनाक अंतर्गत प्रत्येक परिवार कें सालाना 5 लाख टाका धरि इलाजक सुविधा भेटैत अछि, मुदा कैंसरक गंभीर इलाजक किछुए चरण मे ई राशि समाप्त भए सकैत अछि। 2015 मे शुरू प्रधानमंत्री भारतीय जनऔषधि परियोजनाक उद्देश्य सस्ता दवाइ उपलब्ध करेनाइ अछि। मुदा राष्ट्रीय आवश्यक दवाइ सूची मे शामिल दवाइक कुल मूल्य मे एकर हिस्सा मात्र 1 प्रतिशत आ कुल मात्रा मे 4 प्रतिशत अछि।

मूल्य नियंत्रणक दायरा बढ़ेबाक जरूरत : केंद्र सरकार अपन हलफनामा मे कहने अछि जे ट्रेड मार्जिन रेशनलाइजेशनक माध्यम सं कैंसरक इलाज मे उपयोग होमय बला 137 दवाइक पर वितरक आ खुदरा विक्रेताक नाफा 30 प्रतिशत धरि सीमित कयल गेल अछि। एहि सं पहिने 42 दवाइ पर एकर परीक्षण भेल छल। औषधि विभागक अनुमान छल जे एहि उपाय सं खुदरा दाम 70 प्रतिशत धरि घटि सकैत अछि आ रोगी सभक सालाना 2,500 करोड़ टाका बचत भए सकैत अछि। ड्रग्स प्राइस कंट्रोल ऑर्डर, 2013क अंतर्गत राष्ट्रीय औषधि मूल्य निर्धारण प्राधिकरण आवश्यक दवा सूची मे शामिल दवाइक अधिकतम दाम तय करैत अछि। एहि गणना मे खुदरा विक्रेताक लेल 16 प्रतिशत नाफा जोड़ल जा सकैत अछि। मुदा आवश्यक दवा सूची मे करीब 388 प्रकारक दवाइ अणु शामिल अछि, जे देशक दवा बाजारक कुल कारोबारक लगभग 17 सं 20 प्रतिशत हिस्सा अछि। शेष 80 प्रतिशत बाजारक दवाइय पर ई नियम लागू नहि होइत अछि। कंपनी सभ नव दवाइक शुरुआती दाम अपन हिसाबें तय कए सकैत अछि, हालांकि बादक वर्ष सभ मे सालाना कीमत वृद्धि पर 10 प्रतिशतक सीमा अछि। आवश्यक वस्तु अधिनियम, 1955क आधार पर जारी एहि मूल्य नियंत्रण व्यवस्थाक अंतर्गत सरकार जनहित मे दवा आ चिकित्सकीय उपकरणक दाम सीमित कए सकैत अछि। 2017 मे राष्ट्रीय औषधि मूल्य निर्धारण प्राधिकरण हृदयक धमनियो मे लगाओल जाय बला स्टेंटक कीमत 85 प्रतिशत धरि घटा देने छल।

महाराष्ट्र एमएलसी चुनाव मे महाविकास आघाड़ी देखेलक दम

महाराष्ट्र एमएलसी चुनाव मे महाविकास आघाड़ी अपन दम देखेलक अछि। गठबंधन पुणे, नागपुर आ औरंगाबादक तीनू स्नातक सीट पर जीत दर्ज कयलक। पुणे मे हर्षदा देशमुख-जाधव आ औरंगाबाद मे डॉ. प्रतापसिंह पाटील शरद पवार गुटक उम्मीदवारक रूप मे जीतलथि। नागपुर मे कांग्रेसक अभिजीत वंजारी लगातार दोसर बेर विजयी रहलाह। दोसर दिस, पुणे शिक्षक सीट बीजेपीक कौस्तुभ गावड़े आ अमरावती शिक्षक सीट शिवसेना शिंदे गुटक किरण सरनाईक जीतलनि। पांचू सीट के परिणाम घोषित भए चुकल अछि। महाविकास आघाड़ी कें 3 आ महायुति कें 2 सीट भेटल अछि। महाराष्ट्र विधान परिषद चुनावक परिणाम मे महाविकास आघाड़ी अर्थात एमवीए सत्ताधारी महायुति कें पैघ झटका देलक। स्नातक निर्वाचन क्षेत्रक तीनू सीट पर विपक्षी गठबंधनक उम्मीदवार जीत दर्ज कयलनि। ओतहि, शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र मे बीजेपी आ एकनाथ शिंदेक शिवसेना बाजी मारलक। पांच सीट पर भेल एहि मोकाबला मे एमवीए कें 3 आ महायुति कें 2 सीट भेटल। पुणे सं लए नागपुर आ मराठवाड़ा धरि आयल परिणाम महाराष्ट्रक राजनीति मे नव चर्चा छेड़ि देने अछि। शरद पवार गुट दू स्नातक सीट जीतलक, जखनकि कांग्रेस नागपुर मे अपन कब्जा बरकरार रखलक। एहि चुनावक मतगणना सेहो बहुत दिलचस्प रहल। पांचू निर्वाचन क्षेत्र मे वोटक गिनती करीब 36 घंटा धरि चलल। कोनो सीट पर उम्मीदवार पहिल पसंदक वोटक आधार पर जीत लेल जरूरी कोटा हासिल नहि कए सकलाह। एहि कारण दोसर आ तेसर पसंदक वोटक गिनती करय पड़ल। एही वजह सं परिणाम आबय मे देरी भेल। आब पांचू सीट के परिणाम घोषित भए चुकल अछि आ कोनो सीट के परिणाम बाकी नहि अछि। स्नातक वर्ग मे एमवीएक जीत विपक्ष कें मजबूती देने अछि। दोसर दिस, शिक्षक सीट पर जीत सं महायुति कें सेहो राहति भेटल अछि।

पुणे स्नातक सीट पर हर्षदा देशमुख-जाधव विजयी

पुणे स्नातक निर्वाचन क्षेत्र मे राष्ट्रवादी कांग्रेस पार्टीक शरद पवार गुटक हर्षदा देशमुख-जाधव बीजेपीक स्मिता जाधव कें हरा देलनि। हर्षदा कें पहिल पसंदक 1 लाख 12 हजार वोट भेटलनि, जखनकि स्मिता कें 1 लाख 2 हजार वोट प्राप्त भेलनि। कड़ा मोकाबला मे हर्षदा शुरूए सं बढ़त बनौने रहलीह। जीत लेल जरूरी कोटा पूरा नहि भेलाक बाद प्राथमिकताक आधार पर वोटक गिनती भेल आ अंततः हर्षदा विजयी घोषित भेलीह।

औरंगाबाद आ नागपुर मे सेहो विपक्षी गठबंधनक दबदबा

औरंगाबाद स्नातक सीट पर शरद पवार गुटक डॉ. प्रतापसिंह पाटील अजित पवार गुटक वर्तमान विधायक सतीश चव्हाण कें करीब 15 हजार वोट सं हरा देलनि। चव्हाण लगातार तीन बेर एहि सीट पर जीत हासिल कयने छलाह, मुदा एहि बेर हुनका हारक सामना करय पड़लनि। ओतहि, नागपुर स्नातक निर्वाचन क्षेत्र मे कांग्रेसक अभिजीत गोविंदराव वंजारी लगातार दोसर बेर जीत दर्ज कयलनि। ओ दिसंबर 2020 मे सेहो एहि सीट पर जीत हासिल कयने छलाह। नागपुर कें बहुत दिन धरि बीजेपीक गढ़ मानल जाइत रहल अछि। एहन स्थिति मे वंजारीक जीत विपक्ष लेल महत्वपूर्ण मानल जा रहल अछि।

महाविकास आघाड़ी कें 3 आ महायुति कें 2 सीट भेटल

पुणे शिक्षक सीट बीजेपीक खाता मे

पुणे शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र मे बीजेपीक कौस्तुभ गावड़े विजयी रहलाह। हुनका 20,118 वोट भेटलनि। शिवसेना शिंदे गुटक समर्थित उम्मीदवार सचिन सानप कें 13,642 वोट भेटलनि, जखनकि निर्दलीय दत्तात्रय सावंत कें करीब 10 हजार वोट प्राप्त भेलनि। कांग्रेसक वर्तमान विधायक जयंत आसगावकर कें 8,600 वोट भेटलनि। एहि सीट पर उम्मीदवार कें लए बीजेपी आ शिंदे गुटक बीच मतभेद सेहो सोझां आयल छल। अंततः जीत बीजेपीक कौस्तुभ गावड़े के नाम रहल।

अमरावती मे शिंदे गुट बचौलक अपन सीट

अमरावती शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र मे शिवसेना शिंदे गुटक उम्मीदवार किरण सरनाईक कांग्रेसक आदिती पोहरे कें हरा देलनि। वर्तमान विधायक सरनाईक दोबारा जीत हासिल कए अपन सीट बरकरार रखलनि। एहि तरहें शिक्षक निर्वाचन क्षेत्रक दुनू सीट महायुति के खाता मे गेल। कुल मिला कए पांचू सीट के परिणाम मे एमवीए 3 आ महायुति 2 सीट पर जीत दर्ज कयलक। फिलहाल कोनो परिणाम लंबित नहि अछि।

बिहारक राजनीतिक 'बाजीगर' कोना बनि रहल छथि प्रशांत किशोर? विधायक सं विधान पार्षद धरि

बिहारक राजनीति मे प्रशांत किशोर आ हुनकर जन सुराज पार्टी तेजी सं एकटा नव धुरीक रूप मे उभरि रहल अछि। एक समय छल, जखन पार्टी गठनक बाद शुरूआती दू उपचुनाव आ 2025क बिहार विधानसभा चुनाव मे जन सुराज एकोटा सीट जीतेबा मे सफल नहि भेल छल। मुदा, बीजेपीक गढ़ मानल जायबला बांकीपुर विधानसभा क्षेत्र मे भेटल जीतक बाद पार्टीक राजनीतिक ग्राफ तेजी सं ऊपर उठल अछि। मात्र तीन मासक भीतर जन सुराज राज्यक दुनू सदन (विधानसभा आ विधान परिषद) मे अपन मजबूत मौजूदगी दर्ज करा लेने अछि। विधान परिषद चुनाव मे पार्टी दरभंगा शिक्षक सीट पर जीत हासिल करबाक संग आन सीट सभ पर सेहो कड़ा मोकाबला दैत राज्यक स्थापित राजनीतिक दल सभक समीकरण बिगाड़ि देलक। बिहार विधान परिषद (एमएलसी) चुनाव मे जन सुराजक प्रत्याशी सुरेश प्रसाद राय दरभंगा शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र सं शानदार जीत दर्ज कयलनि। एहि जीतक संग जन सुराज पार्टी आब बिहार विधानसभा आ विधान परिषद, दुनू सदनक हिस्सा बनि गेल अछि। एहि सं पहिने 30 जुलाई कें भेल बांकीपुर विधानसभा उपचुनाव मे पार्टी ऐतिहासिक जीत हासिल कए विधानसभा मे अपन खाता खोलने छल।

दरभंगा शिक्षक सीट पर जीतक संग दुनू सदन मे प्रवेश

सभ सीट पर असगरे चुनाव लड़य बला एकमात्र पार्टी

बिहार एमएलसी चुनाव मे जन सुराज पार्टीक प्रदर्शन आ ओकर चुनावी रणनीति सही दिशा मे काज कयलक। आठ सीट पर भेल एहि चुनाव मे जन सुराज एकमात्र पार्टी छल, जे सभ सीट पर अपन उम्मीदवार उतारने छल। पार्टीक प्रत्याशी सुरेश प्रसाद राय दरभंगा शिक्षक सीट पर जीत हासिल कयलनि। ओतहि, पटना स्नातक आ पटना शिक्षक, दुनू सीट पर जन सुराजक उम्मीदवार तेसर स्थान पर रहलथि। भले आन सीट सभ पर पार्टीक प्रत्याशी दोसर स्थान पर नहि रहलथि, मुदा हुनका भेटल वोट कतेको प्रमुख राजनीतिक दल सभक चुनावी समीकरण बिगाड़ि देलक। एहि सं पहिने 2023 मे सारण शिक्षक निर्वाचन क्षेत्रक उपचुनाव मे निर्दलीय प्रत्याशी के रूप मे जीत हासिल करय बला आफाक अहमद बाद मे जन सुराज पार्टी मे शामिल भए गेल छलाह। एहि बेर आफाक अहमद जन सुराजक टिकट पर चुनावी मैदान मे छलाह, मुदा हुनका तेसर स्थान सं संतोष करय पड़लनि। एहि चुनाव सं ई संकेत भेटैत अछि जे पार्टी अपन जनाधार राज्यक अलग-अलग हिस्सा मे बढ़ेबाक प्रयास कए रहल अछि।

एक साल मे बदलल चुनावी ढांचा आ भविष्यक राजनीति

2025 के विधानसभा चुनाव मे खाता तक नहि खोलि सकय बला जन सुराज पार्टी लेल पिछला एक साल बहुत निर्णायक रहल अछि। बांकीपुर उपचुनाव मे बीजेपीक मजबूत किला मे सेंध लगेलाक बाद प्रशांत किशोरक राजनीतिक साख लगातार बढ़ल अछि। एकक बाद एक भेटल सफलता आ एमएलसी चुनाव मे प्राप्त वोटक प्रतिशत सं जन सुराज ई संकेत देने अछि जे ओ बिहारक राजनीति मे लंबा पारी खेलबाक लेल तैयार अछि।

वाराणसी मे सपाक डबल धमाका, स्नातक आ शिक्षक दुनू सीट पर बीजेपी चारु नाल चित

उत्तर प्रदेश एमएलसी चुनाव मे वाराणसी स्नातक सीटक परिणाम सेहो आबि गेल अछि। एहि सीट पर समाजवादी पार्टी बाजी मारलक। एतय सं सपा के आशुतोष सिन्हा जीतलाह। ओ 18 हजार सं बेसी वोट सं जीत दर्ज कयलनि। एहि जीतक संग वाराणसीक दुनू सीट पर समाजवादी पार्टी कब्जा जमा लेलक अछि। एहि सं पहिने वाराणसी शिक्षक सीट के परिणाम आयल छल, जाहि मे सपा के लाल बिहारी यादव जीत दर्ज कयने छलाह। वाराणसी एमएलसी स्नातक निर्वाचन क्षेत्रक चुनाव मे सपाक आशुतोष सिन्हा बीजेपीक उम्मीदवार केदारनाथ सिंह कें 18,459 वोट सं हरा देलनि।

मतगणनाक 23म दौरक बाद आशुतोष सिन्हा कें 53,573 वोट भेटल छलनि, जखनकि केदारनाथ सिंह कें 35,114 वोट भेटल छलनि। आशुतोष सिन्हा दोसर बेर विधान पार्षद निर्वाचित भेलाह। जीतक बाद ओ कहलनि, ह्यएखन तं ई झांकी अछि, पूरा उत्तर प्रदेश बाकी अछि। वाराणसीक दुनू सीट पर समाजवादी पार्टीक कब्जा भेलाक बाद पार्टीक प्रमुख अखिलेश यादव बीजेपी पर तंज कसैत कहलनि, डबल इंजन, डबल जीरो। उत्तर प्रदेश मे बीजेपी अपन 6 सीट बरकरार रखलक, जखनकि सपा 5 सीट जीतलक। एहि तरहें पिछला चुनावक तुलना मे सपा के सीट सभक संख्या 2 बढ़ि गेल अछि। ई परिणाम अगिला साल होमय बला राज्य विधानसभा चुनाव सं पहिने आयल अछि।

दुनू सीट पर समाजवादी पार्टीक कब्जा

बीजेपी लगातार तेसर बेर जीत हासिल करबाक प्रयास मे जुटल अछि। बीजेपी मेरठ, बरेली-मुरादाबाद, लखनऊ, आगरा आ गोरखपुर-फैजाबाद सीट पर अपन कब्जा बरकरार रखलक। एहि मे गोरखपुर-फैजाबाद शिक्षक सीट पर पार्टी मात्र 307 वोटक मामूली भेद सं जीत हासिल कयलक। मुदा, वाराणसी मे पार्टी कें पैघ झटका लागल, जतय सपा स्नातक आ शिक्षक, दुनू सीट पर जीत दर्ज कयलक। एकर अतिरिक्त सपा आगरा शिक्षक सीट, इलाहाबाद-झांसी स्नातक सीट आ लखनऊ स्नातक सीट पर सेहो जीत हासिल कयलक। समाजवादी पार्टीक प्रमुख अखिलेश यादव एहि परिणाम कें बीजेपी लेल पैघ झटका बतौलनि आ दावा कयलनि जे यूपी एमएलसी चुनाव मे बीजेपीक पूरा सफाया भए गेल अछि।

कर्नाटक विधान परिषद चुनाव मे कांग्रेसक सूपड़ा साफ, विपक्ष चारु सीट जीतलक

कर्नाटक मे विधान परिषदक चारि सीट पर भेल चुनाव मे कांग्रेस कें करारी हारक सामना करय पड़ल अछि। विपक्षी भारतीय जनता पार्टी (बीजेपी) आ जनता दल (सेक्युलर) सभ चारू सीट जीत लेलनि। ओतहि, राज्यक मुख्यमंत्री डीके शिवकुमार कहलनि जे कांग्रेस विधान परिषद चुनाव मे अपन प्रदर्शनक समीक्षा करत आ हारक कारण सभक विश्लेषण करत। डीके शिवकुमार एमएलसी चुनावक परिणाम स्वीकार कयलनि आ बैलेट पेपरक समर्थन कयलनि। हालांकि, ओ मतदाता सूची सं नाम हटाओल जेबाक मामिला पर चिंता जतौलनि। बीजेपी तीन सीट पर अपन कब्जा बरकरार रखलक, जखनकि जनता दल (सेक्युलर) बेंगलुरु शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र मे कांग्रेस कें हरा कए ई सीट अपना नाम कयलक। बीजेपी उत्तर-पूर्व शिक्षक, दक्षिण-पूर्व स्नातक आ पश्चिम स्नातक निर्वाचन क्षेत्र मे कांग्रेसक उम्मीदवार सभ कें हरा कए जीत दर्ज कयलक। चुनाव परिणाम सं कांग्रेस सरकारक स्थिरता पर असर पड़बाक संभावना नहि अछि। मुदा, एकरा बीजेपी आ जनता दल (सेक्युलर) के विपक्षी गठबंधनक मजबूतीक संकेत मानल जा रहल अछि। ई परिणाम गठबंधन लेल नैतिक जीत सेहो मानल जा रहल अछि। अधिकारी सभ बुधदिन बतौलनि जे बेंगलुरु शिक्षक आ उत्तर-पूर्व शिक्षक निर्वाचन क्षेत्रक परिणाम मंगलदिन घोषित कए देल गेल छल, जखनकि दोसर दू निर्वाचन क्षेत्र मे मतगणना राति भरि चलैत रहल। विधान परिषदक चारू सीट पर 23 अक्टूबर कें मतदान भेल छल। परंपराक अनुसार, एहि चुनाव मे मतपत्रक इस्तेमाल कयल गेल। अधिकारी सभक अनुसार, बेंगलुरु शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र मे जनता दल (सेक्युलर) के उम्मीदवार ए. पी. रंगनाथ दोबारा चुनाव लड़ि रहल कांग्रेसक वर्तमान विधान पार्षद पुट्टन्ना कें 908 वोटक भेद सं हरा देलनि। रंगनाथ कें 10,810 वोट भेटलनि, जखनकि पुट्टन्ना कें 9,902 वोट प्राप्त भेलनि। अधिकारी सभ बतौलनि जे उत्तर-पूर्व शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र मे बीजेपीक वर्तमान विधान पार्षद शशिल जी. नामोशी कांग्रेसक उम्मीदवार शरणप्पा मत्तूर कें हरा देलनि। पार्टी सूत्रक अनुसार, एहि निर्वाचन क्षेत्र सं ई हुनकर पांचम जीत अछि। एहि क्षेत्र मे अखिल भारतीय कांग्रेस कमेटीक अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खरगेक गृह क्षेत्र कलबुर्गी आ कल्याण कर्नाटक क्षेत्रक पड़ोसी जिला सभ शामिल अछि। नामोशी 3,297 वोटक भेद सं जीत दर्ज कयलनि। हुनका 15,596 वोट भेटलनि, जखनकि मत्तूर कें 12,299 वोट प्राप्त भेलनि। दक्षिण-पूर्व स्नातक निर्वाचन क्षेत्र मे बीजेपीक उम्मीदवार के. एम. सुरेश कांग्रेसक उम्मीदवार शशि हुलिकुंटे मट्ठ कें पैघ भेद सं हरा देलनि। सुरेश 23,098 वोटक भेद सं जीत हासिल कयलनि। हुनका 66,020 वोट भेटलनि, जखनकि कांग्रेसक उम्मीदवार कें 42,922 वोट प्राप्त भेलनि।

डीके शिवकुमार की कहलनि

एहि चुनाव कें गठबंधन सहयोगी बीजेपी आ जनता दल (सेक्युलर) के बीच तालमेलक परीक्षा मानल जा रहल छल। एकर संग शिक्षक आ स्नातक मतदाता सभक बीच कांग्रेसक समर्थन आधारक सेहो परीक्षा भए रहल छल। बेंगलुरु मे ई मोकाबला खास महत्व रखैत छल, कारण पुट्टन्ना 2023 के पिछला विधानसभा चुनाव सं पहिने जनता दल (सेक्युलर) छोड़ि कांग्रेस मे शामिल भए गेल छलाह। पुट्टन्ना आ रंगनाथ, दुनू वोक्कालिगा समुदाय सं छथि। अपन एकमात्र सीट बचयबाक आ आन निर्वाचन क्षेत्र सभ मे अपन मौजूदगी बढ़ेबाक प्रयास कए रहल कांग्रेस एहि मे सफल नहि भए सकल। मुख्यमंत्री डी. के. शिवकुमार, कर्नाटक प्रदेश कांग्रेस कमेटीक कार्यकारी अध्यक्ष बी. के. हरिप्रसाद, मंत्री आ पार्टीक वरिष्ठ नेता सभ चारू निर्वाचन क्षेत्र मे प्रचार कयने छलाह। 75 सदस्यीय विधान परिषद मे वर्तमान मे कांग्रेसक 38, बीजेपीक 24 आ जनता दल (सेक्युलर) के 6 सदस्य छथि।

एनएच-527 ई पर दू पोखरि पर फ्लाइओवर बनेबाक मांग, एसडीओ केलनि स्थल निरीक्षण

करियन आ भटोरा पंचायतक जनप्रतिनिधि आ ग्रामीण सभ कें उचित कारबाइक आश्वासन

शिवाजीनगर/समस्तीपुर, समदिया

शिवाजीनगर प्रखंडक करियन पंचायतक भररिया गाम स्थित मसोमाती पोखरि सहित एनएच-527 ई पर पड़यवला करियन आ भटोरा पंचायतक दू पोखरि पर फ्लाइओवर निर्माणक मांग कें लए क बृहस्पतिदिनअधिकारीसभक टीम स्थल निरीक्षण कयलक। रोसड़ा एसडीओ पूजा कुमारी, एनएचएआईक एसडीओ संजीवकुमार वर्मा आ सीओ अंबपाली यादव मौका पर पहुंचि स्थिति कें जायजा लेलनि। निरीक्षणक बाद ग्रामीणसभ मे दुनू पोखरि पर पुल निर्माणक उम्मीद जगल अछि। बताओल जाइत अछि जे राष्ट्रीय राजमार्गकएहि हिस्सा मे पड़यवला दुनू पोखरि पर पुल बनेबाक मांग स्थानीय जनप्रतिनिधि आ ग्रामीण सभ पछिलादू-तीन बरख सं लगातार उठा रहल छथि। समस्या कें दूर करबाक लेल संबंधित विभागक अधिकारी सभ कें कई बेर लिखित

आवेदन द ध्यान आकृष्ट कराओल गेल अछि। ग्रामीणसभक मांग अछि जे सड़क निर्माणक दौरान दुनू पोखरि पर फ्लाइओवर अथवा पुल बनाओल जाए, जाहि सं जलनिकासी आ स्थानीयआवागमन संबंधी समस्याक समाधान भए सकय। स्थल निरीक्षणक दौरान अधिकारी सभ पंचायत प्रतिनिधि आ ग्रामीण सभ सं बातचीत क हुनकर समस्या आ मांगक जानकारी लेलनि। एसडीओ पूजा कुमारी ग्रामीण सभ कें आश्वासन देलनि जे एहि मांग कें गंभीरतापूर्वक लेल जाएत आ वरीय अधिकारीसभ कें लिखित रूप सं अवगत कराओल जाएत। संगहि, अभियंतासभक टीम सं संबंधित स्थलसभक जांचकराओल जाएत। जांच रिपोर्टक आधार पर नियमानुसार उचित कारबाइ कयल जाएत। अधिकारीसभकआश्वासनक बाद ग्रामीण सभ कें आशा अछि जे एहि मांग पर आवश्यक पहल होयत। मौका पर करियनपंचायतक मुखिया संजीव पासवान, भटोरा पंचायतक मुखिया सरिता देवी सहित दुनू पंचायतक जनप्रतिनिधि आ बड़ संख्या मे ग्रामीण उपस्थित छलाह।

धान अधिप्राप्ति लेल फारबिसगंज विधायक पैक्स अध्यक्ष सभ संग कयलनि समीक्षा बैसार

अररिया, समदिया

किसानक हितक रक्षा आ धान अधिप्राप्ति प्रक्रिया सुचारू बनेबाक उद्देश्य सं अररिया मे जिलाक सभ पैक्स (प्राथमिक कृषि साख समिति) अध्यक्षसभक संग समीक्षा बैसार आयोजित कयल गेल। एहि मेफारबिसगंजक विधायक मनोज विश्वास मुख्य रूप सं शामिल भेलाह।बैसार मे किसान सभ सं जुड़ल विभिन्न समस्या, आगामी धान खरीदक व्यवस्था आ किसान सभ केंरोजमर्राक काज मे होमयवला व्यावहारिक कठिनाइ सभ पर विस्तार सं चर्चा कयल गेल। बैसार केंसंबोधित करैत विधायक मनोज विश्वास कहलनि जे अन्नदाता किसान सभ कें हुनकर उपजक उचित मूल्य देनाइ सरकार आ प्रशासनक प्राथमिकता मे शामिल अछि। ओ जोर दैत कहलनि जे धान अधिप्राप्तिक पूरा प्रक्रिया पारदर्शी, सुगम आ निर्धारित समयसीमा मे पूरा होयबाक चाही, जाहि सं किसानसभ कें अपन फसल बेचय मे अनावश्यक परेशानी नहि हो। एहि लेल संबंधित अधिकारी आ पैक्सअध्यक्ष सभ कें आवश्यक निर्देश देल गेल आ आपसी समन्वय पर विचार-विमर्श कयल गेल। विधायकमनोज विश्वास किसानसभक प्रति अपन प्रतिबद्धता दोहरबैत कहलनि, हम किसानसभक हितक रक्षा आहुनकर समस्याक समय पर समाधान करबाक लेल सदिखन तत्पर आ प्रतिबद्ध छी। बैसार मे उपस्थितपैक्स अध्यक्ष सभ सेहो अपन-अपन क्षेत्रक किसानसभक समस्या आ धान खरीदक तैयारी कें लए कसुझाव रखलनि।

सड़क दुर्घटना पीड़ित कें भेटत डेढ़ लाख टका धरिक कैशलेस इलाज

दू सप्ताहक भीतर सड़क मरम्मत आ विशेष वाहन जांच अभियान चलेबाक निर्देश

सहरसा, समदिया

जिला समाहरणालयक सभागार मे बृहस्पतिदिन जिलाधिकारी दीपेश कुमारक अध्यक्षता मे जिला सड़क सुरक्षा समितिक बैसार आ प्रधानमंत्री राहति योजना पर कार्यशाला आयोजित कयल गेल। बैसार मे परिवहन, पुलिस आ स्वास्थ्य विभागक अधिकारी सभ कें सड़क दुर्घटनाक पीड़ित सभ कें तुरंत इलाजउपलब्ध करयबाक आ यातायात नियमक सख्ती सं पालन सुनिश्चित करयबाक निर्देश देल गेल। जिलापरिवहन पदाधिकारी सुजीत कुमार बरनवाल जानकारी देलनि जे प्रधानमंत्री राहति योजना के अंतर्गत पात्रसड़क दुर्घटना पीड़ित सभ कें अधिकतम 1.50 लाख टका धरि सात दिनक कैशलेस इलाजक सुविधाभेटतनि। ई सुविधा आयुष्मान भारत योजनाक सूचीबद्ध

सरकारी आ निजी अस्पताल सभ मे उपलब्ध रहत। एहि योजनाक लाभ लेल आयुष्मान कार्ड अनिवार्य नहि अछि। अस्पताल सभ कें बिना अनावश्यक कागजात मांगने तुरंत इलाज शुरू करबाक निर्देश देल गेल अछि। बैसार मे एनएच-107 पर बैजनाथपुरअंडरपासक सर्विस रोडक मरम्मत करय, बरसात मे क्षतिग्रस्त सड़क सभ कें दू सप्ताहक भीतर दुरुस्त करय आ शहर मे ऑटो आ ई-रिक्शा लेल स्टैंड विकसित करबाक निर्देश देल गेल। जिलाधिकारी यातायातपुलिस आ जिला परिवहन पदाधिकारी कें कारी फिल्म लागल वाहन, बिना हेलमेट, सीट बेल्टक उल्लंघन,ट्रिपल राइडिंग आ वाहनक कागजातक जांच लेल विशेष अभियान चलयबाक निर्देश देलनि। संगहि विद्यालय सभ मे सड़क सुरक्षा जागरूकता कार्यक्रम, भाषण आ चित्रकला प्रतियोगिता आयोजित करय लेल कहलनि। बैसार मे अपर समाहर्ता निशांत, सिविल सर्जन डॉ. राज नारायण प्रसाद, परिवहन आ यातायातपुलिसक अधिकारी, आयुष्मान भारतक अधिकारी, सरकारी अस्पतालक प्रभारी आ सूचीबद्ध निजीअस्पतालक प्रतिनिधि उपस्थित छलाह।

ई-कचरा सं पर्यावरण आ स्वास्थ्य पर खतरा, छात्रा सभ केलनि जागरूक

प्राथमिक कन्या विद्यालय लक्ष्मीपुर मे अभियान मे ई-कचराक सुरक्षित निपटानक लेल लेलनि संकल्प

रोसड़ा/समस्तीपुर, समदिया

रोसड़ा नगर परिषद क्षेत्रक प्राथमिक कन्या विद्यालय लक्ष्मीपुर मे पर्यावरण संरक्षण कें लए कए ई-कचरा प्रबंधन आ जागरूकता अभियान चलाओल गेल। एहि मे छात्रा सभ कें बेकार इलेक्ट्रॉनिक उपकरण सं पर्यावरण आ मानव स्वास्थ्य पर पड़यवला दुष्प्रभावक जानकारी देल गेल। संगहि, ई-कचराक सुरक्षित निपटानक तरीका बतबैत परिवार आ समाजक लोक कें जागरूक करबाक लेल प्रेरित कयल गेल। कार्यक्रम मे राजकीय सम्मान प्राप्त शिक्षक राकेश कुमार सरल भाषा मे छात्रा सभ कें बतौलनि जे खराब मोबाइलफोन, पुरान कंप्यूटर, चार्जर, बैटरी, ईयरफोन, रेडियो आ बिजलीक अनुपयोगी उपकरण ई-कचराक श्रेणी मे अबैत अछि। डिजिटल युग मे

इलेक्ट्रॉनिक उपकरणक उपयोग तेजी सं बढ़ि रहल अछि। एहि संग ई-कचराक समस्या सेहो गंभीर होइत जा रहल अछि।ओ कहलनि जे ई-कचरा कें सामान्य कूड़ा संग खुले मे फेकला अथवा जरौला सं एहि मे मौजूद सीसा, पारा आ कैडमियम सन हानिकारक तत्व माटि आ पानि कें प्रदूषित क सकैत अछि। एकर प्रतिकूल असर मानव स्वास्थ्यक संग पशु-पक्षी आ पर्यावरण पर सेहो पड़ैत अछि। एहि लेल ई-कचराक उचित प्रबंधनआवश्यक अछि। अभियानक दौरान छात्रा सभ कें बताओल गेल जे घर मे बेकार पड़ल इलेक्ट्रॉनिकउपकरण कें सामान्य कूड़ा मे नहि फेकबाक चाही। ओकरा अधिकृत ई-कचरा संग्रहकर्ता अथवा निर्धारितसंग्रह केंद्र धरि पहुंचयबाक चाही, जाहि सं सुरक्षित निपटान आ पुनर्चक्रण भए सकय। कार्यक्रमक उद्देश्य बच्चा सभ कें पर्यावरण संरक्षणक प्रहरी बनायब आ हुनका माध्यम सं समाज मे जागरूकता फैलायब छल। छात्रा सभ ई-कचराक सुरक्षित निपटान करबाक आ परिवार, पड़ोस आ समाजक लोक कें जागरूक करबाक संकल्प लेलनि। मौका पर विद्यालय शिक्षा समितिक सदस्य, बाल संसद आ इको क्लबक सदस्य सहित जितेंद्र कुमार यादव, महामाया चौधरी, जायद परवीन, गणेश पोद्दार आ शिक्षक राकेश कुमारउपस्थित छलाह।

सतर्कता जागरूकता सप्ताह पर पीएनबी लगौलक रक्तदान शिविर

दरभंगा, समदिया

पंजाब नेशनल बैंक (पीएनबी) के मंडल कार्यालय, दरभंगा मे सतर्कता जागरूकता सप्ताह 2026क अवसरपर बैंक आ इंडियन रेड क्रॉस सोसाइटी, दरभंगाक संयुक्त तत्वावधान मे रक्तदान शिविर आयोजित कयल गेल। एकर उद्देश्य ईमानदारी आ पारदर्शिताक संग सामाजिक जिम्मेदारी आ सेवाभाव कें बढ़ावा देब छल। शिविरक उद्घाटन पीएनबीक मंडल प्रमुख रवि भूषण झा स्वयं रक्तदान क कयलनि। तकर बाद मंडल कार्यालय आ विभिन्न शाखाक कर्मी सभ उत्साहपूर्वक रक्तदान कयलनि। एहि अवसर पर इंडियन रेड क्रॉस सोसाइटीक सचिव मनमोहन कुमार सरावगी उपस्थित छलाह। डॉ. शुक्ला मेडिसिटी ब्लड सेंटरक डॉ. अनवर आ प्रशासक, अवकाशप्राप्त सूबेदार मुकेश सिंहक प्रशिक्षित टीम

रक्तदातासभक स्वास्थ्यजांचक बाद सुरक्षित तरीका सं रक्त संग्रह कयलक। मंडल प्रमुख रवि भूषण झा कहलनि जे सतर्कता मात्रनियमक पालन धरि सीमित नहि अछि, बल्कि समाजक प्रति संवेदनशील आ उत्तरदायी बनल रहबाकसंकल्प सेहो अछि। रक्तदान एहि संकल्पक सार्थक उदाहरण अछि। मनमोहन कुमार सरावगी एहि मानवीयपहल लेल पीएनबी परिवारक सराहना कयलनि। संरक्षक डॉ. अजहर सुलेमान कहलनि जे एहि तरहकशिविर सं जरूरतमंद रोगी सभ कें समय पर रक्त उपलब्ध करयबा मे मदद भेटैत अछि। फहद आबदी एकरा जरूरतमंद लोक लेल आशाक किरण बतौलनि। कुमार आदर्श आयोजन मे सहयोग करयवला सभ लोकक प्रति आभार व्यक्त कयलनि। शिविर मे रक्तदान करयवला आशीष कुमार, आशुतोष मिश्रा, प्रभात किरण, ब्रह्मदेव, शैलेंद्र कुमार, धनंजय कुमार, रमेश कुमार शर्मा, विलास कुमार चौधरी, सुमन झा आ अंकुर त्रिपाठी सहित अन्य रक्तदाता सभ कें प्रशस्तिपत्र आ प्रतीक चिह्न द सम्मानित कयल गेल।

मिथिलाक 2 टन मखान ओमान भेल विदा

बेनीपुर, समदिया

मिथिलाक मखान कें अंतरराष्ट्रीय बाजार मे पहिचान दियेबाक दिशा मे शक्ति नेचुरल एक्सपोर्ट आ लक्ष्मीगुलाब उद्योग संयुक्त पहल कयलक अछि। एहि क्रम मे बेनीपुरक धरौड़ा सं उच्च गुणवत्ता बला 2 टनमखानाक खेप ओमान लेल रवाना कयल गेल। दखरामक पूर्व मुखिया अमरनाथ झा हरियर झंडी देखाकयट्रक कें रवाना कयलनि। मखानक खेप मुंबई स्थित न्हावा शेवा बंदरगाह पहुंचत। ओतय सं समुद्री मार्गद्वारा एकरा ओमानक सोहार बंदरगाह पठाओल जाएत। एहि पहल सं मिथिलाक पारंपरिक कृषि उत्पाद केंविदेशी बाजार धरि पहुंचयबाक दिशा मे महत्वपूर्ण कदम उठाओल गेल अछि। शक्ति नेचुरल एक्सपोर्टकअमिताभ सिन्हा आ लक्ष्मी गुलाब उद्योगक भोला नाथ झा एहि उपलब्धिक श्रेय अपन टीमक सदस्यसभक मेहनत आ सहयोग कें देलनि। दुनू कहलनि जे मिथिलाक मखान कें बेसी सं बेसी देशक बाजार धरि पहुंचेनाइ हुनकर लक्ष्य अछि।पूर्व मुखिया अमरनाथ झा कहलनि जे मिथिलाक मखानक विदेश निर्यात होयब पूरा क्षेत्र लेल गर्वक बातअछि। एहि सं स्थानीय किसान, श्रमिक आ युवा सभ लेल रोजगार आ व्यापारक नव अवसर सृजितहोयबाक उम्मीद अछि।

बेनीपट्टी उपकारा मे बंदी दरबार, कैदी सभक समस्या समाधानक निर्देश

बेनीपट्टी, समदिया

बेनीपट्टी उपकारा मे बृहस्पतिदिन बंदीसभक समस्याक निराकरण आ काराक सुरक्षा व्यवस्थाक समीक्षा लेल बंदी दरबार आयोजित कयल गेल। अनुमंडल पदाधिकारी शारंग पाणि पांडेयक अध्यक्षता मे आयोजितएहि कार्यक्रम मे बंदीसभक समस्या गंभीरतापूर्वक सुनल गेल आ हुनकर यथासंभव समाधानक पहलकयल गेल। बंदी दरबार मे बंदी सभ अपन विभिन्न समस्या अधिकारीसभक सोझां रखलनि। अधिकारी सभ समस्या सभ कें सुनैत जाहि मामिलाक समाधान तत्काल संभव छल, तकर निराकरण कयलनि। शेषसमस्याक समाधान लेल काराधीक्षक कें आवश्यक निर्देश देल गेल, जाहि सं लंबित मामिला सभ पर नियमानुसार कारबाइ कयल जा सकय। बंदी दरबारक संग उपकाराक सुरक्षा ऑडिट सेहो कयल गेल। एहि दौरान अधिकारी सभ काराक सुरक्षा व्यवस्था सं जुड़ल विभिन्न पहलुक जायजा लेलनि। सुरक्षा व्यवस्थाक समीक्षा कसंबंधित समस्याक पहचान आ ओकर निराकरण पर जोर देल गेल। अनुमंडल पदाधिकारी काराक सुरक्षा सं जुड़ल सभ पहलू पर ध्यान दैत आवश्यक सुधारात्मक कारबाइ सुनिश्चित करबाक निर्देशदेलनि। काराधीक्षक आ संबंधित अधिकारी सभ कें सुरक्षा व्यवस्था मे मौजूद समस्या दूर करबाक लेल आवश्यक कदम उठेबाक लेल कहलनि। एहि पहलाक उद्देश्य बंदीसभक समस्या प्रशासन धरि पहुंचाकय ओकर समाधान करब आ उपकाराक सुरक्षा व्यवस्था नीक बनौने रखब अछि। बंदी दरबार आ सुरक्षा ऑडिटक माध्यम सं प्रशासन बंदीसभक शिकायतक निष्पादनक संग काराक व्यवस्थाक समीक्षा पर जोर देलक। कार्यक्रम मे अनुमंडल पुलिस पदाधिकारी अमित कुमार, अनुमंडल कल्याण पदाधिकारी शिवम तिवारी, सहायक अभियंता शत्रुघ्न कुमार, कनीय अभियंता दीपक कुमार, भवन निर्माण विभागक प्रतिनिधि,काराधीक्षक धीरज कुमार, कारा चिकित्सा पदाधिकारी डॉ. शहाजुल आलम, प्रभारी उपाधीक्षक प्रतीक प्रियांशु आ निम्नवर्गीय लिपिक संजीव कुमार उपस्थित छलाह।

छात्रा सभ कें भेटल रोजगारक जानकारी

वीमेंस कॉलेज मे आरबीआइक भर्ती जागरूकता कार्यक्रम

समस्तीपुर, समदिया

वीमेंस कॉलेज, समस्तीपुर मे भारतीय रिजर्व बैंक (आरबीआइ), पटनाक तत्वावधान मे भर्ती जागरूकता कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। कार्यक्रमक अध्यक्षता महाविद्यालयक प्रधानाचार्य प्रो. राजेश कुमार रंजनकयलनि, जखन कि समन्वयन आइक्यूएसी समन्वयक डॉ. विजय कुमार गुप्ता कयलनि। कार्यक्रमक उद्देश्य छात्रा सभ कें आरबीआइक कार्य, आम नागरिकक लेल एकर भूमिका आ रोजगारक अवसर सभ संपरिचित करेनाइ छल। कार्यक्रमक शुरुआत वंदे मातरम्, राष्ट्रगान आ दीप प्रज्वलनक संग भेल। प्रधानाचार्यप्रो. राजेश कुमार रंजन कहलनि जे भारतीय रिजर्व बैंक देशक मौद्रिक आ वित्तीय व्यवस्थाक महत्वपूर्ण स्तंभ अछि। आरबीआइ सन प्रतिष्ठित

संस्थान मे रोजगार भेटब युवा सभ लेल गौरवक अवसर अछि। ओ छात्रा सभ कें नियमित अध्ययन, अनुशासन आ निरंतर अभ्यासक माध्यम सं प्रतियोगी परीक्षाक तैयारी करबाक लेल प्रेरित कयलनि। आरबीआइक प्रतिनिधि धर्मवीर सिंह, करिश्मिता दास आ सिमंत वैभव छात्रासभ कें बैंकक उद्देश्य, प्रमुख कार्य, वित्तीय जागरूकता आ बैंकिंग लेन-देन मे बरतयवला सावधानीकजानकारी देलनि। ओ आरबीआइ मे ग्रेड-बी अधिकारी आ असिस्टेंट सन पदक भर्ती प्रक्रिया आ करियर निर्माणक संभावना पर सेहो मार्गदर्शन कयलनि। अधिकारी सभ छात्रा सभ कें वित्तीय धोखाधड़ी सं सतर्करहबाक आ सुरक्षित डिजिटल लेन-देन अपनयबाक सलाह देलनि। एहि अवसर पर आरबीआइ विषयक क्विज प्रतियोगिता आयोजित भेल, जाहि मे छात्रा सभ उत्साहपूर्वक भाग लेलनि। सही उत्तर देनिहार छात्रासभ कें उपहार द प्रोत्साहित कयल गेल। डॉ. विजय कुमार गुप्ता कहलनि जे एहि तरहक कार्यक्रमछात्रासभक शैक्षणिक आ व्यावसायिक विकास लेल उपयोगी अछि। कार्यक्रमक अंत मे डॉ. सोनी सलोनीधन्यवाद ज्ञापन कयलनि। मौका पर डॉ. नेहा कुमारी जायसवाल, डॉ. सुरेश साह, डॉ. फरहत जबीन, डॉ.कुमारी अनु, डॉ. कविता वर्मा, डॉ. पूनम कुमारी, डॉ. सुमन कुमारी, डॉ. शालिनी कुमारी, डॉ. रिंकी कुमारी, डॉ.मृत्युंजय कुमार ठाकुर, डॉ. सोनी सिन्हा सहित अन्य शिक्षक-शिक्षिका आ बड़ संख्या मे छात्रा सभउपस्थित छलीह।

पोखरि मे डूबि युवकक मृत्यु, माय मरनी देवीक ऊपर खसल दुखक पहाड़

दसौत पंचायतक ब्रह्म देवता पोखरि मे भेटल रोशनक शव, मजदूरी कए चलबैत छल परिवार

शिवाजीनगर, समदिया

शिवाजीनगर प्रखंडक दसौत पंचायत अंतर्गत ब्रह्म देवता टोला वार्ड 13 मे बृहस्पतिदिन पोखरि मे स्नान करबाक लेल गेल 20 वर्षीय युवकक डूबि गेला सं मृत्यु भए गेल। मृतकक पहचान गामक महेश पासवानक पुत्र रोशन पासवानक रूप मे भेल अछि। घटना के बाद परिवार मे कोहराम मचि गेल, जखनकि गाम मे मातमी सन्नाटा पसरल अछि। जवान बेटाक मृत्यु सं माय मरनी देवीक रोइ-रोइ बुरा हालअछि। परिजनक अनुसार, रोशन बृहस्पतिदिन करीब 1 सं 1:30 बजे दिनक बीच ब्रह्म देवता पोखरि

मे स्नान करबाक लेल गेल छल। एहि दौरान ओ अनचोके लापता भए गेल। किछु देर बाद पोखरिक कात राखल ओकर कपड़ा आ चप्पल पर लोकक नजरि पड़ल। रोशन नहि देखाइ पड़लापर अनहोनीक आशंका भेल। एकरा बाद स्थानीय लोक पोखरि मे ओकर खोज शुरू कयलनि। बहुत खोजबीनक बाद ओकर शवपोखरि सं बरामद कयल गेल। रोशन तीन भाइ मे सभ सं छोट छल। ओकर दू भाइ संतोष पासवान आ विपिन पासवान छथि। ओकर दू बहिन सेहो छथि। रोशनक विवाह नहि भेल छल। ओ गाम मे मजदूरीक परिवारक भरण-पोषण मे सहयोग करैत छल। आर्थिक रूप सं कमजोर परिवार लेल ई घटना पैघ आघात बनि गेल अछि। घटनाक सूचना भेटिते सीओ अंबपाली यादव, अपर थानाध्यक्ष प्रवीण कुमार आ अन्य पुलिस पदाधिकारी घटनास्थल पर पहुंचलाह। पुलिस शव कें कब्जा मे लएपोस्टमार्टम लेल सदर अस्पताल, समस्तीपुर पठा देलक। एहि मामिला मे आगू कारबाइ कयल जा रहल अछि। पंचायतक मुखियानटवर कुमार राय आ सरपंच विश्वनाथ राय सेहो घटनास्थल पर पहुंचि शोकाकुल परिवार कें सांत्वना देलनि। सीओ कहलनि जे पीड़ित परिवार कें सरकारी प्रावधानक अनुसार मुआवजा दिलेबाक लेल आवश्यक पहल कयल जाएत।

हर-हर महादेवक जयकारा सं गूंजल मिथिला काली मंदिर, 59 सदस्यीय दल सुल्तानगंज विदा

चीरा चास मे भजन-कीर्तनक संग भक्तिमय अनुष्ठानक सेहो आयोजन

बोकारो, समदिया

देवाधिदेव महादेव के प्रति अगाध आस्था, भक्ति आ अटूट समर्पणक संग शिव शक्ति बोल बम समिति द्वारा एहि वर्ष भव्य कांवर यात्राक आयोजन कएल गेल अछि। भक्ति आ उल्लास सं सराबोर 59सदस्यीय श्रद्धालुसभक जत्था काल्हि, बुधदिनक सांझ मे सेक्टर-2डी स्थित मिथिला काली मंदिर(श्यामा माई मंदिर) परिसर सं सुल्तानगंज के लेल विदा भेल। प्रस्थान सं पूर्व पूरा मंदिर परिसर बोल बमआ हर-हर महादेव के गगनभेदी जयघोष सं गुंजायमान भए उठल। तय कार्यक्रमक अनुसार, सभ 59श्रद्धालु 29 अक्टूबरक अलभोर उत्तरवाहिनी गंगा मे पवित्र स्नान कयलनि। तकर बाद मां गंगाक विधिवतपूजा-अर्चनाक बाबा बैद्यनाथ आ मां पार्वती के निमित्त जल संकल्प लएक पवित्र कांवर यात्रा प्रारंभकयलाह। कठिन

आ अनुशासित पदयात्रा पूर्ण करैत श्रद्धालु 3 नवंबरक द्वादश ज्योतिर्लिंग बाबा बैद्यनाथ धाम मे आस्थाक जल अर्पित करताह। देवघर मे पूजा-अर्चना संपन्न केलाक उपरांत 4 नवंबरक दलक बोकारो वापसी सुनिश्चित कएल गेल अछि। कांवर यात्रा के प्रस्थान सं पूर्व मंगलदिनक सांझ चीरा चास स्थित शाश्वत सिटी फेज-6 मे दिलीप कुमारझाक आवास पर भव्य भजन-कीर्तनक आयोजन कएल गेल। भक्ति संध्या मे कलाकार सभ आ श्रद्धालुसभ देर राति धरि शिव भजन आ संकीर्तन सं ऐहन समां बांधलनि जे उपस्थित सभ भक्त झूमबाक लेलविवश भए गेलाह। विदित हो जे शिव शक्ति बोल बम समिति मात्र धार्मिक यात्रा धरि सीमित नहि रहिकयसमाज मे आपसी भाईचारा, एकता, सहयोग आ निस्वार्थ सेवा भावक विस्तारक लेल निरंतर प्रयासरतअछि। समिति के सरदार कृष्ण चंद्र झा कहलनि जे इ यात्रा समाज आ क्षेत्रक प्रत्येक नागरिक के सुख, शांति, समृद्धि आ आरोग्यक कामनाक संग कएल जा रहल अछि। ओ कहलनि जे युवासभकें सनातन संस्कृति, अनुशासन आ आध्यात्मिक गतिविधि सभ सं जोड़नाइ एहि आयोजनक प्रमुख ध्येय अछि। एहि पावन यात्रा आ अनुष्ठानक सफल बनाबय मे कृष्ण चंद्र झा, शैलेंद्र कुमार मिश्र, दिलीप कुमार झा, आभा झा, अनिमेष कुमार झा, विजय कुमार मिश्र, लोकेश झा, रंजू झा, उदय चंद्र झा, ऋषिकेश चैधरी, सूर्य मोहन मिश्र, गिरिजा देवी, एस. एन. झा, सुधा झा, नीलम झा, प्रतिभा, हीरा झा, राज कृष्ण राज, सुनील कुमार झा, वकीलकांत मिश्र, विद्या नंद चैधरी, विवेकानंद झा, रानी झा, गोविंदजी ठाकुर, ललित कुमारझा, हरि कुमार मिश्र, आनंद नारायण मिश्र, भूषण पाठक, संजय कुमार, कन्हैया झा, संजय कुमार चैधरी, विनय कुमार झा, किरण झा, अविनाश कुमार झा, प्रमोद कुमार मिश्र, किशोर कुमार झा, जय नाथ झा,बबलू तिवारी, मृत्युंजय सिंह, मिहिर सिंह, सुशील ठाकुर और सुधीरा देवी सहित सभी सदस्य पूराउत्साहक संग जुटल रहलाह।

देवघर नगर निगम छठिक तैयारी पर कएलक चर्चा, दोसर बोर्ड बैठक मे घाट सभक सफाइ

देवघर, समदिया

देवघर नगर निगम बोर्डक दोसर बैठक बृहस्पति दिन भेल। एहि मे निगम क्षेत्रक समस्या आ छठि महापर्वक तैयारी पर चर्चा कयल गेल।छठि व्रती आ श्रद्धालु सभक सुविधा लेल सड़क, रोशनी आ साफ-सफाइक व्यवस्था पर जोर देल गेल।पोखरि आ छठि घाट सभक सफाइक संग व्रती सभक लेल वस्त्र बदलबाक व्यवस्थित कक्ष बनयबाक योजना पर सेहो निर्णय लेल गेल।समस्या सभक शीघ्र समाधान करबा मे भेटत सहायतानगर निगमक रोजमर्राक काज लेल एकटा वाहनक व्यवस्था करबाक प्रस्ताव राखल गेल। एहि सं साफ-सफाइ आ बिजली सं जुड़ल काज समय पर करबा आ वार्ड सभक समस्या सभक शीघ्र समाधान करबा मेसहायता भेटत। नगर आयुक्त बतौलनि जे बैठक मे विभिन्न योजना सभ पर चर्चा भेल। लेल गेल निर्णय सभ कें लागू करबाक लेल जरूरी कदम उठाओल जाएत, जाहि सं लोक सभ कें नीक नागरिक सुविधा भेटि सकय। शहर कें स्वच्छ, व्यवस्थित आ सुविधाजनक बनायब निगमक लक्ष्यः मेयरमेयर रवि कुमार रावत कहलनि जे नगर निगम देवघरक लोक सभ कें बेसी सुविधा देबाक प्रयास कए रहल अछि। छठिक दौरान श्रद्धालु सभ कें कोनो परेशानी नहि हो, एहि लेल जरूरी व्यवस्था कयल जाएत। बैठक मे देवघर कें प्लास्टिकमुक्त बनयबाक लेल जागरूकता अभियान चलयबाक आ जरूरी कदम उठयबाक विषय पर सेहो चर्चा भेल। नगर निगमक लक्ष्य शहर कें स्वच्छ, व्यवस्थित आ सुविधाजनक बनायब अछि।

सत्यनिष्ठा कर्तव्य पालनक अभिन्न अंग, एहि सं प्रशस्त होइत अछि समृद्धिक मार्गः जीएम

बोकारो, समदिया

डीवीसी बोकारो ताप विद्युत केंद्रक सतर्कता विभागक दिस सं बिरसा मुंडा भवनक सम्मेलन कक्ष मे 'सत्यनिष्ठा सं समृद्धि' विषय पर संगोष्ठी आयोजित कएल गेल। राष्ट्रगीत आ दीप प्रज्वलनक संगकार्यक्रमक शुभारंभ भेल। परियोजना सतर्कता अधिकारी उज्ज्वल विश्वास अतिथि सभक स्वागतकएलनि।मुख्य अतिथि वरिष्ठ महाप्रबंधक एवं परियोजना प्रधान मधुकर श्रीवास्तव कहलनि जे सत्यनिष्ठा कर्तव्यपालनक अभिन्न अंग हेबाक चाही। महाप्रबंधक (प्रशासन) अलेक्जेंडर कुजूर कहलनि जे ईमानदारी आ सत्यनिष्ठाक संग काज करब देशक विकास लेल आवश्यक अछि। संगोष्ठी मे केंद्रीय विश्वविद्यालय झारखंडक उप कुलसचिव एवं मुख्य वक्ता हरीश मोहन सत्यनिष्ठाकमहत्व

पर प्रकाश दैत कर्तव्य सभक ईमानदारीपूर्वक निर्वहन करबाक जरूरत पर जोर देलनि। केंद्रीयविद्यालयक शिक्षिका दिव्या सरोज, शिक्षक शशि रंजन, वरिष्ठ प्रबंधक राहुल सिंह, डीवीसी अस्पतालकउप महाप्रबंधक तथा डीएवी कथाराक प्राचार्य डॉ. गुलाम नबी खान सेहो अपन विचार रखलनि।कार्यक्रमक संचालन सहायक नियंत्रक दीनानाथ शर्मा कएलनि। ओ कौटिल्यक अर्थशास्त्र सं लए भ्रष्टाचारनिवारण अधिनियम तक सतर्कताक विकास यात्रा पर चर्चा कएलनि। अंत मे वरिष्ठ प्रबंधक (मानवसंसाधन) पार्थ सारथी मुखर्जी धन्यवाद ज्ञापन कएलनि।

झारखंडक सभ जिला मे राजद करत सम्मेलन, केंद्र सरकारक विरुद्ध रामलीला मैदान मे जुटताह हजारो कार्यकर्ता

रांची, समदिया

केंद्रक मोदी सरकारक नीतिक विरुद्ध दिल्लीक रामलीला मैदान मे 1 नवंबरके राष्ट्रीय जनता दल(राजद) के हजारो नेता आ कार्यकर्ता जुटताह। एहि विरोध प्रदर्शन मे झारखंड राजद दिस सं सेहो 10 हजारसं बेसी नेता आ कार्यकर्ता झंडा-बैनर लए दिल्ली जेताह।प्रदेश राजदक नेता सभ बुधदिन प्रेस कॉन्फ्रेंस कए ई जानकारी देलनि। झारखंड राजद विधायक दलकनेता सुरेश पासवान कहलनि जे नरेंद्र मोदी आ केंद्र सरकार राज्यके रॉयल्टी नहि दए राज्यक विकासबाधित कए रहल अछि।एसआईआरक नाम पर हजारो लोकक नाम काटल जा रहल अछि आ हुनका सभके वोट देबाक अधिकार संवंचित कएल जा रहल अछि। एहि सभ मुद्दा पर राजद सड़क सं लए सदन तक आंदोलन

करत। ओकहलनि जे नरेंद्र मोदीक नीति आ सिद्धांत जनविरोधी अछि, जाहि पर राजद विरोध करत। जोरदार आंदोलन होयत। नवंबर मास मे राजदक राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष तेजस्वी यादवक झारखंड मे कार्यक्रम होयत। सभ जिला मे जिला सम्मेलन आयोजित कएल जायत। प्रेस वार्ता मे राजदक प्रदेश अध्यक्ष संजय कुमार सिंह यादवसभ जिला प्रभारी सभके निर्देश देलनि जे ओ एखनहि सं संगठनके मजबूत करबाक काज मे लागि जाथि।राजद कोना मजबूत हो, एहि पर सभ गोटे अपन ध्यान केंद्रित करथि।जिला प्रभारी सभ अपन-अपन जिला मे जा जिला अध्यक्ष सं भेंट करथि आ सभ प्रकोष्ठक संग बातचीतकए बैठक करथि। पंचायत, प्रखंड सं लए जिला स्तर तक कमिटीक विस्तार करथि। सभ पंचायत अध्यक्षआ प्रखंड अध्यक्षक फोन नंबर, पता आ फोटो सहित कार्यालयके 30 नवंबर तक हर हाल मे प्रदेश कार्यालयमे जमा करथि। आगू पंचायत चुनाव, विधानसभा आ लोकसभा चुनावक तैयारी मे सभ गोटे एखनहि सं लागि जाथि।जतय पार्टीक स्थिति मजबूत रहत, ओतय आगू बेसी सं बेसी सीट पर राजद चुनाव लड़त।प्रेस वार्ताक अवसर पर राजद विधायक दलक नेता सुरेश पासवान, विधायक नरेश प्रसाद सिंह, पूर्व विधायक सत्यानंद भोक्ता, प्रदेश उपाध्यक्ष अनिता यादव, गिरधारी यादव, आबिद अली, युवा राजदकप्रदेश अध्यक्ष रंजन यादव, प्रणव कुमार बबलू, मनोज कुमार पांडेय, सुनीता चौधरी, इरफान अंसारी आदिउपस्थित छलाह।

झारखंड मे 4 नवंबरक बाद बढ़त ठंड, 15 दिसंबरक बाद देखाइ देत अल-नीनोक प्रभाव

रांची, समदिया

झारखंड मे मौसिमक मिजाज बदलबाक संगहि ठंड बढ़बाक संभावना जताओल जा रहल अछि।चक्रवातीय बीहाड़ि अर्नबक प्रभाव सं राज्यक कतेको हिस्सा मे बादल छाओल रहबाक कारण रातिक तापमान मे उतार-चढ़ाव देखबा मे आबि रहल अछि। हालांकि, दिनक तापमान मे पहिनहि 3 सं 6 डिग्रीसेल्सियस तक गिरावट दर्ज कएल गेल अछि। मौसिम विज्ञान विभागक रांची केंद्रक वैज्ञानिक अभिषेकआनंदक अनुसार, चक्रवातीय बीहाड़ि अर्नबक सिस्टम समाप्त होए आ आकाश साफ होएबाक बादझारखंड मे ठंड बढ़य लागत। ओ बतौलनि जे 4 नवंबर 2026क बाद न्यूनतम तापमान मे गिरावट आबयबाक संभावना अछि। मुदा 15 दिसंबरक बाद अल-नीनो के प्रभाव सेहो देखाइ पड़ि सकैत अछि।वैज्ञानिक अभिषेक आनंद बतौलनि जे फिलहाल बादल छाओल रहबाक कारण रातिक तापमान मेअपेक्षित गिरावट नहि भए रहल अछि। बादलक मौजूदगी सं राति मे तापमान किछु बढ़ि जाइत अछि,जाहि सं मौसिमक तापमान मे बदलाव देखबा मे अबैत अछि। दोसर दिस, दिनक तापमान मे 3 सं 6 डिग्रीसेल्सियस तक गिरावट आबि चुकल अछि।ओ कहलनि जे चक्रवातीय बीहाड़ि अर्नबक सिस्टम समाप्त होएबाक बाद मौसिम मे बदलाव आओत। 4नवंबरक बाद जखन आकाश पूरा साफ भए जायत, तखन न्यूनतम तापमान मे गिरावट शुरू होयत। एकरसंगहि राज्यक अलग-अलग हिस्सा मे ठंडक प्रभाव बढ़बाक संभावना अछि। एहि स्थिति मे आगू आबय बला दिन सभ मे लोकके भोर आ राति मे बेसी ठंड महसूस भए सकैत अछि। अभिषेक आनंदक मुताबिक, झारखंड मे सामान्य रूप सं प्रत्येक वर्ष 15 दिसंबर सं 15 जनवरीक बीच ठंडक प्रभाव बेसी रहैत अछि। एहि अवधि मे सर्दीक असर बेसी महसूस कएल जाइत अछि। हालांकि, एहि साल अल-नीनो के संभावित प्रभावके देखैत पिछला वर्ष सभक तुलना मे ठंड कम पड़बाक अनुमान जताओलगेल अछि।ओ कहलनि जे एहि बेर ठंडक मौसिमक अवधि सेहो छोट भए सकैत अछि। सामान्य रूप सं जाहि अवधि मेकरीब एक मास तक ठंडक प्रभाव बेसी रहैत अछि, एहि साल ओ अवधि कम होयबाक संभावना अछि।हालांकि, वास्तविक स्थिति मौसिमक परिस्थिति आ आगू आबय बला दिन सभ मे तापमानक रुझान पर निर्भर करत।झारखंड मे ठंडक शुरुआत आ एकर तीव्रताके लए आगू आबय बला दिन सभक मौसिम महत्वपूर्ण रहत। 4नवंबरक बाद आकाश साफ भेला पर न्यूनतम तापमान मे होय बला बदलाव सर्दी बढ़बाक संकेत देत। ओतहि, अल-नीनो के प्रभाव ठंडक तीव्रता आ अवधि के कतेक हद तक प्रभावित करत, ई आगूक मौसमी परिस्थिति सं स्पष्ट होयत।

वैज्ञानिक खेती सं बढ़त किसान सभक आमदनी, पांच दिवसीय बागवानी प्रशिक्षण शुरू

चंद्रपुरा, समदिया

चंद्रपुरा प्रखंडक पपलो पंचायत सचिवालय मे कृषि, पशुपालन एवं सहकारिता विभागक उद्यानप्रभाग, बोकारोक दिस सं झारखंड सामाजिक कल्याण संस्थानक माध्यम सं पांच दिवसीय उद्यानिकीप्रशिक्षण कार्यक्रम आयोजित कएल गेल। एकर शुभारंभ पंचायतक मुखिया कार्तिक महतो उद्यान मित्ररोहित महतोक देखरेख मे कएलनि। प्रशिक्षण मे पपलो, तेलो पश्चिमी आ बंदियो पंचायतक किसान सभभाग लेलनि। कार्यक्रम कें संबोधित करैत मुखिया कार्तिक महतो कहलनि जे किसान सभ उद्यानिकीक प्रशिक्षण लए आधुनिक आ वैज्ञानिक तरीका सं खेती करथि। एहि सं फसलक उत्पादन बढ़त आ किसान सभक आर्थिकस्थिति मजबूत होयत। ओ कहलनि जे सरकार किसान सभके आत्मनिर्भर बनेबाक लेल कतेको योजनाचला रहल अछि। किसान सभके एहि योजना आ प्रशिक्षण कार्यक्रम सभक बेसी

सं बेसी लाभ उठेबाकचाही।प्रशिक्षक हर्ष राज प्रशिक्षणक उद्देश्यक जानकारी दैत किसान सभके फसल उत्पादन सं पहिने माटिकजांच कराबय, नर्सरी तैयार करय आ बीज उपचारक विधि बुझौलनि। ओ मौसिमक अनुकूल फल, फूल आ साग-तरकारीक खेती, बुआइक सही समय तथा सिंचाइ प्रणालीक जानकारी सेहो देलनि। प्रशिक्षणक दौरान किसान सभके पारंपरिक आ वैज्ञानिक तरीका सं नर्सरी तैयार करबाक संग ग्रीनहाउस,पॉलीहाउस आ सीड नेट हाउसक उपयोगिताक विषय मे बताओल गेल। प्रशिक्षणक उद्देश्य किसान सभकेउन्नत तकनीक सं जोड़ि उत्पादन बढ़ेनाइ आ हुनका सभक आमदनी मे वृद्धि करब अछि।

झारखंडक पंचायत सभ मे बहाल होयत 13 हजार जलमित्र, मुख्य सचिव देलनि मंजूरी

झारखंड, समदिया

झारखंड सरकार जल जीवन मिशन 2.0 के अंतर्गत ग्रामीण क्षेत्रक जलापूर्ति योजना सभके मजबूतबनेबाक उद्देश्य सं प्रत्येक पंचायत मे तीन-तीन नल-जल मित्रक चयन करय जा रहल अछि। मुख्यसचिव अविनाश कुमारक अध्यक्षता मे भेल एपेक्स कमिटीक बैठक मे पेयजल एवं स्वच्छता विभागकप्रस्ताव सभके स्वीकृति देल गेल। एहि निर्णय सं राज्यक करीब 4,345 पंचायतक माध्यम सं 13 हजार संबेसी नल-जल मित्र सभके रोजगार भेटत। एहि व्यवस्था सं ग्रामीण क्षेत्र सभ मे नियमित आ गुणवत्तापूर्णपेयजल आपूर्ति सेहो सुनिश्चित होयत।योजनाक सफल संचालन लेल उपायुक्त सभके दिशा-निर्देश जारी कएल जायत, जाहि मे पंचायती राज आश्रम विभागक सेहो मुख्य भूमिका रहत। एहि अंतर्गत नव अभ्यर्थी सभके 510 घंटाक अल्पकालिकप्रशिक्षण आ अनुभवी सभके 120 घंटाक कौशल उन्नयन प्रशिक्षण देल जायत। डिजिटल डेटा गवर्नेंसकेमजबूत करबाक लेल राज्य आ जिला स्तर पर कमांड एंड सपोर्ट सेंटर बनाओल जायत। एहि केंद्र सभके'झारखंड जल पोर्टल' सं जोड़ल जायत। चयनित जलमित्र सभक लेल 16म वित्त आयोगक टाइड ग्रांटक उपयोग कए एहि ग्रांट सं मानदेय आ कौशल प्रशिक्षण देल जायत। नल-जल मित्र कार्यक्रमक मुख्य उद्देश्य स्थानीय ग्रामीण युवा, पूर्व सैनिक, महिला आ स्वयं सहायतासमूहक

सदस्य सभके कौशल प्रशिक्षण दए स्कीम ऑपरेटर बनायब अछि। ई प्रशिक्षित जलमित्र अपनगांवक पाइप जलापूर्ति योजना सभ मे छोट-मोट मरम्मत आ निवारक रखरखावक काज करताह। एहिलेल श्रम, नियोजन, प्रशिक्षण एवं कौशल विकास विभागक समन्वय सं प्रशिक्षण कार्यक्रम आयोजितकएल जायत।राज्य मे पंचायत सभक वर्तमान संख्या 4,345 अछि। एहि आधार पर 13 हजार सं बेसी नल-जल मित्रसभके रोजगारक अवसर भेटत। हुनका सभक क्षमता निर्माण लेल रांची स्थित बीआईटी मेसरा,आईएसएम धनबाद आ निर्मला कॉलेज रांची जेकां प्रतिष्ठित संस्थान सभक संग समझौता ज्ञापन (एमओयू) कएल जायत।

छठि घाट सभक साफ-सफाइ मे जुटल रांची नगर निगम, व्रती सभक सुविधा लेल बनत डबल लेयर चेंजिंग रूम

रांची, समदिया

छठि महापर्वके लए रांची नगर निगम तैयारी शुरू कए देने अछि। शहरक 73 छठि पोखरि पर श्रद्धालु सभक सुविधाक लेल करीब 400 चेंजिंग रूम बनाओल जायत। प्रत्येक पोखरि पर चारि सं पांच टा चेंजिंगरूम बनेबाक योजना अछि। एहि सभके डबल लेयर मे तैयार कएल जायत, जाहि सं व्रती सभके कपड़ाबदलबा मे कोनो तरहक परेशानी नहि हो। जाहि पोखरि सभक सामने ऊंच भवन अछि, ओतय चेंजिंगरूमक छत सेहो झांपल जायत। नगर निगम पोखरि सभक स्थिति आ आसपासक संरचना के ध्यान मेरखैत व्यवस्था कए रहल अछि।प्रतिमा विसर्जनके लए सेहो पोखरि सभ मे बैरिकेडिंग छठि महापर्व सं पहिने सभ पोखरि सभक साफ-सफाइ करय के संग श्रद्धालु सभक सुविधा आ सुरक्षापरसेहो विशेष ध्यान देल जा रहल अछि। ओतहि, काली पूजाक प्रतिमा सभक विसर्जनके लए पोखरि सभ मेबैरिकेडिंग कएल गेल अछि। श्रद्धालु सभके गहींर पानि मे जाए सं रोकबाक लेल बांस-बल्ला के सहारा संसुरक्षा घेरा बनाओल जा रहल अछि। छठि महापर्वक दौरान सुरक्षाके ध्यान मे रखैत बैरिकेडिंगके करीब चारि फीट ऊंच करबाक तैयारी अछि, जाहि सं व्रती आ श्रद्धालु सभके कोनो तरहक परेशानी नहि हो।

जामताड़ा मे अवैध बालू खनन पर प्रशासन सख्त, छापेमारी मे ट्रैक्टर जब्त

जामताड़ा, समदिया

जामताड़ा थाना क्षेत्रक गोपालपुर स्थित अजय नदी घाट पर खनन विभाग बृहस्पति दिन छापेमारीकएलक। उपायुक्त आलोक कुमारक सख्त निर्देश पर माइनिंग इंस्पेक्टर अजीत चौधरीक नेतृत्व मे खननविभागक टीम अजय नदी घाट पहुंचल। एहि दौरान जखन खनन विभागक टीम घटनास्थल पर पहुंचल,तखन एकटा ट्रैक्टर पर अवैध रूप सं बालू लादल जा रहल छल। टीमके देखिते ट्रैक्टर चालक बालू खसा कए घटनास्थल सं भागबाक प्रयास कएलक, मुदा टीम त्वरित कारबाइ करैत ट्रैक्टरके अपन कब्जा मे लएलेलक।बालू माफिया सभ मे हड़कंप जब्त कएल गेल ट्रैक्टर पर करीब 40 सीएफटी अवैध बालू लादल छल। औपचारिकता पूरा कएलाक बाद जब्त वाहनके आगूक कानूनी कारबाइ लेल जामताड़ा थाना के सुपुर्द कए देल गेल अछि। प्रशासनक एहिअनचोके कएल गेल कारबाइ सं क्षेत्रक अवैध बालू कारोबारी आ माफिया सभ मे हड़कंप मचि गेल अछि।जिला प्रशासन स्पष्ट केने अछि जे प्राकृतिक संसाधनक अवैध दोहन करय बला सभक विरुद्ध आगू सेहोएहि तरहक सख्त छापेमारी जारी रहत।

सुपौल-3 मास मे पाइप सं पहुंचत रसोइ गैस

डीएम कएलनि परियोजनाक शुभारंभ

पहिल चरण मे 500 घर कें पीएनजी कनेक्शन पंजीकरण शुरू

सुपौल, समदिया

सुपौल शहरक लोक कें आब रसोइ गैस सिलेंडरक बुकिंग आ डिलीवरीक प्रतीक्षा सं राहति भेटबाक आशा अछि। सुपौल नगर परिषद क्षेत्र मे पाइप्ड नेचुरल गैस (पीएनजी) पहुंचयबाक योजना पर काज शुरू भए गेल अछि। बृहस्पति दिन डीएम साओन कुमार पाइपलाइनक माध्यम सं घर धरि प्राकृतिक गैस पहुंचयबाक परियोजनाक शुभारंभ कयलनि।

कंपनी अगिला 3 मासक भीतर गैस आपूर्ति शुरू करबाक लक्ष्य रखने अछि। पहिल चरण मे करीब 500 परिवार कें पीएनजी कनेक्शन देबाक योजना अछि।

घर धरि पाइप सं पहुंचत रसोइ गैस

पीएनजी परियोजनाक अंतर्गत पाइपलाइन बिछा कए घरक रसोइ धरि प्राकृतिक गैस पहुंचाओल जाएत। एहि सं उपभोक्ता सभ कें सिलेंडर मंगयबाक आ घर धरि पहुंचयबाक परेशानी सं राहति भेटि सकैत अछि। परियोजना सफल रहला पर शहर मे रसोइ गैस आपूर्तिक एकटा नव विकल्प उपलब्ध होयत।

पहिल चरण मे 500 परिवार कें कनेक्शन

कंपनीक प्रतिनिधि सभक अनुसार, शुरूआती चरण मे करीब 500 घर कें पीएनजी कनेक्शन देबाक लक्ष्य अछि। एहि लेल पंजीकरणक प्रक्रिया शुरू कए देल गेल अछि। पहिल चरणक बाद मांग आ परियोजनाक प्रगति के अनुसार नगर परिषदक दोसर इलाका सभ मे सेहो गैस आपूर्तिक विस्तार कयल जाएत।

गैस खर्च मे 20 प्रतिशत धरि बचतक दावा

डीएम साओन कुमार बतौलनि जे पीएनजी सेवा शुरू भेला सं उपभोक्ता सभक गैस खर्च मे करीब 20 प्रतिशत धरि बचत भए सकैत अछि। मुदा, वास्तविक बचत गैसक दर, खपत आ कनेक्शन सं जुड़ल शुल्क पर निर्भर करत।

पाइपलाइन सं गैस भेटला पर सिलेंडरक बुकिंग आ डिलीवरी लेल प्रतीक्षा करबाक जरूरत सेहो कम होयत।

डीएम शुरू करौलनि पंजीकरण

परियोजनाक शुभारंभक अवसर पर डीएम पीएनजी कनेक्शन लेल पंजीकरण काजक औपचारिक शुरूआत करौलनि। कार्यक्रम मे नगर परिषद अध्यक्ष राघवेंद्र कुमार झा, वरीय उप समाहर्ता विकास कुमार कर्ण, जिला आपूर्ति पदाधिकारी राजीव कुमार, बिहार राज्य खाद्य निगमक जिला प्रबंधक रामबाबू आ भारत पेट्रोलियम कॉरपोरेशन लिमिटेड (बीपीसीएल) केर अधिकारी उपस्थित छलाह। अधिकारी सभ नारियल फोड़ि आ पौधरोपण कए परियोजनाक शुरूआत कयलनि।

3 मास मे आपूर्ति शुरू करबाक लक्ष्य

कंपनीक लक्ष्य अगिला 3 मासक भीतर उपभोक्ता सभ कें पीएनजी आपूर्ति शुरू करबाक अछि। एहि लेल परियोजना सं जुड़ल काज आगू बढ़ाओल जा रहल अछि। आब ई देखबाक होयत जे निर्धारित समय मे पाइपलाइन बिछेबाक काज पूरा कए शुरूआती 500 परिवार धरि गैस पहुंचाओल जा सकत वा नहि। उपभोक्ता सभ कें कनेक्शन लेबाक प्रक्रिया, शुल्क आ आपूर्ति शुरू होयबाक तिथि संबंधी विस्तृत जानकारी कंपनीक दिस सं उपलब्ध कराओल जेबाक चाही।

बांका मे जीविका दीदी सभ निकाललनि नशामुक्ति रैली

बांका, समदिया

बांका जिलाक रजौन मे बृहस्पति दिन शराबबंदी आ मद्य निषेध कें लए जीविका दीदी सभ जागरूकता रैली निकाललनि। लक्ष्मीबाई जीविका महिला संकुल स्तरीय संघक तत्वावधान मे आयोजित एहि रैलीक माध्यम सं लोक सभ कें शराबक दुष्परिणाम सभक प्रति जागरूक कयल गेल।

महिला सभ नशामुक्त परिवार आ समाजक निर्माणक संदेश दैत लोक सभ सं शराब सं दूर रहबाक आ दोसर लोक कें सेहो एहि लेल प्रेरित करबाक अपील कयलनि।

जागरूकता रैलीक नेतृत्व लक्ष्मीबाई जीविका सीएलएफक अध्यक्ष राखी देवी, सचिव प्रियंका कुमारी, कोषाध्यक्ष सपना देवी, एमबीके पूनम कुमारी, सीएफ रीना कुमारी आ गौरी कुमारी कयलनि।

जीविका सं जुड़ल महिला आ सामुदायिक कार्यकर्ता सभ उत्साहक संग एहि रैली मे हिस्सा लेलनि। अभियानक उद्देश्य आम लोक धरि मद्य निषेधक संदेश पहुंचायब छल।

रैलीक दौरान प्रतिभागी सभ लोक कें शराबक सेवन सं होमय बला सामाजिक, आर्थिक आ पारिवारिक नोकसानक संबंध मे जानकारी देलनि।

ओ कहलनि जे नशाक लत सं परिवार पर आर्थिक बोझ बढ़ि सकैत अछि आ घरेलू शांति प्रभावित होइत अछि। महिला सभ लोक सं नशा सं दूर रहि परिवारक खुशहाली आ सामाजिक जिम्मेदारी निभेबाक अपील कयलनि।

जीविका दीदी सभ जागरूकताक संदेश दैत कहलनि जे नशामुक्त परिवारहि सुखी परिवार अछि आ नशामुक्त समाज विकासक दिशा मे महत्वपूर्ण कदम अछि। ओ लोक सभ सं शराब सं दूर रहबाक संग अपना आसपासक लोक कें सेहो जागरूक करबाक आह्वान कयलनि। कार्यक्रम मे क्लस्टर कोऑर्डिनेटर सुमित कुमार, सामुदायिक समन्वयक अनिल कुमार, सीटू कुमारी आ क्षेत्रीय समन्वयक प्रतीक्षा कुमारी सक्रिय भूमिका निभौलनि।

रैलीक माध्यम सं महिला सभक सामाजिक भागीदारी बढ़ेबाक आ मद्य निषेध अभियानक संदेश जन-जन धरि पहुंचयबाक प्रयास कयल गेल।

लक्ष्मीबाई जीविका महिला संकुल स्तरीय संघक एहि पहल के उद्देश्य लोक सभ मे जागरूकता बढ़ायब आ नशामुक्त परिवारक निर्माण कें प्रोत्साहित करब छल।

अभियानक सफलता लेल महिला सभ सामुदायिक सहयोग आ लोक सभक सक्रिय भागीदारी पर जोर देलनि। आयोजक सभक अनुसार, लगातार जागरूकता अभियान चलयला सं समाज मे सकारात्मक बदलाव अनबा मे सहायता भेटि सकैत अछि।

किशनगंज मे आगि सं 9 परिवारक घर जरल
बिजलीक शॉर्ट सर्किट सं आगि लगबाक आशंका

किशनगंज, समदिया

बहादुरगंज थाना क्षेत्रक पलासमनी पंचायतक वार्ड संख्या 6 स्थित कासटोला गाम मे बुधदिन सांझ भीषण अगिलग्गी मे करीब 9 परिवारक आवासीय घर आ आधा दर्जन सं बेसी जलावन घर जरि कए राख भए गेल। आगि मे अनाज, कपड़ा, बरतन, नगदी, जरूरी दस्तावेज सहित लाखो टाकाक संपत्ति नष्ट होयबाक सूचना अछि। प्रारंभिक अनुमानक अनुसार, आगि लगबाक कारण बिजलीक शॉर्ट सर्किट बताओल जा रहल अछि।

मुखिया प्रतिनिधि हसन रजा के अनुसार, बुधदिन सांझ अनचोके आगि भभकि उठल। आगिक लपट एतेक तेज छल जे देखिते-देखैत आसपासक कतेको घर ओकर चपेट मे आबि गेल। हवा चलबाक कारण आगि तेजी सं पसरि गेल। एहि कारण लोक सभ कें घर सं सामान निकालबाक पर्याप्त मौका नहि भेटल।

अगिलग्गी सं प्रभावित परिवार सभ मे मसूद आलम, मिठुआ, कच्चू, मंजर आलम, सलमान, मिस्टर आलम, तनवीर आलम, ताहिर हुसैन आ शाहीन प्रवीण शामिल छथि। ग्रामीण सभक अनुसार, घर मे राखल अनाज, कपड़ा, बरतन, नगदी आ जरूरी दस्तावेज सहित आन सामान जरि कए नष्ट भए गेल। घटनाक सूचना भेटला पर बहादुरगंज सं दमकलक गाड़ी घटनास्थल पर पहुंचल। दमकलकर्मी ग्रामीण सभक सहयोग सं घंटो मशक्कत केलाक बाद आगि पर काबू पओलनि।

खगड़ियाक 91 कलाकार सभक पेंशन स्वीकृत, अक्टूबर सं बैंक खाता मे आयत राशि

पात्र कलाकार सभक नव सूची तैयार कए रहल विभाग

खगड़िया, समदिया

जिलाक कलाकार सभक लेल राहतिपूर्ण खबरि अछि। मुख्यमंत्री कलाकार पेंशन योजनाक अंतर्गत जिलाक 91 कलाकार सभ कें पेंशन देबाक स्वीकृति भेटल अछि। एहि कलाकार सभक बैंक खाता मे अक्टूबर मास सं पेंशनक राशि भेजल जाएत। ओतहि, जिलाक बेसी सं बेसी पात्र कलाकार सभ कें योजनाक लाभ देबाक लेल नव लाभुक सभक सूची तैयार करबाक प्रक्रिया सेहो जारी अछि। जिला कला आ संस्कृति पदाधिकारी घनश्याम कुमार बतौलनि जे मुख्यमंत्री कलाकार पेंशन योजनाक अंतर्गत जिलाक कलाकार सभ कें पहिनहि सं लाभ भेटि रहल अछि।

आब विभाग 91 आ कलाकार सभ कें पेंशन देबाक स्वीकृति देने अछि। एहि सं योजनाक दायरा मे आबय बला नव कलाकार सभ कें आर्थिक सहायता भेटि सकतनि।

ओ बतौलनि जे मुख्यमंत्री कलाकार पेंशन योजनाक क्रियान्वयन मे खगड़िया जिला पूरा बिहार मे सब सं आगू अछि। जिलाक योग्य आ पात्र कलाकार सभ कें योजना सं जोड़बाक लेल विभागक दिस सं लगातार प्रयास कयल जा रहल अछि।

एहि क्रम मे नव कलाकार सभक सूची तैयार कयल जा रहल अछि। सूची तैयार भेलाक बाद पेंशनक स्वीकृति लेल एकरा संबंधित विभाग कें पठाओल जाएत। जिला कला आ संस्कृति पदाधिकारी बतौलनि जे एहि योजनाक मुख्य उद्देश्य कलाकार सभ कें आर्थिक संबल देब आ हुनका सभक कला तथा सांस्कृतिक विरासत कें संरक्षित आ प्रोत्साहित करब अछि।

पेंशन भेटला सं लाभुक कलाकार सभ कें आर्थिक सहारा भेटतनि। विभागक दिस सं बेसी सं बेसी पात्र कलाकार सभ कें योजना सं जोड़बाक दिशा मे काज कयल जा रहल अछि।

शेखपुराक विद्यालय सभ मे बच्चा सभ कें कानूनक जानकारी देल गेल

शेखपुरा, समदिया

सुरक्षित बचपन अभियानक अंतर्गत शेखपुरा मे विद्यालय सभ मे जागरूकता कार्यक्रम चलाओल जा रहल अछि। 26 सं 31 अक्टूबर धरि जिला के 247 सरकारी आ गैर-सरकारी विद्यालय मे कार्यक्रम आयोजित कयल जाएत। राष्ट्रीय विधिक सेवा प्राधिकरण, नव दिल्लीक निर्देश पर जिला विधिक सेवा प्राधिकरण एहि अभियानक शुरूआत केने अछि। एहि अभियानक अगुआई प्राधिकरणक अध्यक्ष आ प्रधान जिला जज संतोष कुमार तिवारीक दिशा-निर्देश मे भए रहल अछि।

अभियानक उद्देश्य बच्चा सभक अधिकारक रक्षा करब आ बाल श्रम, बाल विवाह, बाल तस्करी तथा यौन शोषण सं हुनका सभक सुरक्षा के संबंध मे जागरूकता फैलायब अछि। बच्चा सभ कें पॉक्सो अधिनियम, किशोर न्याय अधिनियम आ बाल संरक्षण सं जुड़ल दोसर कानून सभक जानकारी सेहो देल जा रहल अछि। एहि क्रम मे जिलाक न्यायिक पदाधिकारी सभ विद्यालय मे पहुंचलाह आ बच्चा सभ कें न्यायिक प्रक्रिया तथा हुनका सभक लेल बनाओल गेल विशेष कानून सभक संबंध मे जानकारी देलनि। ओ खास तौर पर पॉक्सो अधिनियमक जानकारी देलनि।

तटवासी समाज न्यास आ जन निर्माण केंद्रक पारा विधिक स्वयंसेवक सभक सहयोग सं जिलाक अलग-अलग प्रखंड, विद्यालय आ समुदाय सभ मे जागरूकता कार्यक्रम, विधिक साक्षरता शिविर आ बाल संरक्षण परामर्श सत्र सेहो आयोजित कयल जा रहल अछि।

विविध

अर्नब चक्रवात : बिहाड़िक ठाम आ गति कोना पता लगाओल जाइत अछि?

बंगालक खाड़ी सं उठल अर्नब चक्रवातक गति बढ़ि रहल अछि। बुधदिन ई आंध्र प्रदेशक तट सं टकरायल। एहि बीच कतेको राज्य मे भारी बरखाक रेड अलर्ट सेहो जारी कयल गेल अछि। आंध्र प्रदेशक कतेको हिस्सा मे तेज हवा चलबाक कारणे नोकसान होयबाक खबरि सेहो आयल अछि। आब सवाल उठैत अछि जे समुद्र मे सैकड़ो किलोमीटर दूर घूमि रहल चक्रवातक ठाम, गति आ अयबाक समयक जानकारी पहिनहि कोना दए देल जाइत अछि।

तूफानक शुरूआती निगरानी अंतरिक्ष सं होइत अछि। भारत लग आईएनएसएटी-3डी आ आईएनएसएटी-3डीआर जेकां अपन मौसिम उपग्रह अछि। उपग्रह सं भेटय बला आंकड़ा तखन सब सं बेसी उपयोगी होइत अछि, जखन चक्रवात बनबाक शुरूआती अवस्था मे रहैत अछि। ई उपग्रह लगातार बादल सभक तस्वीर पठबैत अछि। एहि तस्वीर सभ सं पता चलैत अछि जे बादल सभक समूह कतय घुमय शुरू केने अछि आ कतेक तेजी सं विकसित भए रहल अछि।

समुद्र मे हवा गति नापबाक लेल सभ जगह मशीन नहि लागल रहैत अछि। एहि लेल बादल सभक बनावट देखि चक्रवातक तीव्रताक अनुमान लगाओल जाइत अछि। एहि काज लेल ड्वोरेक तकनीकक उपयोग होइत अछि। एहि तकनीकक विकास वर्नन ड्वोरेक सैटेलाइट तस्वीर सभ मे बादलक आकार आ बनावट कें बुझि कए कयने छलाह।

सहज भाषा मे बुझल जाए तं एहि तकनीक मे चक्रवातक बादल सभ कें चारि बुनियादी श्रेणी मे बांटल जाइत अछि। घुमल पट्टी, शीयर, घना केंद्रीय बादल आ आंखि। तकर बाद प्रत्येक बनावट कें एकटा अंक अर्थात टी-नंबर देल जाइत अछि, जे चक्रवातक ताकत बतबैत अछि। टी-नंबर जतेक बेसी होइत अछि, चक्रवात ओतेक शक्तिशाली होइत अछि।

उत्तर हिंद महासागरक चक्रवात सभ पर भेल एकटा अध्ययनक अनुसार, एडवांस्ड ड्वोरेक तकनीक (एडीटी) तेज चक्रवात सभक तीव्रता निर्धारित करबा मे नीक परिणाम दैत अछि, मुदा कमजोर चक्रवात सभक तीव्रताक अनुमान किछु बेसी लगा सकैत अछि। एहि लेल आखरी निर्णय मात्र एकटा तकनीक पर निर्भर नहि रहैत अछि। कतेको तरीका सं भेटल अनुमान सभ कें मिला कए निर्णय लेल जाइत अछि। तमिलनाडुक थूथुकुडी मे चक्रवातक चेतावनी जारी भेलाक बाद माछ मारय बला नाव सभ एकटा माछ मारबाक बंदरगाह पर लंगर लगा कए ठाढ़ छल। तट लग पहुंचिते डॉप्लर वेदर रडार करैत अछि निगरानी तट लग पहुंचिते जमीन पर लागल डॉप्लर वेदर रडार (डीआरडब्ल्यू) निगरानीक काज सम्हारैत अछि। एहि रडार सभक मदति सं चक्रवातक रेडियल वेग, परावर्तन आ एतय धरि जे बरखाक तीव्रताक निगरानी सेहो कयल जा सकैत अछि।

विशाखापत्तनम लेल ई इतिहास खास अछि। देशक पहिल चक्रवात डिटेक्शन रडार 1970 मे विशाखापत्तनम मे लगाओल गेल छल। ओही तट पर आब अर्नब चक्रवातक तट सं टकरयबाक संभावित क्षेत्र अछि। भारत मौसिम विज्ञान विभाग (आईएमडी) केर 2014 मे आयल हुदहुद चक्रवात संबंधी रिपोर्ट बतबैत अछि जे जखन चक्रवातक प्रणाली डॉप्लर रडारक सीमा मे पहुंचल, तखन सैटेलाइटक संग रडार आ तटीय केंद्र सभक आंकड़ाक उपयोग सेहो कयल गेल।

की होइत अछि गठिया, कोना बुझब जे ई सामान्य दर्द अछि वा गठिया

गठिया (अर्थराइटिस)क शुरूआत सामान्यतः तेज दर्द वा चलबा-फिरबा मे बेसी परेशानी सं नहि होइत अछि। एकर शुरूआती लक्षण धीरे-धीरे सामने अबैत अछि आ लोक प्रायः एकरा बढ़ैत उम्र, बेसी काज करबाक वा व्यायामक बाद होमय बला दर्द बुझि कए अनदेखी कए दैत छथि। मुदा जं ई लक्षण बेर-बेर देखाइ पड़य, तं ई गठियाक संकेत भए सकैत अछि। समय रहैत एहि लक्षण सभ कें चिन्हबाक प्रयास करला सं बेमारी कें बढ़बा सं रोकबा आ रोजमर्राक काज सहजता सं करबा मे सहायता भेटि सकैत अछि। गठियाक शुरूआती किछु प्रमुख संकेत की अछि, एहि विषय मे डॉक्टर जानकारी देने छथि। डॉ. राजीव वर्मा (अध्यक्ष, मणिपाल इंस्टीट्यूट ऑफ बोन एंड जॉइंट्स, रोबोटिक सर्जरी आ स्पोर्ट्स इंजरी, मणिपाल हॉस्पिटल, द्वारका) बतबैत छथि जे भोर मे निन्न सं उठला पर जोड़ सभ मे अकड़न महसूस होयब आ ओकरा हिलयबा-डोलयबा मे परेशानी होयब गठियाक शुरूआती संकेत भए सकैत अछि।

कतेको बेर सामान्य स्थिति मे आबय लेल 30 मिनट सं एक घंटा धरि समय लागि सकैत अछि। राति भरि आराम करबाक दौरान जोड़ सभ मे सूजन बढ़ि जेबाक कारणे एहन भए सकैत अछि।

रोजमर्राक काज करैत समय दर्दः सीढ़ी चढ़बा, कोनो वस्तु पकड़बा वा नीचां झुकि कए सामान उठेबाक समय दर्द होयब सेहो गठियाक शुरूआती लक्षण भए सकैत अछि। शुरूआत मे आराम करला सं दर्द कम भए जाइत अछि, मुदा धीरे-धीरे ई दर्द काज बंद कयलाक बादो बनल रहि सकैत अछि।

जोड़ सभ मे सूजनः गठियाक कारण जोड़ सभ मे सूजन आबि सकैत अछि। प्रभावित हिस्सा फुलल देखाइ पड़ि सकैत अछि वा छूबला पर गरम महसूस भए सकैत अछि। जं कोनो स्पष्ट कारण बिना बेर-बेर सूजन होइत रहय, तं एकरा अनदेखी नहि करबाक चाही।

जोड़ मोड़य वा सीधा करय मे परेशानीः जं जोड़ सभ कें पहिने जकां सहजता सं मोड़ब वा सीधा करब कठिन होमय लागय, तं ई सेहो गठियाक संकेत भए सकैत अछि। हाथ ऊपर उठेबा, घुटना मोड़ि कए बैसबा वा घुटना पूरा तरहे सीधा करबा मे परेशानी होयब एकर किछु उदाहरण अछि। समय पर इलाज नहि भेटला पर ई परेशानी बढ़ि सकैत अछि।

गठिया प्रायः धीरे-धीरे बढ़ैत अछि। एहि लेल एकर शुरूआती लक्षण सभ कें चिन्हब आ अनदेखी नहि करब जरूरी अछि। जं ई लक्षण बेर-बेर देखाइ पड़य, तं डॉक्टर सं सलाह लेबाक चाही।

इसराइलक चुनाव समाजक गहींर मतभेद उजागर कयलक, अरब दल देखेलनि अपन दम

तेल अवीव, एजेंसी

लोकतंत्र शासनक सभ रूप मे सभ सं खराब रूप अछि, मुदा एकर अतिरिक्त जतबा शासन व्यवस्था आजमाओल जा चुकल अछि, ताहि सभ सं ई नीक अछि। विंस्टन चर्चिल 1947 मे ब्रिटेनक निचला सदन हाउस ऑफ कॉमन्स मे ई बात कहने छलाह। मंगलदिन राति इसराइलक चुनाव परिणाम आबय लागल, तखन चर्चिलक ई कथन मोन पड़ल। एक्जिट पोल आ मतगणनाक परिणाम ओहि आशा आ आशंका कें पूरा करैत अथवा तोड़ैत देखाइत छल, जकरा लए लोक मतदान कयने छल। किछु दृष्टिकोण सं ई चुनाव लोकतंत्रक उत्सव छल। रिकॉर्ड संख्या मे मतदाता अपन मताधिकारक प्रयोग कयलनि। एहि मे यहूदी आ अरब दुनू समुदायक लोक शामिल छलाह। कतेको लोक अपन मत देबाक लेल विदेश सं आबय मे हजारो डॉलर खर्च कयलनि। देशभरि मे मतदान केंद्र पर चुनाव कार्यकर्ताक उत्साह देखबा मे आयल। ओ सभ अंतिम समय धरि मतदाता कें अपना पक्ष मे अनबाक आ एक-एक वोट प्राप्त करबाक प्रयास करैत रहलाह। राष्ट्रपति इसहाक हर्जोग कहलनि जे ई चुनाव इसराइली समाज लेल गौरवक प्रतीक अछि।

> **किछु दृष्टिकोण सं ई चुनाव लोकतंत्रक उत्सव छल, रिकॉर्ड संख्या मे मतदाता अपन मताधिकारक प्रयोग कयलनि**

हुनकर कहब छलनि जे ई देखब उल्लेखनीय अछि जे इसराइल मे लोकतंत्रक इच्छा कतेक गहींर अछि। तइयो, एहि चुनाव सं मध्य-पूर्वक एहि स्थापित लोकतंत्र मे नव सरकार बनेबाक कोनो स्पष्ट बाट नहि निकलल। परिणाम अनिर्णायक रहल आ संसद मे कोनो गुट कें बहुमत नहि भेटल। किछु लोक कहि सकैत छथि जे ई कोनो नव बात नहि अछि। इसराइल मे कहियो एक दलक सरकार नहि रहल अछि। ओतय चुनावी व्यवस्था एहन अछि जे अलग-अलग दल कें मिलि गठबंधन सरकार बनेबाक पड़ैत अछि। तइयो, कतेको राजनीतिक विश्लेषक चेतौनी देलनि जे एहि चुनाव देशक भीतरक बुनियादी आ संभवतः बढ़ैत विभाजन कें उजागर कयलक अछि। मतदाता कोनो एक साझा मुद्दा अथवा उद्देश्यक पाछां एकजुट नहि देखेलाह। एहि मे किछु दरार पहिने सं छल। सरकारक शुरूआती वर्ष मे न्यायिक सुधार कें लए पैघ प्रदर्शन भेल छल, जाहि सं समाजक भीतरक मतभेद सोझां आयल। 7 अक्टूबर 2023 के घातक हमला के बाद ओकर जवाब कोना देल जाय, एहि पर सेहो मतभेद छल – बंधक बनाओल गेल लोक कें बचाओल जाय अथवा हमास कें नष्ट कयल जाय। तकर बाद गाजा युद्ध मे बड़का संख्या मे इसराइली रिजर्व सैनिक मारल गेलाह। एहन स्थिति मे अति-रूढ़िवादी यहूदी युवा कें सेना मे भर्ती होयबा सं देल गेल छूट पर विवाद आरो गहींर भए गेल।

मुदा की एहि चुनाव इसराइली समाजक गहींर दरार कें आरो स्पष्ट कय देलक?

धार्मिक आ धर्मनिरपेक्ष लोकक बीच तनाव अछि। ई विभाजन मात्र आस्थाक नहि, बल्कि सामाजिक जीवनक सेहो अछि। की सरकार कें धार्मिक शिक्षाक लेल आर्थिक सहायता देबाक चाही? की किछु माता-पिता कें इसराइलक रक्षा लेल अपन बेटा-बेटी कें बलिदान करबाक चाही, जखन कि दोसर लोक एहि दायित्व सं मुक्त रहैत छथि? अति-रूढ़िवादी यहूदी आब देशक आबादीक लगभग 15 प्रतिशत छथि। हुनकर सोच तेल अवीवक आधुनिक आ उच्च-प्रौद्योगिकी क्षेत्र मे रहनिहार लोक सं बहुत अलग अछि। राजनीतिक दिशा लए सेहो मतभेद स्पष्ट अछि। बिन्यामिन नेतन्याहूक लिकुड पार्टी कें भारी नोकसान भेल अछि, मुदा ओ इसराइली संसदक सभ सं पैघ दल बनबाक बाट पर अछि। नेतन्याहू पर भ्रष्टाचारक आरोप अछि, जाहि सं ओ इनकार करैत छथि। हुनका पर 7 अक्टूबरक हमला सं पहिने देशक रक्षा करबा मे विफल रहबाक आरोप सेहो लगैत रहल अछि। एहि विफलताक जांच करबाक मांग उठैत रहल, मुदा नेतन्याहू एहि लेल तैयार नहि छथि। लगभग 10 प्रतिशत मतदाता यहूदी वर्चस्ववादी धुर-दक्षिणपंथी दलक समर्थन कयलनि। एहि मे वित्तमंत्री बेजलेल स्मोट्रिच सन नेता शामिल छथि, जे परिणाम घोषित होइत कालो गाजा मे यहूदी बस्ती बसयबाक वचन दैत रहलाह। इसराइलक कुल आबादी मे अरब समुदाय लगभग 20 प्रतिशत अछि। हुनकर प्रतिनिधित्व करयबला अरब दल सभ सेहो उल्लेखनीय सफलता हासिल कयलक। अनुमान अछि जे एहि दल सभ कें लगभग 15 प्रतिशत वोट भेटल। एहि आधार पर संसद मे हुनकर सीट बढ़ि सकैत अछि। दोसर दिस, विपक्षी गुट मे गादी आइजेनकोटक नेतृत्व मे मध्यमार्गी, वामपंथी आ दक्षिणपंथी दलक नेता शामिल छलाह। मुदा ओ सभ ओहि बदलाव कें आनय मे सफल नहि भेलाह, जकरा बहुतो लोक देशक भविष्य लेल अत्यंत आवश्यक मानैत छलाह। एहि विविध विचार आ राजनीतिक हित कें एक सरकारक रूप मे एकजुट करब आब इसराइलक राजनीति सभक लेल सभ सं पैघ चुनौती अछि।

मुदा की इसराइलक लोक एहन बदलाव लेल तैयार छथि?

नेतन्याहूक समर्थक टिप्पणीकार अमित सेगल कहलनि जे अरब इसराइली मतदाताक बढ़ल मतदान दर दुनू पक्षक यहूदी कें ई मोन पाड़लक जे वर्षो धरि विभाजित रहबाक बाद आब हुनका सभ कें एक संग बैसय सीखय पड़ि सकैत अछि। खतरा ई अछि जे ई चुनाव इसराइल कें नव दिशा देबाक बदला एकटा प्रश्न कें आरो गहींर कक्ष देत—आखिर ओ कोन साझा सूत्र अछि, जे देशक नागरिक कें एकजुट रखैत अछि? एतेक अलग-अलग समुदाय आ विचारधारा बला समाज कें एक राजनीतिक इकाई बनौने रखबाक आधार की अछि? दुनियां भरि मे बढ़ैत निरंकुश सरकार सभ बहुत पहिने सं लोकतांत्रिक व्यवस्थाक आलोचना करैत रहल अछि। हुनकर तर्क अछि जे लोकतंत्र प्रायः कमजोर आ अस्थिर सरकार उत्पन्न करैत अछि। एहन सरकार नाजुक गठबंधन पर टिकल रहैत अछि आ लोकक अपेक्षा पूरा करबा मे संघर्ष करैत अछि। राष्ट्रपति हर्जोग गठबंधन वार्ता शुरू होयबाक पहिने एहि खतरा दिस संकेत कयलनि। ओ कहलनि जे हमरा सभ कें हरसंभव प्रयास करबाक चाही जे देश कें फेर एक बेर चुनावक सामना नहि करय पड़य।

मोबाइल दीवार पर पटकि दियौ गिरफ्तारीक डर खत्म भए जायत!

नई दिल्ली, एजेंसी

देशक मुख्य न्यायाधीश (सीजेआई) न्यायमूर्ति सूर्यकांतक अध्यक्षता बला पीठ बृहस्पतिदिन, 29 अक्टूबर कें डिजिटल गिरफ्तारी ठगी मामिला पर स्वतः संज्ञान लैत सुनवाइ कयलक। एहि दौरान सीजेआई सूर्यकांत लोकसभक सहजहि ठगक झांसा मे आबि जायब पर सवाल उठौलनि। ओ कहलनि जे लोक एतेक बुनियादी बातो किएक नहि बुझैत छथि जे मोबाइल फोनक माध्यम सं केओ गिरफ्तार नहि कयल जा सकैत अछि। सीजेआई कहलनि जे लोकतांत्रिक देश मे अहां कोन तरहक लोक छी, जे ई सोचैत छी जे मोबाइलक माध्यम सं अहांक गिरफ्तारी भए सकैत अछि? सुनवाइ करयबला पीठ मे सीजेआई सूर्यकांतक अतिरिक्त न्यायमूर्ति जयमाल्य बागची आ न्यायमूर्ति वी. मोहना सेहो शामिल छलथि। सुनवाईक दौरान न्याय मित्र (एमिकस क्यूरी) अदालत कें जानकारी देलनि जे एहि तरहक ठगी रोकबाक लेल बहुत रास प्रयास कयल गेल अछि, मुदा डिजिटल गिरफ्तारी ठगीक समस्या एखनो बनल अछि। पुलिस सेहो एहि बात कें स्वीकार कयने अछि। न्याय मित्र कहलनि जे हम राज्य पुलिस सं एहि तरहक ठगीक वर्तमान स्थिति आ ओकरा रोकबाक लेल देल गेल सुझावक रिपोर्ट मंगने छी। जानकारीक अनुसार, पिछला सप्ताहो एहन ठगीक घटना सभ भेल अछि। एहि पर सीजेआई आश्चर्य व्यक्त करैत कहलनि जे लोक एहि बात कें बुझि किएक नहि पाबि रहल छथि। पीड़ित सभक संग आखिर समस्या की अछि? की ओ सामान्य लोक नहि छथि? जखन कि समाचार माध्यम सभ मे लगातार एहि ठगीक विषय मे जानकारी देल जा रहल अछि, तखन लोक एकर शिकार कोना बनि रहल छथि?

मोबाइल पर कोनो व्यक्तिक गिरफ्तारी भए सकैत अछि?

सुनवाईक दौरान न्याय मित्र अदालत कें बतौलनि जे पिछला सप्ताह ठगीक एकटा घटना मे एक महिला 2.5 करोड़ रुपैया गमा देलनि। एहि पर सीजेआई फेर सवाल उठौलनि जे ई सभ पढ़ल-लिखल लोक छथि, तखन गिरफ्तारीक डर देखाओल गेलापर ओ एतेक भयभीत किएक भए जाइत छथि? मुख्य न्यायाधीश कहलनि जे की ओ एतेको बुनियादी

बुनियादी बातो नहि बुझैत छथि लोक, आखिर किएक भड़कलाह सीजेआई सूर्यकांत

बात नहि बुझि सकैत छथि? मोबाइल पर गिरफ्तारीक डर कोन बातक? मोबाइल फोन कें दीवार पर पटकि दी, गिरफ्तारीक डर खत्म भए जायत! ओ आगू कहलनि जे लोकक संग जरूर किछु समस्या अछि। भगवान जानथि जे एहन कोन बात अछि, जाहि कारण पढ़ल-लिखल लोक सेहो ठगक झांसा मे आबि जाइत छथि।

सीजेआई कहलनि जे अहां लोकतांत्रिक देश मे रहैत छी, तैयो अहां कें लगैत अछि जे मोबाइल पर अहांक गिरफ्तारी भए सकैत अछि? अहां कोन तरहक लोक छी? डिजिटल गिरफ्तारी ठगी मे साइबर अपराधी प्रायः पुलिस, जांच एजेंसी अथवा अन्य सरकारी अधिकारी बनि फोन वा वीडियो कॉल करैत छथि। ओ पीड़ित कें गिरफ्तारीक डर देखबैत छथि आ मामिला रफा-दफा करबाक नाम पर रुपैया ठगैत छथि। एहि तरहक ठगी सं बचबाक लेल लोक कें ई बुझनाइ आवश्यक अछि जे फोन अथवा वीडियो कॉल पर गिरफ्तारीक धमकी दैत रुपैया मंगनिहार लोक ठग भए सकैत अछि।

हम छी असली राष्ट्रपति... ब्राजीलक चुनाव हारल बोल्सोनारोक घोषणा

ब्रासीलिया, समदिया

ब्राजील मे हालहि भेल राष्ट्रपति चुनावक बाद राजनीतिक हंगामा थमबाक नाम नहि लए रहल अछि। चुनाव जीतिकय लुइज इनासियो लूला डॉ. सिल्वा चारिम बेर देशक सत्ता सम्हारि लेलनि, मुदा विरोधी पक्ष परिणाम स्वीकार करबा लेल तैयार नहि अछि। लूला सं करारी हारक बाद दक्षिणपंथी नेता फ्लावियो बोल्सोनारो अमेरिका चलि गेलाह। आब ओतय सं बयान जारी कए अपना आप कें ब्राजीलक असली राष्ट्रपति बता रहल छथि। बुधदिन जारी एकटा विस्तृत बयान मे सीनेटर फ्लावियो देश छोड़ि भागबाक आरोप कें खारिज कयलनि। ओ कहलनि जे राजनीतिक प्रताड़ना सं बचबाक लेल ब्राजील सं बाहर अयलाह। एहि सं पहिने ओ लूलापर चुनाव मे व्यापक धांधली करयबाक आरोप लगा चुकल छथि। हुनकर कहब अछि जे ओ अमेरिका मे रहिते ब्राजीलक विपक्षक नेतृत्व करताह।

हम देश छोड़ि भागल नहि छी

सोशल मीडिया पर जारी बयान मे फ्लावियो कहलनि जे हम ई स्पष्ट करय चाहैत छी जे हम ब्राजील सं भागल नहि छी, बल्कि ब्राजीलक भलाई लेल बाहर आयल छी। ओ संकेत देलनि जे जं ब्राजील मे रहितथि तं हुनका राजनीतिक प्रतिशोधक सामना करय पड़ैत आ तानाशाही सरकार हुनका प्रताड़ित करैत। फ्लावियो 25 अक्टूबरक चुनाव मे धांधलीक आरोप लगबैत कहलनि जे पहिल आ दोसर चरणक मतदानक बीच लूला कें 1 करोड़ सं बेसी वोट भेटब असंभव अछि। उल्लेखनीय अछि जे पहिल चरणक मतगणना मे लूला पाछां पड़ैत देखाइत छलाह, मुदा आखरी परिणाम मे ओ जीत हासिल कयलनि।

केकर भरोसे देखा रहल छथि हिम्मत?

केकर समर्थन सं बढ़ल हिम्मत?

वामपंथी नेता लूला अमेरिकी राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंपक कट्टर विरोधी मानल जाइत छथि। एहन स्थिति मे बोल्सोनारो परिवार कें अमेरिकाक स्पष्ट समर्थन भेटबाक चर्चा अछि। ट्रंपक निकट मानल जायवला फ्लावियो अपन हालिया बयान मे ट्रंप आ अर्जेंटिनाक राष्ट्रपति जाविएर मिलेई कें समर्थन लेल धन्यवाद देलनि। ओ अमेरिका कें अपन परिवार लेल सभ सं सुरक्षित स्थान सेहो बतौलनि। एकर पहिने 45 वर्षीय फ्लावियो मंगलदिन पत्नी आ दू बेटीक संग पहिने अर्जेंटिना गेलाह, तकर बाद इक्वाडोर पहुंचला। ओतय सं ओ अमेरिकाक मियामी शहर गेलाह। बोल्सोनारो एहि वर्ष मई मे सेहो व्हाइट हाउस गेल छलाह। एहि घटनाक्रम मे एकटा महत्वपूर्ण बात ई अछि जे ट्रंप प्रशासन एहि सप्ताह फ्लावियो आ हुनकर परिवार कें अमेरिकी वीजा देबाक मंजूरी देने छल। फ्लावियोक पिता जायर बोल्सोनारो सेहो 2022क राष्ट्रपति चुनाव मे लूला सं हारलाक बाद फ्लोरिडा चलि गेल छलाह।

यूक्रेन युद्ध : रेलवे स्टेशन पर ठाढ़ दू गोट ट्रेन पर ड्रोन हमला, रूसी आक्रमण मे 13 लोकक मृत्यु

कीव, एजेंसी

रूस आ यूक्रेनक बीच युद्ध लगातार जारी अछि। बृहस्पतिदिन रूसी ड्रोन डेनिप्रो मे एकटा रेलवे स्टेशन पर ठाढ़ दू गोट ट्रेन पर हमला कयलक। एहि आक्रमण मे 13 लोकक मृत्यु भए गेल, जखन कि कतेको लोक गंभीर रूप सं घायल छथि। यूक्रेनक राष्ट्रपति वोलोदिमिर जेलेंस्की एहि हमलाक पुष्टि करैत रूसक निंदा कयलनि। ओ यूरोपीय सहयोगी सभ सं मॉस्को पर आरो कड़ा आ नव प्रतिबंध लगयबाक अपील कयलनि। सोशल मीडिया एक्स पर घटना संबंधी जानकारी दैत जेलेंस्की कहलनि जे एहि हमला सं तनाव घटबाक बदला आरो बढ़ि गेल अछि। ओ लिखलनि जे डेनिप्रो रेलवे स्टेशन पर रूसक दिस सं भयावह हमला कयल गेल। एहि मे 13 लोकक मृत्यु भए गेल, जखन कि 10 लोक घायल छथि। जेलेंस्की रूस पर तेल आपूर्ति संबंधी प्रतिबंध मे देल गेल छूट कें लए अमेरिकी राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंप

परो परोक्ष निशाना साधलनि। ओ कहलनि जे रूस पर तेल आपूर्ति संबंधी प्रतिबंध हटेलाक बाद ओ लगातार हमला कए रहल अछि। रूस एखन धरि तनाव कम करबाक लेल कोनो कदम नहि उठौने अछि। जेलेंस्कीक कहब छलनि जे रूसक बढ़ैत आक्रामकताक जवाब देबाक लेल अमेरिका आ यूरोप कें निर्णायक कदम उठेबाक चाही। जाबत रूस युद्ध जारी रखत, ताबत मॉस्को आ ओकर युद्धतंत्र पर लगाओल गेल प्रतिबंध मे कोनो छूट नहि देबाक चाही। उल्लेखनीय अछि जे अमेरिकी राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंप रूस पर लगाओल गेल प्रतिबंध मे किछु समय लेल छूट देने छलाह। वैश्विक स्तर पर डीजल ईंधनक मूल्य घटयबाक उद्देश्य सं ट्रंप रूसक राष्ट्रपति व्लादिमीर पुतिनक संग समझौता कयने छलाह। एहि व्यवस्था मे रूस कें अमेरिका आ कतेको दोसर देश कें डीजल आपूर्ति करबाक सुविधा देल गेल। यूक्रेन एहि निर्णयक कड़ा विरोध कयने छल, मुदा ट्रंप अपन निर्णय पर कायम रहलाह। रूस अमेरिकाक लेल डीजल पठौने सेहो अछि।

> **यूक्रेनक राष्ट्रपति वोलोदिमिर जेलेंस्की एहि हमलाक पुष्टि करैत रूसक निंदा कयलनि**

रूस पर आरो कड़ा प्रतिबंध लगाओल जाय : जेलेंस्की

यूक्रेनक राष्ट्रपति जेलेंस्की एक बेर फेर यूरोपीय आ अमेरिकी सहयोगी सभ सं रूस पर प्रतिबंध बढ़यबाक अपील कयलनि। ओ कहलनि जे आब समय आबि गेल अछि जे यूरोपीय संघ आ जी-7 रूस पर आरो नव आ कड़ा प्रतिबंध लागू करय। जेलेंस्की लगातार यूरोप आ अमेरिका सं यूक्रेनक सहायता करबाक मांग करैत रहल छथि। युद्धक शुरूआती समय मे यूरोपीय देश आ अमेरिका कीव कें सहायता देने छल। मुदा ट्रंपक सत्ता मे अयलाक बाद अमेरिकी नीति मे बदलाव देखल गेल। ट्रंप प्रशासन यूक्रेन युद्ध कें व्यापारिक अवसरक रूप मे देखय लागल आ यूक्रेन पर होमयवला खर्चक भार नाटो सदस्य देश पर देबाक प्रयास कयलक। यूरोपीय देश सेहो अमेरिकाक रुखक संग देखाइत रहलाह। ओ सभ बैंक मे जमा रूसी संपत्तिक उपयोग कए यूक्रेन कें सहायता देब शुरू कयलनि। मुदा एकर बाद ट्रंप ईरान मे युद्ध शुरू कए एकटा नव संकट उत्पन्न कए देलनि, जाहि सं अंतरराष्ट्रीय परिस्थिति आरो जटिल भए गेल अछि।

इंडिया गठबंधन मे शामिल भए सकैत अछि सीजेपी, कार्यकर्ता सं मंगलक प्रतिक्रिया

नई दिल्ली, एजेंसी

कॉकरोच जनता पार्टी (सीजेपी) इंडिया गठबंधनक 1 नवंबर कें होमयबला रैली कें समर्थन देने अछि। सीजेपी नेता आशुतोष रांका कहलनि जे पार्टी समर्थक रामलीला मैदान मे होमयबला रैली मे शामिल भए सकैत छथि। पार्टी इंडिया गठबंधन मे शामिल होयबाक संकेत सेहो देने अछि आ एहि संबंध मे कार्यकर्ता सं प्रतिक्रिया मंगने अछि। दोसर दिस, राहुल गांधी बृहस्पतिदिन छात्र संगठन सभ सं 1 नवंबरक दिल्ली चलो मार्च मे शामिल होयबाक अपील कयलनि।

ओ एक्स पर वीडियो जारी कए कहलनि जे पुलिसक लाठीचार्ज सं डरेबाक आवश्यकता नहि अछि। रैलीक तैयारी कें लए कांग्रेस अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खरगेक आवास पर इंडिया गठबंधनक बैसार भेल, जाहि मे प्रियंका गांधी सहित गठबंधनक कतेको नेता शामिल भेलाह। इंडिया गठबंधन आ सीजेपी दुनू एसआइआर आ मतदाता सूची सं नाम काटबाक विरोध कए रहल अछि। दुनू पक्ष मुख्य निर्वाचन आयुक्त ज्ञानेश कुमारक इस्तीफाक मांग सेहो कए रहल अछि। राहुल गांधी कहलनि जे ई कोनो एक राजनीतिक दलक मार्च नहि, बल्कि देशक आत्मा, संविधान आ राष्ट्रक रक्षा लेल अभियान अछि। लोकतंत्र बचेबाक, वोट चोरी रोकबाक आ संविधानक रक्षा करबाक लेल लोक सभ सं मार्च मे शामिल होयबाक अपील कयलनि। एहि बीच, विपक्षी गठबंधन शुक्रदिन ज्ञानेश कुमारक विरुद्ध दिल्ली मे जनता महाभियोग कार्यक्रम करत। दोसर स्थान पर अनुमति नहि भेटलाक बाद आब ई कार्यक्रम अपराह्न 3:30 बजे 10 राजाजी मार्ग पर होयत। एहि मे राहुल गांधी सहित विपक्षी नेता शामिल होयत। ई कार्यक्रम 1 नवंबरक रामलीला मैदानक रैली सं पहिने आयोजित होयत। जनता महाभियोग मे संवैधानिक पद पर बैसल व्यक्तिक कार्यप्रणाली पर सवाल उठबैत सार्वजनिक विरोध कयल जाइत अछि आ इस्तीफाक मांग कए दबाव बनाओल जाइत अछि।

1 नवंबरक रैली कें समर्थन

आयरलैंडक लेग स्पिनर बेन व्हाइट 28 वर्षक उमेर मे लेलनि संन्यास

आयरलैंडक लेग स्पिनर बेन व्हाइट 28 वर्षक उम्र मे पेशेवर क्रिकेट सं संन्यास लेबाक घोषणा केने छथि। क्रिकेटके अलविदा कहबाक बाद ओ सॉफ्टवेयर विकास कंपनी पर्सोनियो मे नव जिम्मेदारी संभालने छथि। ओ एहि कंपनी मे यूके आ आयरलैंड क्षेत्र लेल बिजनेस डेवलपमेंट प्रतिनिधिक रूप मे काज करताह। व्हाइट जुलाई, 2021 मे अंतरराष्ट्रीय क्रिकेट मे पदार्पण केने छलाह। ओ आयरलैंड लेल तीनू प्रारूप मे कुल 43 अंतरराष्ट्रीय मोकाबला खेललनि। हुनकर आखरी अंतरराष्ट्रीय मैच पिछला साल दिसंबर मे छल। हुनका आयरलैंड टीम मे बहुत दिन तक कलाईक स्पिनरक कमी पूरा करय बला खेलाड़ी के रूप मे देखल जा रहल छल। व्हाइट 38 टी-20 अंतरराष्ट्रीय मोकाबला मे 36 विकेट लेलनि। ओ 2021, 2024 आ 2026 के टी-20 विश्व कप लेल आयरलैंड टीमक हिस्सा रहलाह। हालांकि, एहि तीनू टूनार्मेंट मे हुनका कुल तीन मैच खेलेबाक मौका भेटलनि। लंबा प्रारूप मे हुनका सीमित अवसर भेटलनि। ओ 2023 मे दू एकदिवसीय अंतरराष्ट्रीय आ तीन टेस्ट मैच खेललनि।

बांग्लादेश के विरुद्ध टेस्ट पदार्पण पर ओ तीन विकेट लेलनि। हालांकि, श्रीलंका के विरुद्ध लगातार दू टेस्ट मैच मे आयरलैंडके पारी सं हारक सामना करय पड़ल आ व्हाइट एहि मोकाबला सभ मे कुल 322 रन दए मात्र एक विकेट लेलनि। प्रथम श्रेणीक क्रिकेटक पहिने कोनो अनुभव नहि रहबाक कारण लंबा प्रारूप मे हुनका चुनौतीक सामना करय पड़ल।

व्हाइट लिंक्डइन पर अपन संन्यासक घोषणा करैत लिखलनि, एकटा शानदार सफरक बाद हमरा ई साझा करैत खुशी भए रहल अछि जे हम पेशेवर क्रिकेट सं संन्यास लैत छी आ अपन जीवनक नव अध्यायक शुरूआत कए रहल छी। हम पर्सोनियो मे यूके आ आयरलैंड क्षेत्र लेल बिजनेस डेवलपमेंट प्रतिनिधिक रूप मे नव जिम्मेदारी संभालने छी।

ओ आगू लिखलनि जे आयरलैंडक प्रतिनिधित्व करब, तीनू प्रारूप मे खेलब आ तीन आईसीसी विश्व कप मे हिस्सा लेब हुनका लेल गर्वक बात रहत। ओ क्रिकेट आयरलैंडक आभार व्यक्त करैत कहलनि जे देश लेल खेलबाक अवसर हुनकर बचपनक सपना पूरा होयबाक जेकां छल। क्रिकेट हुनका यादगार पल, सीख आ जीवन भरि निभय बला दोस्ती देलक। आयरलैंडक मुख्य कोच गैरी विल्सन सेहो व्हाइटक योगदानक प्रशंसा कएलनि। ओ कहलनि जे व्हाइटके हुनकर टी-20 क्रिकेट लेल विशेष रूप सं याद कएल जायत। गेंद मे उछाल पैदा करबाक आ तेज गति सं गेंदबाजी करबाक हुनकर क्षमता बल्लेबाज सभक लेल चुनौतीपूर्ण छल। विल्सनक अनुसार, तीन टी-20 विश्व कप टीम मे जगह बनायब एहि बातक प्रमाण अछि जे आयरलैंड क्रिकेट मे हुनका कतेक सम्मान प्राप्त छल।

जोश इंग्लिस बनलाह तीनू फॉर्मेट मे एक सं बेसी शतक लगाबय बला पहिल ऑस्ट्रेलियाई

ऑस्ट्रेलियाई विकेटकीपर-बल्लेबाज जोश इंग्लिस बृहस्पति दिन न्यूलैंड्स मे दक्षिण अफ्रीका के विरुद्ध तेसर टेस्ट मैचक पहिल पारी मे 102 रन बनौलनि। एहि संगहि इंग्लिस अंतरराष्ट्रीय क्रिकेटक तीनू फॉर्मेट मे एक सं बेसी शतक लगाबय बला पहिल ऑस्ट्रेलियाई बनि गेलाह। करीब एक साल बाद टेस्ट मैचक प्लेइंग इलेवन मे वापसी करय बला इंग्लिस पहिल पारी मे 132 गेंद पर शतक पूरा कएलनि। हुनकर एहि पारी मे 2 छक्का आ 11 चौका शामिल छल। ई जोश इंग्लिसक दोसर टेस्ट शतक छल। एहि सं पहिने ओ जनवरी 2025 मे श्रीलंका के विरुद्ध अपन पहिल टेस्ट शतक लगौने छलाह। ई शतक ओ टेस्ट फॉर्मेटक डेब्यू पारी मे लगौने छलाह।

ऑस्ट्रेलियाक मात्र तीन खेलाड़ी टी-20 अंतरराष्ट्रीय क्रिकेट मे एक सं बेसी शतक लगौने छथि। इंग्लिसक अतिरिक्त ग्लेन मैक्सवेल (5) आ आरोन फिंच (2) के नाम सेहो एक सं बेसी टी-20 अंतरराष्ट्रीय शतक दर्ज अछि, मुदा एहि सभ मे सं केओ दोसर फॉर्मेट मे एक सं बेसी शतक नहि लगौने छथि। मैक्सवेल अपन वनडे करियर मे चारि शतक लगौने छथि, मुदा टेस्ट मे हुनकर नाम मात्र एक शतक अछि। ओतहि, फिंचक नाम 17 वनडे शतक अछि, मुदा ओ कोनो टेस्ट शतक नहि लगौने छथि।

इंग्लिस सीरीजक निर्णायक टेस्ट लेल प्लेइंग इलेवन मे वापसी कएलनि। एहि सं पहिने ओ 2025क एशेज सीरीज मे अपन पिछला टेस्ट मैच खेलले छलाह। दक्षिण अफ्रीका के विरुद्ध पिछला वनडे सीरीजक दौरान हुनकर अंगुरी मे फ्रैक्चर भए गेल छल, जाहि सं ओ स्वस्थ भए रहल छलाह। टॉस हारि बल्लेबाजी करय उतरली दक्षिण अफ्रीकी टीम पहिल पारी मे 329 रन बनौलक। एहि दौरान एडेन मार्करम (78), मार्कस एकरमैन (95), डेविड बेडिंगहम (50) आ मार्को जानसेन (50) अर्धशतक लगौलनि। विपक्षी टीम दिस सं मिचेल स्टार्क 72 रन दए सब सं बेसी 6 विकेट लेलनि। एकर जवाब मे ऑस्ट्रेलिया 117 ओवरक खेल धरि 8 विकेट पर 411 रन बना लेने अछि। टीम 185 रनक स्कोर तक अपन 4 विकेट गमा देने छल। तकर बाद जोश इंग्लिस, एलेक्स कैरीक संग पांचम विकेट लेल 185 रनक साझेदारी कए टीमके 350 रनक पार पहुंचा देलनि।

न्यूजीलैंड कें लागल पैघ झटका, टी-20 सीरीजक बचेल दू मैच सं बाहर भेलाह लॉकी फर्ग्यूसन

न्यूजीलैंड क्रिकेट टीमके पैघ झटका लागल अछि। टीमक स्टार तेज गेंदबाज लॉकी फर्ग्यूसन चोटक कारण भारतक विरुद्ध खेलल जा रहल टी-20 सीरीजक बचेल दू मैच सं बाहर भए गेलाह। दोसर टी-20 मैचक दौरान फर्ग्यूसनके अपन दहिना पिंडली मे दर्द महसूस भेल छल। एकर बाद स्कैन सं पता चलल जे ओतय हल्का टियर (मांसपेशी मे खिंचाव वा चोट) अछि। हुनका मैदान पर वापसी करय लेल स्वस्थ होय मे करीब एक सप्ताह आओर लागि सकैत अछि। फर्ग्यूसनक जगह पर मैट फिशरके न्यूजीलैंडक टी-20 स्क्वॉड मे शामिल कएल गेल अछि। दोसर टी-20 मैचक दौरान मैट हेनरीक दहिना जांघ (क्वाड्रिसेप) मे दर्द भेल छल, जाहिके बाद हुनकर जांच कएल गेल। स्कैन सं पता चलल अछि जे हुनका हल्का टियर (मांसपेशी मे हल्का खिंचाव) अछि। एहि चोट सं स्वस्थ होय मे एक सं दू सप्ताह तक समय लागि सकैत अछि। न्यूजीलैंडक मुख्य कोच रॉब वाल्टर कहलनि, हम लॉकी आ मैट हेनरीक चोट सं बहुत दुखी छी। चोट अंतरराष्ट्रीय क्रिकेटक एकटा हिस्सा अछि, मुदा जखन अहांके मैच छोड़य पड़ैत अछि, तखन ई स्थिति कत्तहु आसान नहि होइत अछि। ओ कहलनि, मैटक लेल नीक बात ई अछि जे गर्मीक व्यस्त कार्यक्रमके देखैत ओ पहिनहि सं बचेबला टी-20 मैच सभ सं बाहर रहय बला छलाह। हमरा सभके उम्मीद अछि जे ओ वनडे मैच सभ मे महत्वपूर्ण भूमिका निभौताह। हमरा पता अछि जे लॉकी फर्ग्यूसन काल्हि ईडन पार्क मे दर्शक सभ सं खचाखच भरल स्टेडियमक सोझां खेलबाक लेल बहुत उत्साहित छलाह, मुदा ओ वनडे मोकाबला सभ मे वापसी करबाक लेल पूरा प्रतिबद्ध छथि। पांच मैचक टी-20 सीरीज मे भारतीय टीम पहिनहि 3-0 के अजेय बढ़त हासिल कए लेने अछि। तेसर टी-20 मैच मे टीम इंडिया शानदार प्रदर्शन करैत न्यूजीलैंडके 6 विकेट सं हरा देने छल। पहिने बल्लेबाजी करैत न्यूजीलैंड 20 ओवर मे 3 विकेट पर 198 रन बनौने छल। हालांकि, भारतीय टीम वैभव सूर्यवंशी आ अभिषेक शर्माक तूफानी पारीक दम पर लक्ष्य मात्र 13.2 ओवर मे 4 विकेट गमा हासिल कए लेलक। वैभव 19 गेंद मे 45 रन बनौलनि, जखनकि अभिषेक मात्र 38 गेंद मे 113 रनक विस्फोटक पारी खेललनि।

जोकोविच बेसल ओपन मे जीतक संग कएलनि शुरूआत, एटीपी फाइनल्स मे स्थान बनेबाक उम्मीद मजबूत



सर्बियाक स्टार टेनिस खेलाड़ी नोवाक जोकोविच बेसल ओपन मे खेलल गेल अपन पहिल मोकाबला मे फ्रांसक उगो हंबर्टके तीन सेट मे हरा एटीपी फाइनल्स लेल क्वालीफाई करबाक अपन उम्मीद मजबूत कएलनि। 39 वर्षीय जोकोविच पहिल सेट हारलाक बाद शानदार वापसी करैत 4-6, 6-3, 6-4 सं जीत दर्ज कएलनि। ओ 2011क बाद पहिल बेर बेसल मे खेलि रहल छथि। जोकोविच मोकाबलाक बाद कहलनि, ई बेहद करीबी आ शुरूआतहि सं बहुत चुनौतीपूर्ण मोकाबला छल। पहिल अंकहि सं हमरा दबावक सामना करय पड़ल। हमरा हुनकर आक्रामक खेलक सामना करबाक छल, मुदा दोसर सेट शुरू होइतहि हम अपन लय हासिल करय मे सफल रहलौं। ओ कहलनि, एकर बाद हुनकर खेलक गति संग तालमेल बइसेबा मे हमरा किछु सहजता महसूस भेल। कुल मिलाकए ई पैघ चुनौती छल। आइक कठिन मोकाबला मे हम समाधान ताकय मे सफल रहलौं।

रिकॉर्ड 19म बेर क्वालीफाई करबाक नजरि

जोकोविच एहि मासक शुरूआत मे बीजिंग मे चाइना ओपनक खिताब जीत एटीपी फाइनल्स मे रिकॉर्ड 19म बेर जगह बनेबाक अपन उम्मीद मजबूत केने छलाह। ई हुनकर करियरक 102म खिताब छल। हालांकि, एकर बाद हुनका शंघाई मास्टर्स मे शुरूआती दौर मे हारि बाहर होमय पड़ल। 24 ग्रैंड स्लैम खिताब जीत चुकल जोकोविच ट्यूरिन मे होमय बला सत्रक आखरी टूनार्मेंट लेल क्वालीफाई करबाक दौड़ मे 11म स्थान पर खिसकि गेल छलाह। एकर बाद ओ स्विट्जरलैंडक एहि प्रतियोगिता मे वाइल्ड कार्डक माध्यम सं प्रवेश कएलनि। जोकोविच सात बेर एटीपी फाइनल्सक खिताब जीत चुकल छथि, मुदा चोटक कारण पिछला दू संस्करण मे हिस्सा नहि लए सकल छलाह। एहि टूनार्मेंट मे 15 सं 22 नवंबर तक दुनिया के शीर्ष आठ खेलाड़ी हिस्सा लेताह। हालांकि, इटलीक यानिक सिनर घुटना मे समस्या के कारण पहिनहि टूनार्मेंट सं हटि गेल छथि। बेसल मे चारिम वरीयता प्राप्त जोकोविच अगिला दौर मे जर्मनीक यान-लेनार्ड स्ट्रफ सं भिड़ताह। स्ट्रफक विरुद्ध जोकोविचक जीत-हारक रिकॉर्ड 8-0 अछि।

हाइलो ओपनक प्री-क्वार्टर फाइनल मे पहुंचली सिंधु, अश्मिता बाहर

भारतक स्टार बैडमिंटन खेलाड़ी पीवी सिंधु हाइलो ओपन 2026 मे शानदार शुरूआत करैत संयुक्त अरब अमीरातक प्रकृति भरत कें लगातार दू गेम मे हराकए महिला एकल के प्री-क्वार्टर फाइनल मे प्रवेश कय लेलनि। ओतहि, भारतक अश्मिता चालिहा कें पहिल दौर मे हारिक सामना करय पड़लनि। दोसर वरीयता प्राप्त सिंधु राउंड ऑफ 32 कें मोकाबला मे भरत कें मात्र 28 मिनट मे 21-10, 21-10 सं हरा देलनि। आब हुनकर सामना फ्रांसक रोसी ओक्टाविया पंकसारी सं होयत। दू बेर ओलंपिक पदक जीत चुकल सिंधु फ्रेंच ओपन सुपर 750 टूनार्मेंट मे शानदार प्रदर्शन के बाद एहि प्रतियोगिता मे उतरल छथि। ओ फ्रेंच ओपन के फाइनल धरि पहुंचल रहथि, जतए हुनका विश्वक नंबर एक खेलाड़ी दक्षिण कोरियाक आन से यंगक हाथ हारि भेटल छलनि।

अश्मिता पहिल दौर मे हारलथि : दोसर दिस, महिला एकल मे भारतक अश्मिता चालिहाक यात्रा पहिल दौर मे समाप्त भए गेल। हुनका बुल्गारियाक कालोयाना नलबांतोवा 54 मिनट धरि चलल मोकाबला मे 18-21, 21-12, 21-8 सं हरा देलनि। अश्मिता पेरिस मे फ्रेंच ओपन दौरान नीक प्रदर्शन कए क्वार्टर फाइनल धरि पहुंचल रहथि। एहि दौरान ओ जापानक अकाने यामागुची कें हराकए प्रभावित कयने रहथि, मुदा हाइलो ओपन मे ओ अपन पिछला प्रदर्शन दोहरा नहि सकलथि।

धन्यवाद मिथिला
10 Lakh

आइ अपने लोकनिक प्रेम आ स्नेहक बल पर प्रतिदिन 'समदिया मिथिला'क डिजिटल संस्करण दस लाख पाठक धरि पहुंच रहल अछि।भारत आ नेपालक संगहि अपनेक ई दैनिक पत्र यूके, यूएसए, यूएई, सिंगापुर, मॉरिशस, श्रीलंका आदि देश मे रहि रहल मैथिली भाषी लोकनि प्रतिदिन एहि अखबारक बाट तकैत रहैत छथि आ बहुत चाव सं एहि अखबार कें पढ़ैत छथि।अपने लोकनिक एहि प्रेमक बल पर 'समदिया मिथिला' मिथिलाक एकमात्र लोकप्रिय दैनिक पत्र बनि गेल अछि। एकर हार्ड कॉपी सेहो संपूर्ण मिथिला मे देखिते-देखिते छुहुक्का उड़ि जाइत अछि।

हमरा सभकें आशा आ विश्वास अछि जे अपने लोकनिक प्रेम आ स्नेह अहिना बनल रहत आ 'समदिया मिथिला'क पाठकक संख्या मे उत्तरोत्तर वृद्धि होइत रहत।

आभार सहित
समदिया परिवार

वर्ष 17, अंक 50 **स्वत्वाधिकारी, प्रकाशक एवं संपादक राघवेंद्र** द्वारा 104 रामबली निवास, मदरसा पथ, पिलर नंबर 52, राजा बाजार, पटना 14 से प्रकाशित एवं **एसएच प्रिंटर्स**, रातु काठीटांड़, नीयर-टेंडर बगीचा, एचपी पेट्रोल पंप, पीओ+पीएस-रातु, रांची, 835222 से मुद्रित। **प्रधान संपादक :** राघवेंद्र*। **कार्यकारी संपादक :** अखिलेश, **संपादकीय प्रभारी :** सच्चिदानंद सच्चू, **राजनीतिक संपादक :** शैलेश तिवारी, **बिजनेस हेड:** पंकज मिश्रा, **संपर्क :** 7488117482 (* पीआरबी एक्ट के तहत खबरों के चयन के लिए जिम्मेवार) RNI NO- BIHMAI/2010/33053/2010/33053